

# Bay Kou Bliye, Pote Mak Sonje: Enjistis Klimatik an Ayiti ak Demann pou Reparasyon





# Otè yo

---

Global Justice Clinic (GJC, Klinik Jistis Mondyal an kreyòl) fè pati Center for Human Rights and Global Justice (Sant pou Dwa Moun ak Jistis Mondyal) nan NYU School of Law (Fakilte Dwa nan Inivèsite Nouyòk) epi li kolabore avèk Bernstein Institute for Human Rights (Enstiti Bernstein pou Dwa Moun) nan NYU. GJC travay ansanm avèk mouvman sosyal ak patnè kominotè pou anpeche, konteste, epi chèche reparasyon pou vyolasyon dwa moun ki soti nan enjistis ekonomik, klimatik, ak rasyal. GJC konteste sistèm ekonomik ki fè estraksyon epi relasyon pouvwa ki abizan. Li travay sou pwoblèm ki travèse fwontyè ki egzije kolaborasyon ki travèse fwontyè tou. Avèk yon apwòch ki chita sou dwa ak otonomizasyon jiridik, GJC travay an solidarite avèk moun ki pi sibi efè enjistis mondyal. Pou plis pase 10 lane, GJC ap pote kole avèk mouvman sosyal k ap fè rezistans kont endistri k ap fè estraksyon epi k ap mobilize pou pwoteje dwa pou gen tè ak dlo an Ayiti.

The Promise Institute for Human Rights (Enstiti Promise pou Dwa Moun) nan UCLA School of Law (Fakilte Dwa Inivèsite Los Angeles) se baz edikasyon, rechèch, ak pledwaye sou dwa moun nan UCLA epi nan tout rejyon an. Promise Institute la dinamize pwochenn jenerasyon avoka ak lidè k ap travay sou kesyon dwa moun, jenere nouvo lide sou dwa moun, epi angaje etidyan pou yo gen yon enpak pozitif konkrè sou lemonn. Atravè Race & Human Rights Reimagined Initiative (Inisyativ pou Reyimajine Ras ak Dwa Moun), soti nan 2019 rive nan 2024, Promise Institute la ap pran devan nan rechèch ak pledwaye ki chita nan kalfou jistis rasyal ak apwòch kritik sou dwa moun, ki gen ladan l kontèks migrasyon ak jistis klimatik. Promise Institute la te kore manda ansyen pwofesè de dwa nan UCLA E. Tendayi Achiume, ansyen Rapòtè Espesyal nan Nasyonzini sou rasis, diskriminasyon rasyal, zenofobi, ak lòt entolerans ki liye avèk fenomèn sa yo, soti nan 2017 rive nan 2022.

Lotè rapò sa a, sa ki soti nan GJC a ak sa ki soti nan Promise Institute la, abòde kesyon enjistis klimatik tankou avoka dwa moun k ap anpeche, konteste, epi chèche reparasyon pou vyolasyon dwa ki fè pati fondalnatal rasis sistemik, kapitalis abizan, ak enjistis anviwònmanal.

**Foto Kouvèti:** Plaj Piblik, Depatman Lwès, Ayiti. **Kredi Foto:** Ellie Happel.



# Contents

---

<b>Remèsiman</b>	<b>6</b>
<b>Avanpwopo</b>	<b>7</b>
<b>Rezime Egzekitif</b>	<b>9</b>
<b>Metodoloji</b>	<b>17</b>
<b>Entwodiksyon</b>	<b>23</b>
<b>Chapit I: Domaj Klima Aktyèl ak nan Lavni</b>	<b>28</b>
A. Enpak Dezòd Klimatik sou Dwa Moun	29
B. Dega Klima nou Antisipe	33
1. Evenman Metewolojik ki Grav ak Nivo Lanmè k ap Monte	33
2. Enpak sou Lasante	36
3. Manje ak Bèt	38
4. Sechrès ak Aksè pou Gen Dlo	40
C. Gwoup yo Mete sou Kote an Patikilye: Migran ak Fanm	42
1. Deplasman Fòse ak Migrasyon	42
2. Dwa Fanm Ansanm ak Egalite Sèks	46
D. Konklizyon	47
<b>Chapit II: Rasin Vilnerabilite Klimatik Ayiti a</b>	<b>60</b>
A. Kolonizasyon Ayiti: 1492-1803	62
B. Esklizyon Rasyal ak Apovrisman Aprè Endepandans: 1804-1915	63
C. Okipasyon Etazini ak Diktati Duvalier: 1915-1986	66
D. Newokolonyalis 20yèm Syèk La: 1986-2000	70
E. Kòmansman 21yèm Syèk la Ak Jounen Jodi A: Kriz ak Entèvansyon Etranje	71
F. Konklizyon	73
<b>Chapit III: Lite Kont Enjistis Klimatik</b>	<b>80</b>
A. Aksyon Gouvènman Ayisyen an ak Dezòd Klimatik	82
B. Kominote Ayisyen yo nan Premye Liy	87
1. Repons Kominotè ak Dezòd Klimatik	88
2. Pledwaye pou Chanjman Estriktirèl	92
3. Edikasyon Popilè	98
C. Konklizyon	99
<b>Chapit IV: Demann Reparasyon</b>	<b>108</b>
A. Reparasyon Se Yon Bagay ki Esansyèl pou Jistis Klimatik	110
1. Echèk Politik Klimatik Entènasyonal	110
2. Definisyon Reparasyon	114
3. Kisa Reparasyon pou Reponn ak Enjistis Klimatik Ta Kapab Enplike?	115
B. Jistifikasyon Jiridik pou Reparasyon pou Ayiti	119
1. Rasis se Youn nan Kòz Ayiti Vilnerab Anfas Dezòd Klimatik, ki se Yon Vyolasyon Dwa Entènasyonal	120
2. Ranson Ayiti Te Peye pou Endepandans Li Te Ilegal	122
3. Emisyon Demezire Vyole Dwa Entènasyonal	123
C. Chemen pou Vanse pi Devan	126
D. Konklizyon	127
<b>Òganizasyon Ayisyen Nou Te Konsilte</b>	<b>136</b>
<b>Glosè: Tèm Kle</b>	<b>140</b>

---

# Remèsiman

---

**Lotè Prensipal Rapò a:** Ellie Happel, Sienna Merope-Synge, S. Priya Morley.

**Lòte ki te Patisipe yo:** Sharma Aurelien, Larissa Daruge, Ryen Diaz, Elizabeth Donger, Jewel Drigo, Laura Figueroa, Ursa Heidinge, Isabel Hellman, Melissa Hendrickse, Milena Klimberg van Marrewijk, Annika Krafcik, Rachel Ryu, Laura Sabia, Alejandra Torres.

**Òganizasyon Nou te Konsilte:** Nou te konsilte plizyè òganizasyon ak mouvman sosyal an Ayiti k ap travay ansanm avèk kominote ki sou premye liy kriz klima a. Enfòmasyon sou chak òganizasyon disponib nan “Metodoloji” epi nan glosè “Òganizasyon Ayisyen nou te konsilte” nan konklizyon rapò sa a.

Plizyè defansè ak moun save an Ayiti te bay fidbak sou kontni rapò a tou. Nou remèsye Dr. Jean Vilmond Hilaire (ansyen Minis Anviwònman ki maton nan kesyon gouvènans anviwònman ak byodivèsite, militan pou anviwònman an, ak anseyan nan inivèsite); Bruno Mentor (direktè egzekitif, Fondation Macaya); Michèle Duvivier Pierre-Louis (prezidan Fondasyon Konesans ak Libète (FOKAL) ak pwofesè nan Universitè Quisqueya); ak Josué Vaval (profesè, kowòdinatè Fakiltè Syans Imèn (FASCH) nan Universitè d’État d’Haïti).

**Konsèy, Revizyon, ak Lòt Sipò:** E. Tendayi Achiume, Hansika Agrawal, Sharma Aurelien, Nixon Boumba, Milostène Castin, Saudi Garcia, Hannah Garry, Jessica Hsu, Arpitha Kodiveri, Kate Mackintosh, Natalie Monsanto, Samuel Nesner, Britta Redwood, Rebecca Riddell, Amaury Rodriguez, Margaret Satterthwaite.

**Moun ki te Verifye Sitasyon yo:** Helen Ahearne-Ray, Rachel Bryce, Chuma Bubu, Ryen Diaz, Bharath Gururagavendran, Isabel Hellman, Anagha Komaragiri, Annika Krafcik, Madison Perez, Sofie Rudin, Shreyashi Sharma, Alejandra Torres.

**Koreksyon Final:** Boomie Aglietti.

**Foto:** Ellie Happel, Jessica Hsu, Sasha Kramer, Adobe Stock.

**Konsepsyon ak Prezantasyon:** Andrew Brown, Raygun Design, UK.

**Tradiksyon an Kreyòl:** Respond Crisis Translation, Laura Wagner.

**Finansman:** 11th Hour Foundation, New York University School of Law, The Promise Institute for Human Rights at UCLA School of Law, True Costs Initiative, Unitarian Universalist Service Committee (UUSC).

# Avanpwopo

---



**Se pwofesè E. Tendayi Achiume ki ekri Avanpwopo a. Li se ansyen Rapòtè Espesyal Nasyonziini sou fòm rasis kontanporen, diskriminasyon rasyal kontanporen, zenofobi kontanporen ak entolerans kontanporen ki lye ak sa**

Jan rapò sa a montre l aklè, kriz ekolojik mondyal la se yon menas sou egzistans pou Ayiti, epi reparasyon se yon pati ki nesèsè nan jistis nan kesyon klima. Dezòd klimatik, jan Ayisyen yo byen rele chanjman klimatik, deja ap detwi rekòt, inonde kay, ogmante pwoblèm sante epi rann kominote Ayisyen yo plis pwobab pou evènman meteyowolojik ki ka lakòz dezafrepe yo. Enpak dezòd klimatik sou dwa moun se pa yon ipotèz; enpak yo gentan ap afekte yon seri dwa moun an Ayiti, sa gen ladann sa ki gen pou wè ak dwa ki kont diskriminasyon ak dwa pou moun yo trete moun egal ego; dwa pou gen lavi; dwa ki gen pou wè ak aviwonman an; epi plizyè dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl. Dezòd klimatik fòse anpil Ayisyen sove kite lakay yo ak peyi yo tou pou chèche refij lòt kote nan rejyon an kote yo fè fas ak lwa, politik ak pratik imigrasyon k ap diskrimine moun sou kesyon ras epi lwa, politik ak pratik sa yo zenofòb. Amezi dezòd klimatik ap vin pi mal, enpak negatif li yo sou Ayisyen ap vin pi grav. Ayisyen ap fè fas ak anpil mal ki makonnen ak dezòd klimatik la. Pandan rapò sa a ap souliyen mal sa yo, li bay yon kontribisyon ki enpòtan, rapò sa a mete Ayiti devan nan diskisyon entènasyonal sou kijan pou fè fas ak dezòd klimatik epi reponn ak enpak li yo.

Rapò sa a souline kriz ekolojik mondyal la se yon kriz jistis rasyal. Jan m te chita sou sa nan Nasyonziini, pandan manda m nan kòm Rapòtè Espesyal sou rasis, kèk pati nan Ayiti, menm jan ak pati nan lòt nasyon nan Karayib la ak lòt ti eta ki se zile k ap devlope, nou ka konsidere yo kòm “zòn sakrifis rasyal”, rejyon kote degradasyon anviwonman an rann yo danjere oubyen menm kote moun pa ka abite, pou moun yo mete sou kote pou kesyon ras. Rapò sa a eksplike yon fason ki enpòtan vilnerabilite Ayiti pou kounya nan kesyon dezòd klimatik kòm yon eritaj istwa l nan kesyon kolonizasyon, esklavaj ak diferan fòm eksplwatasyon sou baz ras ki pèsiste menm aprè Ayiti te pran endepandans li anba Lafrans. Pandan jewografi Ayiti a kontribye nan vilnerabilite klimatik grav li genyen an, li pa di tout istwa a. Depi lè kolonizasyon l, Ayiti sibi eksplwatasyon ekonomik, politik ak sosyal nan men peyi ak sistèm Global Nò yo, tout sa yo andikape kapasite l pou devlope, reponn ak dezòd klimatik epi pwoteje sitwayen l yo kont enpak klimatik.

Repons yo abitye bay kont dezòd klimatik yo souvan pa rive etabli lyen ant enjistis istorik ak kontanporen epi ant jistis rasyal ak klimatik jounen jodi a. Epoutan yon analiz sou koneksyon sa yo enpòtan epi fonde agiman jiridik, politik ak moral rapò sa a pou reparasyon, kote Ayiti se yon ka egzanplè. Apwòch jiridik entènasyonal (dwa moun) ki egziste yo pa sifi pou fè fas ak menas sou egzistans Ayiti ap fè fas la. Okontrè, sa Ayiti bezwen ansanm ak sa anpil Ayisyen ap egziye se reparasyon k ap transfòme estrikti opresyon ak sibòdinasyon nan orijin kriz klimatik la.

Sepandan, kontribisyon ki pi entèresan nan rapò sa a se petèt dokimantasyon l fè sou yon seri efò adaptasyon ak rezistans òganizasyon kominote Ayisyen yo devlope pou fè fas ak dezòd klimatik. Malgre apwòch lokal sa yo pa sifi poukont yo pou kanpe oubyen pou menm ralanti kriz klimatik la, se ekspètiz moun ak gwoup ki nan premye liy yo ki dwe fasonnen epi reponn apwòch mondyal yo. Rapò sa a se yon etap enpòtan nan plede pou jistis nan kesyon klima an Ayiti epi pral deklanche plis kolaborasyon, rechèch ak nan pousuit objektif sa a.





# Rezime Egzekitif

---

“

Anpil nan peyi ki responsab [pou kriz klimatik mondyal la] gen yon pase kolonyal. Epi peyi k ap souffri plis yo, se ansyen koloni yo ... Se yon fòm kolonizasyon k ap kontinye selon yon pèspektiv klimatik-yon kolonizasyon klimatik.”

Kettly Alexandre, Sektè Fanm, Mouvman Peyizan Papay<sup>1</sup>

“

Nou ap viv nan yon mond ki konsantre l sou eksplwatasyon resous, tè, moun - èske nou pa kapab imajine yon lòt mond? Èske nou kapab imajine yon mond kote moun ap viv byen youn ak lòt epi yo gen bon relasyon ak vwazen yo, kote nou montre solidarite youn pou lòt, kote nou mete byenveyans nan sant relasyon nou gen youn ak lòt epi ak tè a?

Sabine Lamour, sosyològ ak ansyen kowòdonatè òganizasyon feminis Solidarite Fanm Ayisyèn<sup>2</sup> - SOFA

## Kontèks

Ayiti se youn nan peyi dezòd klimatik plis fè mal,<sup>3</sup> malgre li sèlman kontribye yon ti kras ladann, epi benefisye ekonomikman yon ti kras nan aktivite ki kreye dezòd klimatik la. Vilnerabilite peyi a fas ak gwo lapli, sechrès, siklòn, ak lòt enpak klimatik se pa sèlman akòz kote li ye nan Karayib la, men tou, jan rapò sa a montre l, nan istwa eksplwatasyon li, ki soti nan kolonyalis ak esklavaj ansanm ak eksplwatasyon rasis k ap kontinye. Ayiti montre kijan kriz klimatik la se yon kriz enjistis rasyal. Li ijann pou nou abòde kriz sa yo ki konekte youn ak lòt.

## Dezòd Klimatik

Rapò sa a sèvi ak tèms “dezòd klimatik” olye de “chanjman klimatik.” Plizye militan ak òganizasyon Ayisyen yo rejte “chanjman klimatik” kòm deskripsyon pasif epi k ap bay manti sou chanjman nan anviwònman y ap viv yo. Yo pito “dezòd klimatik” kòm yon deskripsyon ki pi efikas sou enpak danjere ak nati irasyonèl, ak enprevizib pwoblèm nan.

Pa gen anpil rechèch ki disponib ki prezante ak analize enpak aktyèl ak pwojeksyon dezòd klimatik la sou dwa moun pèp Ayisyen an. Gen yon mank literati menm jan an ki montre kijan Ayisyen-- k ap fòse ajiste tèt yo nan yon kontèks dezòd klimatik ki kontinye ap ogmante jouk jounen jodi a-- adapte epi siviv. Rapò sa a gen pou objektif ranpli twou vid ki genyen yo epi konekte eksperyans Ayiti ak domaj klimatik grav jodi a ak istwa piyaj, eksklizyon, entèvansyon ak eksplwatasyon rasis li sibi anba men Peyi Endistriyalize yo. Dezòd klimatik ak enjistis klimatik se, omwen an pati, sentòm jodi a mechanste istorik yo. Rapò sa a ap avanse ka reparasyon Ayiti a epi l ap prezante kòm agiman reparasyon se yon bagay ki enpòtan pou abòde enjistis klimatik la.

## Objektif ak Apwòch Rapò a

Youn nan objektif enpòtan rapò sa a se bay enfòmasyon ak analiz sou eksperyans Ayisyen yo sou dezòd klimatik ansanm ak koz pwofon li yo, ki gen ladann vyolasyon dwa moun pèp Ayisyen an ak enpak mi wo mi ba sou peyizan<sup>4</sup> yo ansanm ak kominote pòv k ap viv nan bouk yo. Yon lòt objektif li genyen tou, se enfòm ak ranfòse agiman reparasyon pou Ayiti-epi pou, lòt Ti Zile, Eta An Devlopman yo.<sup>5</sup> Anplis de sa, rapò sa a mete aksan sou travay militan Ayisyen yo ki kreye mwayen pou altènativ pou jwenn gaypen epi òganize jistis klimatik nan kontèks dezòd klimatik la. Epitou, rapò sa a la pou enfòm ak angaje moun k ap chèche aji men nan menak pèp Ayisyen an espesyalman peyizan-- epi espere deklannche plis diskisyon, rechèch, ak aksyon pou jistis klimatik. Gwosè pwoblèm nan mande kolaborasyon atravè fwontyè, disiplin, idantite ak opinyon politik; kidonk, rapò sa a ap chèche rive sou yon piblik ki anpil.

Rapò sa a se fwi kolaborasyon ant avoka dwa moun ansanm ak militan ak òganizasyon Ayisyen yo. Klinik Jistis Mondyal (Global Justice Clinic, GJC) te travay men nan men ak aktè mouvman sosyal Ayisyen yo pandan plis pase dis (10) lane; se istwa kolaborasyon sa a ki te mennen GJC ak Promise Institute for Human Rights nan UCLA School of Law (the Promise Institute) pou mennen biwo rechèch ak analiz ki te sèvi kòm baz pou rechèch sa a. GJC ak Promise Institute te fè plizyè douzèn entèvyou epi diskisyon ak ti gwoup ak òganizasyon Ayisyen ki kontribye yo. Rapò sa a mete ansanm enfòmasyon ki disponib nan yon varyete sous ki gen rapò ak dezòd klimatik tankou: jiridik, politik, syantifik, istorik ak ekonomik. GJC ak Promise Institute te trase anba loup òf bous Apwòch Tyè Mond sou Lwa Entènasyonal ak Teyori Kritik sou Ras pou dekouvri fason kad jiridik ki egziste yo se eleman santral pou ras ak anpi yo.

# Apèsi Chapit Aprè Chapit

---



## Chapit I

Chapit I prezante gravite sitiyasyon Ayiti ap fè fas la. Li puize nan rechèch segondè ansanm ak entèvyou epi konvèsasyon ak militan ak òganizasyon Ayisyen yo, li rezime enpak aktyèl ak enpak dezòd klimatik yo prevwa ki pral genyen sou pèp Ayisyen an, espesyalman sou gwoup yo mete sou kote yo. Chapit I an prezante kèk nan fason kle pèp Ayisyen viv dezòd klimatik jou apre jou ak lane apre ane: move tan ekstrèm ak ogmantasyon nivo lanmè, konsekans negatif sou sante moun, domaj nan pwodiksyon agrikòl ak mwayen pou viv, ak sechrès epi mank aksè a dlo.

Chapit I an idantifye tou dwa moun dezòd klimatik la vyole, ki gen ladan dwa ki gen rapò ak lavi; egalite ak non-diskriminasyon; tè ak lojman; manje, dlo, ak anviwònman ansanm ak migrasyon. Li montre kijan inegalite kache ak vyolasyon dwa estriktirèl yo agrave eksperyans Ayisyen yo sou sa ki gen pou wè ak domaj klimatik epi li gen ladan yon analiz dwa moun, pandan y ap rekonèt limit lwa dwa moun nan abòde nan yon fason efikas enjistis klimatik la. Se aktè etranje - gouvènman, konpayi ak enstitisyon ki pa an Ayiti - ki te kapab diminye vyolasyon dwa moun an Ayiti nan fason ki pi enpòtan, sa ki gen ladan diminye emisyon gaz lakòz rechofman planèt la epi bay restitasyon ak reparasyon pou domaj ki te fèt nan tan pase yo. Menm lè eta Ayisyen gen devwa pou respekte, pwoteje, ak akonpli dwa pèp Ayisyen an, dezòd klimatik se yon pwoblèm transnasyonal yo dwe abòde sou yon echèl mondyal.

Chapit I an long; otè yo te kanpe nan bò ki chita sou enklizyon an, nou espere chapit sa a, an patikilye, ta ka sèvi kòm yon referans pou òganizasyon ak militan ki fè fas ak yon mank enfòmasyon ki disponib nan lang anglè sou enpak klimatik an Ayiti.



Estatu Jean-Jacques Dessalines devan Katedral Notre-Dame, Okap, Ayiti;

Kredi foto: Rotorhead 30A - [stock.adobe.com](https://www.stock.adobe.com)

## Chapit II

Chapit II a montre kijan yon istwa eksplwatasyon rasis etranje - kolonyalis, esklavaj, dèt, okipasyon, ak entèvansyon - te konstwi vilnerabilite klimatik Ayiti a. Chapit II a dokimante rasis pouvwa kolonyal ak neokolonyal yo te souvan itilize pou jistifye eksplwatasyon ekonomik ak dominasyon politik. Li fè yon rezime istorik sou lamizè Ayiti a, egzanp ranson endepandans Ayiti a (sa nou dekri anba a) epi mete aksan sou konsekans yo sou anviwònman peyi a, gouvènans, bidjè ak kapasite pou devlope sistèm yo (egzanp, sanitasyon, irigasyon, wout, swen sante) ak enfrastrikti kritik ki nesesè pou rezistans klimatik.

Ayiti se premye repiblik nwa nan mond lan e se sèl peyi nan mond lan kote popilasyon esklav la te ranvèse kolonizatè li yo. Lòt peyi yo te evite Ayiti sou plan politik epi te pini li sou plan ekonomik akòz fason li te mete kouraj li deyò pou rejte esklavaj. An 1825, Ayiti te dakò peye Lafrans yon ranson endepandans, pou dedomaje pèt materyèl Lafrans, ki gen ladan moun ki te nan esklavaj yo, an echanj pou yo rekonèt yo sou plan politik. Nan ane aprè a, gouvènman Ayisyen an te etabli Kòd Riral la, yon seri lwa opresif ki te gouvène peyizan - menm pou kontwole peyizan yo - se sa kit te kreye klas peyizan ki toujou la jodi a.<sup>6</sup> Ekonomis yo estime ranson endepandans lan te koute Ayiti jiska \$ 115 milya dola nan dola jodi a. Menm lè kolonyalis franse, esklavaj, ak ranson an se egzanp ki pi klè nan fason etranje yo dechèpiye ak eksplwate, Chapit II a eksplòre tou lòt pwosesis povrete: okipasyon Etazini nan kòmansman zoyèm syèk la; sipò gouvènman Etazini te bay diktatè kòwonpi yo; ekonomi ak politik neokolonyal nan fen zoyèm syèk la, ki gen ladan politik ajisteman estriktirèl devastatè; ak sik kriz ak entèvansyon k ap kontinye.



Machann nan Wout pou Ale Mache a, Dondon, Ayiti; Kredi foto: Marta - stock.adobe.com

## Chapit III

Chapit III vire sou nivo nasyonal la, kote li bay egzanp sou fason kominote Ayisyen yo ap lite epi ap siviv anba dezòd klimatik la, yo fè inovasyon lè leta a pa kapab reponn nan yon fason ki apwopriye. Chapit III kòmanse ak yon apèsi sou sa leta Ayisyen (pa) itil epi li prezante adaptasyon ak estrateji rezistans klimatik kominote lokal yo, ki gen ladan agroekoloji peyizan, ekonomi solidè, ak pwoteksyon ekosistèm yo. Epi tou, Chapit III mete aksan sou demann ekonomik ak politik ki enpòtan pou defye sistèm ki kontinye ap kenbe epi ki kapab agrave dezòd klimatik la. Demann sa yo gen ladan yo garanti dwa latè, ankouraje mwayen pou viv nan zòn rural Ayiti yo, epi reziste kont eksplwatasyon gwo min lò endistriyèl yo. Chapit la fini ak yon diskisyon sou edikasyon popilè antanke yon pratik enpòtan pou asire pwogrè enklizif.

Estrateji lokal yo esansyèl an Ayiti epi yo dwe nan sant jefò pou adaptasyon klimatik, menm jan pèp Ayisyen an dwe nan sant mouvman pou jistis klimatik ak pou reparasyon. Poutan, yo pa ka genyen laviktwa nan mouvman sa yo poukont yo; kòz prensipal ak echèl enjistis klimatik la mande aksyon transfòmatif entènasyonal.



Solèy ap leve, Foto Ayeryen Vil Okap; Kredi foto: Rotorhead 30A - [stock.adobe.com](https://stock.adobe.com)

## Chapit IV

Chapit IV fè konnen Ayiti se yon ka egzantplè pou reparasyon. Yo defini reparasyon kòm “aksyon oswa pwosesis pou korije yon mal.”<sup>7</sup> Ayisyen te mande reparasyon depi lontan pou esklavaj ak kolonizasyon, ki gen ladan restitasyon, ak konpansasyon nan men Lafrans pou ranson endepandans lan. Chapit sa a bay agiman reparasyon nesèsè pou jistis klimatik. Li mete aksan tou sou fason enpak enjis dezòd klimatik yo konekte fondamantalman epi ranfòse, demand ki egziste deja pou reparasyon pou kolonyalis, esklavaj, ak enjistis rasyal k ap kontinye.

Aprè li fin dekri defo negosyasyon klimatik entènasyonal yo, Chapit IV la prezante yon pwennvi “konstriktif” sou reparasyon yo,<sup>8</sup> epi avanse yon pwennvi laj sou sa jistis reparasyon yo ta ka enplike. Aprè sa, li esplike divès rezon legal ak moral pou reparasyon yo. Selon lwa entènasyonal, se fòt legal ki baz reparasyon yo. Gen omwen twa fòm fot legal k ap jwe an Ayiti jodi a: premye a, rasis istorik k ap kontinye ki te konstwi vilnerabilite klimatik Ayiti a, sa ki vyole entèdiksyon legal sou diskriminasyon rasyal; dezyèm nan, ranson endepandans lan - yon kokennchenn ilustrasyon sou fason eksplwatasyon etranje rasis fè Ayiti pòv epi fè li pi vilnerab a klima a, pandan y ap anrichi nan fason enjis ansyen eta kolonyal yo; epi, twazyèm nan, vyolasyon règ “prevansyon domaj” la anba lwa entènasyonal yo kote eta Peyi Endistriyalize yo koze yon kokennchenn degajman gaz lakòz rechofman planèt la. Twazyèm jistifikasyon sa a diferan parapò ak reklamasyon reparasyon an ki baze sou esklavaj ak kolonyalis, men, jan sa detaye nan Chapit II a, sa rete anrasinen nan istwa sa yo, etandone gwo degajman gaz yo soti nan akimilasyon inegalite richès kolonyal ak pòs-kolonyal yo.

Chapit IV la sijere yon repons rezonab a demann reparasyon yo pral mande non sèlman konpansasyon, men tou chanjman transfòmatif ekonomik ak politik. Nan fason kritik, yon ajanda reparasyon ta dwe fèt selon yon pwosesis patisipatif pèp Ayisyen an ap mennen.

# Sitasyon

---

- 1 “Racism Causes Climate Vulnerability in Haiti,” CENTER FOR HUMAN RIGHTS AND GLOBAL JUSTICE (July 6, 2022). [https://chrgj.org/wp-content/uploads/2022/07/Global-Justice-Clinic-Submission\\_Climate-Change-and-Racism\\_220620.pdf](https://chrgj.org/wp-content/uploads/2022/07/Global-Justice-Clinic-Submission_Climate-Change-and-Racism_220620.pdf).
- 2 Vizyon Ayiti Kanpe Min, MINING FREE HAITI (accessed Jan. 23, 2024). [ayitikanpemin.org/ayiti-kanpe-min](http://ayitikanpemin.org/ayiti-kanpe-min)
- 3 “Least Responsible, Hardest Hit: New UNFPA Brief Explores Climate Change’s Disproportionate Harm of People of African Descent,” UNITED NATIONS POPULATION FUND (Mar. 24, 2023). <https://esaro.unfpa.org/en/news/least-responsible-hardest-hit-new-unfpa-brief-explores-climate-changes-disproportionate-harm>.
- 4 Jan sa dekri pi lwen nan entwodiksyon rapò sa a, *peyizan* se yon tèm ki espesifik pou Ayiti, ki endike yon idantite kiltirèl ak politik. *Peyizan* pa byen tradui, men li adapte ak definisyon, yon moun ki angaje oswa ap chèche angaje poukont li, oswa an asosyasyon ak lòt moun oswa antanke manm yon kominote, nan pwodiksyon agrikòl ti-echèl pou sibzistans ak/oswa pou mache a, epi ki depann anpil, menm si se pa totalman, sou travay fanmi oswa fwaye ak lòt fason ki pa rantab pou òganize travay. Yon *peyizan* gen yon relasyon espesyal epi depann tè a akòz travay tè a. Gade Human Rights Council Res., UN Doc. A/39/12, (Sept. 28, 2018).
- 5 “About Small Island Developing States,” UN-OHRLS, (accessed Aug. 6, 2024). <https://www.un.org/ohrls/content/about-small-island-developing-states>.
- 6 Gade, pa egzanp JEAN CASIMIR, *THE HAITIANS: A DECOLONIAL HISTORY*, trans. Laurent Dubois (Chapel Hill: University of North Carolina Press, 2020), 171.
- 7 “What are Reparations,” MOVEMENT FOR BLACK LIVES. <https://m4bl.org/wp-content/uploads/2020/11/defining-reparations.pdf>.
- 8 Gade OLÚFÉMI O. TÁÍWÒ, *RECONSIDERING REPARATIONS* (Oxford: Oxford University Press, 2022).





# Metodoloji

---

## Apwòch Baze sou Patenarya

Desizyon pou ekri rapò sa a te soti nan anpil lane solidarite Klinik Jistis Global (Global Justice Clinic, GJC) ak kominote riral Ayisyen k ap kanpe kont eksplwatasyon min lò ansanm ak rekonesans pataje GJC ak Promise Institute for Human Rights (the Promise Institute) sou enjistis rasyal ki genyen nan dezòd klimatik. Kominote Ayisyen yo ak òganizasyon debaz ki akonpaye yo te kontinye remake chanjman nan agrikilti ak gaypen nan kominote a, yo kwè chanjman sa yo rive sitou akòz dezòd klimatik. Angajman GJC pou ankouraje endepandans kominote Ayisyen yo pou yo granmoun tèt yo, te bay enfòmasyon pou kesyon ak metòd rechèch rapò sa a. Travay jistis rasyal ak bous Promise Institute, atravè Race & Human Rights Reimagined Initiative, ranfòse rechèch la ansanm ak apwòch kritik sou dwa moun. GJC ansanm ak Promise Institute angaje yo pou yo konbat enjistis rasyal ak ekonomik mondyal epi kenbe aktè Mondyal Nò yo responsab pou sa epi pou yo rann kont.

## Rechèch Dokimantè ak Analiz Jiridik

GJC ak Promise Institute te fè rechèch nan lang anglè, kreyòl Ayisyen ak franse. Rapò sa a mete ansanm enfòmasyon ki disponib nan yon varyete domèn ki gen rapò ak dezòd klimatik, jistis klimatik ak reparasyon, ki gen ladan sous jiridik, politik, syantifik, istorik ak ekonomik. Chèchè yo te konte sou atik ki soti nan journal kòlèg yo te revize, liv, rapò Nasyonzini ansanm ak lòt rapò sou dwa moun, piblikasyon ekspè peyi a, atik nouvèl, ak lòt enfòmasyon ki enpòtan ki disponib piblikman. Epitou, GJC ak Promise Institute la te aplike bous Third World Approaches to International Law and Critical Race Theory.

## Temwayaj ak Metòd Ankèt

Enfòmasyon ki nan rapò sa a soti nan konvèsasyon ak echanj ekri ak aktivis ansanm ak òganizasyon Ayisyen ki te fèt ant 2020 ak 2024. GJC te fè entèvyou ak ti gwoup ansanm ak entèvyou endividyèl epi li te chèche kòmman alekri nan men patnè ak òganizasyon yo. Òganizasyon ak mouvman ki gen relasyon kolaborasyon ki tabli ant yo menm ak GJC ki depase limit rapò sa a, ansanm ak lòt òganizasyon k ap travay sou pwoblèm ki gen rapò ak jistik klimatik ak reparasyon an Ayiti. Opinyon ak pèspektiv òganizasyon Ayisyen yo nan kontèks opòtinite yo te enfòme moun k ap fè rapò sa a sou sa ki gen pou wè ak defans.

GJC te fè premye konvèsasyon yo ak òganizasyon patnè an Ayiti, pi fò nan yo fonksyone nan kominote rural yo. Òganizasyon sa yo travay ak kominote peyizan ak kominote dezòd klimatik afekte an premye yo, menm si yo ka pa itilize tèm “klima” pou pale sou chanjman nan klima a, agrikilti, ak gaypen y ap viv yo. Òganizasyon sa yo dokimante epi konbat abi kont dwa moun ki soti nan vòlè tè epi depi lontan k ap reziste kont endistri ekstraksyon, espesyalman eksplwatasyon min metal. Òganizasyon patnè an Ayiti te bay referans lòt òganizasyon ki angaje nan dwa peyizan ak jistis anviwònmanal.

Objektif prensipal entèvyou ak echanj ekri yo se te aprann kijan òganizasyon ak moun yo viv dezòd klimatik; pale sou dezòd klimatik, ki gen ladan fason yo konprann sa ki lakòz li yo; kòman y ap lite ak travay pou abòde enpak dezòd klimatik nan kominote yo; epi defini ak konprann jistis klimatik, ki gen ladan reparasyon yo.

Pi ba a, n ap jwenn lis òganizasyon yo te konsilte yo, oswa ki bay rapò sa a kontni atravè angajman sou defans. Genyen plis enfòmasyon ki disponib nan glosè sou òganizasyon Ayisyen yo nan konklizyon rapò sa a.

- Action pour la Reforestation et la Défense de l’Environnement (AREDE)
- Batay Ouvriye
- Centre de Formation pour l’Entraide et le Développement Communautaire (CEFEDDEC)
- Equal Health (Egalite nan Lasante)
- Fondation Connaissance et Liberté/ Fondasyon Konesans ak Libète (FOKAL)
- Groupe d’Action Francophone pour l’Environnement (GAFE)
- Groupe d’Appui aux Rapatriés et aux Réfugiés (GARR)
- Gwoup Konbit
- Commission Épiscopale Nationale Justice et Paix (CE-JILAP)
- Konbit Ekolojis Sid (KES)
- Kolektif Jistis Min (KJM)
- Ligue Alternative Justice (LAJ)
- Lite pou Demen Nou (LIDE-N)
- Mouvman Peyizan Akil di Nò (MPA)
- Sektè Fanm, Mouvman Peyizan Papay (MPP)
- Solidarite Fanm Ayisyèn (SOFA)
- Sosyete Kiltirèl Jèn Ayisyen (SOKIJA)
- Tèt Kole ti Peyizan Ayisyen (TK)
- Union des Jeunes pour le Développement Social en Mission (UJDS)

Rezo aktyèl yo bay ak ki òganizasyon nan GJC te angaje l nan preparasyon rapò sa a. Lis ki anwo a se pa yon resi konplè sou tout òganizasyon k ap travay sou pwoblèm enpòtan ki gen rapò ak jistis klimatik an Ayiti.

Anplis de sa, otè yo te pale ak ekspè jistis klimatik ki pa an Ayiti. Otè yo te patisipe tou nan konferans nasyonal ak rejyonal, fowòm ansanm ak reyinyon pou ranmase enfòmasyon jeneral sou jistis klimatik epi tande temwayaj kominote ki afekte yo.

## Pledwaye ak Edikasyon Popilè

Rechèch pou rapò sa a te vin rankontre ak opòtinite ki gen rapò pou defans dwa moun.<sup>2</sup> Pa egzanp, nan mwa jen 2022, GJC ak sèt (7) òganizasyon Ayisyen, yo tout te kontribye nan rapò sa a, te fè yon soumisyon bay Rapòtè Espesyal Nasyonziini sou rasis pou demontre kijan rasis fòm eksperyans Ayisyen nan dezòd klimatik mondyal la.<sup>3</sup> Soumisyon an genyen ladann anpil nan sitasyon ak deklarasyon ki parèt nan rapò sa a. Yon lòt bò, an jiyè 2022, Promise Institute ak Rapòtè Espesyal Nasyonziini nan moman sa a te fè konsiltasyon sou rasis ak ekspè akademik ak sosyete sivil la, ki gen ladan òganizasyon ki ede jwenn kontni rapò sa a, ki te pataje temwayaj oral ak ekri ki nan rapò espesyal Rapòtè a sou kriz ekolojik, jistis klimatik ak jistis rasyal, ki te prezante bay Asanble Jeneral Nasyonziini an otòn 2022.<sup>4</sup> GJC ak òganizasyon patnè yo te patisipe tou nan konsiltasyon pou enfòm Rapòtè Espesyal sou chanjman klimatik la sou rapò sou migrasyon klimatik la, ki te prezante rapò sa a nan Konsèy Dwa Moun Nasyonziini an ete 2023.<sup>5</sup>

Nan mwa mas 2023, Promise Institute te akeyi ekspè ki soti nan Nasyonziini, Inter-American Commission on Human Rights (IACHR), ak sosyete sivil ki soti nan Nò Amerik la, Amerik Santral ak Karayib la pou yon konvansyon sou "Etabli Priyorite Enstitisyonèl sou Reparasyon Klimatik ak Jistis Rasyal: Aprantisaj nan Mouvmman Sosyal."<sup>6</sup> Nan mwa desanm 2023, Promise Institute te soumèt ansanm epi nan non ansyen Rapòtè Espesyal Nasyonziini sou rasis la, bay Tribinal Entè-ameriken Dwa Moun (IACtHR) pou pwochen opinyon konsiltatif li sou ijans klimatik ak dwa moun, kote li te mande tribinal la pou konsidere kriz ekolojik mondyal la kòm yon kriz jistis rasyal.<sup>7</sup> GJC ak òganizasyon patnè yo te kontribye nan yon kominikasyon amicus nan menm opinyon konsiltatif IACtHR, ki te fokalize sou dwa migran Ayisyen yo ak devwa eta yo anvè moun ki nan mobilite akòz chanjman klimatik.<sup>8</sup> Pa gen twò lontan, nan mwa fevriye 2024, Promise Institute ak GJC te patisipe, ansanm ak plis pase 25 lòt òganizasyon, nan yon odyans tematik enpòtan sou migrasyon klimatik IACHR te fè.<sup>9</sup>

Anplis de bay enfòmasyon pou defans, GJC ak òganizasyon ki gen patenarya avè l yo te kreye materyèl otonomi jiridik ak materyèl edikasyon popilè pou pataje enfòmasyon sou enjistis klimatik. Patnè GJC Sosyete Kiltirèl Jen Ayisyen te kreye yon ti fim ki eksplike kòz pwofon dezòd klimatik la epi prezante konsèp la bay moun sechrès ak chanjman nan klima a afekte dirèkteman yo. Patnè GJC Action pour la Reforestation et la Défense de l'Environnement (AREDE) te pase yon mwa ap bay edikasyon popilè sou anviwònman ak otonomi jiridiksou dwa pou yon anviwònman ki an sante, epi ki chita an pati sou rechèch ki fèt pou rapò sa a.

## Revizyon

Gras ak sipò Sharma Aurelien, yon konsiltan ki baze an Ayiti, GJC ak Promise Institute te fè plizyè seyans revizyon ak kòmantè sou kontni rapò sa a. Anplis rechèch opinyon nan men patnè GJC yo, konsiltan an te fè apèl telefòn ak reyinyon an pèsòn ak yon kantite òganizasyon akademik, imanite ak anviwònman ak dwa moun an Ayiti. Konsiltan an te pataje objektif ak agiman rapò a ak yon rezime kontni li an Kreyòl Ayisyen.

Otè yo te pratike konsantman eklere. Tout moun yo te kontakte pou konvèsasyon yo te resevwa enfòmasyon sou travay GJC te fè ak objektif pledwaye pwojè a. Sitasyon nan rapò sa a fèt ak konsantman ak apwobasyon moun yo fè entèvyou avèk li(yo) a.

## Limit Rechèch ak Envestigasyon yo

Rapò sa a konsolide konesans òganizasyon yo kolekte ansanm ak enfòmasyon ki disponib piblikman sou syans klimatik, jistis klimatik ak reparasyon jan yo aplike an Ayiti. Li pa fèt nan entansyon pou yon rapò konplè sou enjistis klimatik nan peyi a, ni yon etid konplè sou mouvman jistis klimatik an Ayiti oswa demann pou reparasyon. Jistis klimatik la laj e li makonnen ak yon varyete pwoblèm jistis sosyal. Otè yo pa t soti pou pale ak tout, oswa menm pifò, gwoup k ap travay sou jistis klimatik ak pwoblèm anviwònman nan peyi a; de preferans, se relasyon GJC ki te gide yo. Rapò sa a ap chèche bay enfòmasyon pou yon konvèsasyon k ap kontinye epi montre nesosite pou plis rechèch pou konprann epi byen reponn a reyalyte dezòd klimatik an Ayiti, espesyalman pou moun ki pi yo mete apa yo.

Rechèch pou rapò sa a te limite akòz restriksyon yo te vin enpoze kòm konsekans pandemi COVID-19 la ak sitiasyon sekirite an Ayiti, ki te anpeche vwayaj otè yo. Anplis de sa, byenke rapò sa a baze sou entèvyou, sitasyon, ak temwayaj òganizasyon Ayisyen yo, li baze pou pi plis sou materyèl segondè ki egziste deja, ki pa kouvri tout eksperyans moun ap viv nan dezòd klimatik an Ayiti.

# Sitasyon

---

- 1 Jan yo pi byen dekri sa nan Entwodiksyon an, rapò sa a itilize tèm “dezòd klimatik” olye de “chanjman klimatik,” ki se yon deskripsyon pasif epi ki twonpe moun, aktivis ak òganizasyon Ayisyen yo genyen sou chanjman klimatik yo ap sibi yo.
- 2 Anplis de sa, nan novanm 2022, GJC te soumèt yon komunikasyon fòmèl bay Rapòtè Espesyal Nasyonzini an sou defansè dwa moun ki te prezante menas Milostène Castin, kòlèg GJC ak Kowòdonatè Action pour la Reforestation et la Défense de l'Environnement, te resevwa kont lavi l antanke yon rezilta aksyon aktivis li ak solidarite l ak peyizan yo *Gade Protect Human Rights Defenders and Peasants Facing Land Grabs*, CEN. FOR HUM. RTS. & GLOB. JUST., NYC LAW (Nov. 21, 2022), <https://chrgj.org/2022/11/21/protect-human-rights-defenders-and-peasants-facing-land-grabs-haitian-human-rights-defender-milostene-castin-submits-communication-to-un-special-rapporteur-on-human-rights-defenders/>.
- 3 GJC et al., *Racism Causes Climate Vulnerability in Haiti: Collaborative Submission to the UN Special Rapporteur on Contemporary Forms of Racism*, CEN. FOR HUM. RTS. & GLOB. JUST., NYU LAW (June 20, 2022), <https://drive.google.com/file/d/1k5qZTY5HMPkuopTSGOhHZPGUK3ZdNCIw/view>.
- 4 E. Tendayi Achiume (Rapòtè Espesyal sou fòm rasis kontanporen, diskriminasyon rasyal, ksenofobi ak entolerans ki gen rapò), *Ecological crisis, climate justice and racial justice*, UN Doc. A/77/549 (25 oktòb 2022).
- 5 Ian Fry (Rapòtè Espesyal sou pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun nan yon kontèks chanjman klimatik), *Providing legal options to protect the human rights of persons displaced across international borders due to climate change*, U.N. Doc. A/HRC/53/34 (18 avril 2023).
- 6 The Promise Institute, *Setting Institutional Priorities on Climate Reparations & Racial Justice: Learning from Social Movements*, UCLA LAW (Mar. 11, 2023), <https://promiseinstitute.law.ucla.edu/wp-content/uploads/2023/09/Setting-Institutional-Priorities-on-Climate-Reparations-and-Racial-Justice.pdf>.
- 7 Brief for E. Tendayi Achiume et al. as Amici Curiae Supporting Applicants, Request for an advisory opinion on the Climate Emergency and Human Rights submitted to the Inter-American Court of Human Rights by the Republic of Colombia and the Republic of Chile (2023), <https://promiseinstitute.law.ucla.edu/wp-content/uploads/2024/02/IACtHR-Climate-Emergency-Amicus-Brief.pdf>.
- 8 Brief for Coalition of Caribbean Civil Society Organisations et al. as Amici Curiae Supporting Applicants, Request for an advisory opinion on the Climate Emergency and Human Rights submitted to the Inter-American Court of Human Rights by the Republic of Colombia and the Republic of Chile (2023), [https://corteidh.or.cr/sitios/observaciones/OC-32/8\\_caribbean\\_civil.pdf](https://corteidh.or.cr/sitios/observaciones/OC-32/8_caribbean_civil.pdf).
- 9 Comisión Interamericana de Derechos Humanos, *14-Regional: Derechos humanos de personas en movilidad humana por efectos del cambio climático*, YouTube (Feb. 29, 2024), <https://www.youtube.com/watch?v=jsRZtk2rl0k>.



# Entwodiksyon

---

Yo souvan site non Ayiti kòm youn nan peyi dezòd klimatik pi touche epi ki pi vilnerab a dezòd klimatik,<sup>1</sup> malgre l prèske oubyen pa genyen okenn responsabilite nan kriz klimatik mondyal la. Ayisyen deja ap viv nan premye liy dezòd klimatik la epi ap fè fas ak efè devastatè sezon k ap chanje yo ansanm ak fenomèn meteyowolojik ekstrèm lakòz, sa gen ladann vag chalè, sechrès, inondasyon ak siklòn ki pi souvan epi ki pi fò.

## Dezòd Klimatik

Rapò sa a itilize tèm “dezòd klimatik” nan plas “chanjman klimatik.” Aktivis ak ògànizasyon Ayisyen yo kritike “chanjman klimatik” kòm yon deskripsyon ki pasif epi ki ka twonpe moun sou kesyon chanjman anviwonmantal y ap viv yo. Yo pito tèm “dezòd klimatik” pou dekri enpak negatif kriz klimatik genyen sou lavi an Ayiti. Rapò sa a adopte tèm “chanjman klimatik” lè l site oubyen refere l dirèkteman ak travay ki itilize tèm sa a.

Dezòd klimatik gen yon enpak demezire nan kèk kominote Ayisyen, tankou kiltivatè peyizan ki pèdi gaypen yo epi yo te oblije kite tè yo, sa ki alimante migrasyon pou ale nan zòn iben epi deyò peyi a. Sitiyasyon an Ayiti a se pi mal l ap vin pi mal sèlman amezi dezòd klimatik la ap vin pi grav.

## Peyizan

Peyizan, yo tradui yon fason ki pa pafè kòm “peasant, an anglè”, se yon tèm espesifik an Ayiti epi li reprezante yon idantite kiltirèl ak politik. Aprè revòlt moun yo te mete an esklavaj yo ki te vin kreye Ayiti, premye repiblik Nwa, majorite moun ki te apèn libere yo te vin peyizan. Yo pa t gen tè oubyen yo te posede ti lo tè. Istoriyen Jean Casimir detaye kijan klas peyizan an te emèje pa rapò ak ti oligachi ki t ap dirije a ki te kontwole tè yo epi monopolize pouvwa politik la. Peyizan yo te kreye yon estrikti sosyal ki te egziste deyò leta a.<sup>2</sup>

Vilnerabilite Ayiti fas ak dezòd klimatik yo se pa jis yon pwodui jewografi l, se rezilta enjistis tou ki fèt pandan syèk. Rapò sa a souliyen diferan aspè nan enjistis klimatik sa a ak fason youn konekte ak lòt. Chapit I an dekri prensipal domaj klimatik nan moman an sou Ayiti ak sa yo prevwa ki ka rive epi enpak yo genyen sou dwa moun pèp Ayisyen an genyen, patikilyèman sila yo plis mete sou kote. Li souliyen se vilnerabilite klimatik ki la anba anba ki lakòz li: enpak klimatik yo lakòz plis destriksyon an Ayiti pase nan peyi ki gen enfrastrikti ak enstitisyon gouvènmantral ki pi solid, epi ki gen ekonomi ki pi enklizif. Chapit II a mete vilnerabilite klimatik Ayiti a nan istwa l nan kesyon eksplwatasyon, kòmanse ak kolonizasyon. Eksplwatasyon sa a k ap kontinye a te fèt nan men pisans kolonyal yo, gouvènman Etazini an ak enterè antrepriz, enstitisyon finansye mondyal ak elit Ayisyen ki wè pwòp enterè yo sou do majorite a. Atravè istwa Ayiti, eksplwatasyon kolonyal ak newokolonyal sa a te degrade anvivonman an, yo te rann peyi a pòv epi te anpeche leta a gen kapasite pou konstwi rezistans nan kesyon klimatik oubyen adapte ak dezòd klimatik.

Malgre enkapasite sa a leta genyen an, jan nou diskite sa nan Chapit III a, kominote Ayisyen yo ap devlope pwòp estrateji yo pou fè fas ak enpak klimatik yo nan nivo lokal, pandan y ap egzije pou transfòmè estrikti politik, sosyal ak ekonomik ki chita kò yo, oubyen ki riske rann vilnerabilite Ayiti nan kesyon dezòd klimatik la vin pi mal. Estrateji lokal sa yo esansyèl, men yo pa ka ranplase aksyon entènasyonal la ki kapab transfòmè. Pandan nou rekonèt aspè mondyal enjistis klimatik Ayiti ap fè fas ak li a, Chapit IV la prezante demann ki ka plis transfòmè a: reparasyon.

“

**“Se twòp atò! Li lè pou n fè fas ak reyalite a pou evalye, montre volonte nou epi konsyan de mal nou fè ‘manman latè’ pou detèmine: kiyès ki koupab, epi kiyès ki plis koupab? Kiyès ki se viktim yo, epi kiyès ki plis viktim? Kiyès ki ta dwe peye, epi kiyès ki ta dwe plis peye pou mal yo fè?”**

– Commission Épisopale Nationale Justice et Paix (Komisyon Episkopal Nasyonal, Jistis ak Lapè, CE-JILAP)<sup>3</sup>



Sa fè lontan Ayisyen ap mande reparasyon pou esklavaj ak kolonyalis, sa gen ladann konpansasyon nan men Lafrans pou “ranson endepandans” la yo te fòse Ayiti pou l peye aprè li te fin genyen avèk siksè endepandans li atravè revòlt moun yo te mete nan esklavaj ak kaptif yo.<sup>4</sup> Epi tou, Ayisyen yo vin pi plis chak jou ap egzije reparasyon pou domaj yo sibi akòz dezòd klimatik ak pou inegalite ki se rasin kriz klimatik la. Chapit IV la souliyen varyete jistifikasyon jiridik ak moral pou reparasyon yo, pandan l souliyen lyen ki genyen ant eksplwatasyon kolonyal, enjistis rasyal ki pèsistan epi enjistis klimatik. Jan chapit la montre sa, vilnerabilite klimatik Ayiti a se yon rezilta enjistis rasyal ak eksplwatasyon ki te fasonnen istwa peyi a. Enpak dezòd klimatik yo ranfòse agiman ki te la deja pou reparasyon pou esklavaj, kolonyalis ak enjistis rasyal ki toujou la, epi kreye jistifikasyon ki otonòm pou reparasyon pou enjistis klimatik. Reyalite dezòd klimatik la fè tou, lit pou reparasyon yo pi nesèsè epi pi ijan. Chapit IV la montre aklè yon repons siyifikatif ak egzijans pou reparasyon yo ap mande non sèlman konpansasyon, men tou chanjman sosyal ki ka transfòme. Yo dwe konstwi yon pwogram reparasyon ki enklizif, kote se sosyete sivil Ayisyen an ak kominote ki plis sibi enpak dezòd klimatik yo ki gide l.

Se fòs mouvman ak estrateji lokal ak transnasyonal yo pou fè fas ak dezòd klimatik ak chèche jistis nan kesyon klima k ap fasonnen avni Ayiti. Rapò sa a se yon kontribisyon nan efò ki deja la: li prezante rechèch ki disponib nan kesyon klima sou Ayiti, dekri fason istwa Ayiti fasonnen vilnerabilite l nan kesyon klima, dokimante kèk nan estrateji sosyete sivil Ayisyen an itilize pou reponn ak dezòd klimatik yo epi kòmanse plede pou reparasyon. Li pa ni bay kontrandi definitif sou enjistis nan kesyon klima an Ayiti ni l pa bay yon chemen espesifik pou suiv. Men pito, rapò sa a gen entansyon pou l se yon katalizè pou ouvè nouvo espas pou diskisyon, kreye estrateji epi koneksyon pou simen nouvo rechèch ak pledwaye. Travay sa a potko janm ijan konsa akòz ti tan tou kout ki genyen pou anpeche domaj ki pi mal dezòd klimatik ka lakòz.

# Sitasyon

---

- 1 See DAVID ECKSTEIN, VERA KÜNZEL, LAURA SCHÄFER, GLOBAL CLIMATE RISK INDEX 2021, GERMANWATCH (2021); *Haiti*, ND-GAIN COUNTRY INDEX, UNIVERSITY OF NOTRE DAME, <https://gain-new.crc.nd.edu/country/haiti> (last visited Sept. 13, 2024); *Documents on the environmental and social standards of the Enhanced Resilience to Climate Change of the Trois-Rivières*, UNDP (June 11, 2023), <https://www.undp.org/fr/haiti/publications/documents-environmental-and-social-standards-enhanced-resilience-climate-change-trois-rivieres-watershed-haiti-through-integrated>.
- 2 See JEAN CASIMIR, *THE HAITIANS: A DECOLONIAL HISTORY* (2020) 102, 120, 126, 398; see also Franklin Midy, *Les paysans: 'tout moun se moun'*, RELATIONS (Feb. 2, 2011), <https://cjf.qc.ca/revue-relations/publication/article/les-paysans-tout-moun-se-moun>.
- 3 Ce-JILAP, Annex to Submission to the UN Special Rapporteur on contemporary forms of racism 6 (June 20, 2022), [https://chrgi.org/wp-content/uploads/2022/07/Combined-Annexes-\\_ENG-Final.pdf](https://chrgi.org/wp-content/uploads/2022/07/Combined-Annexes-_ENG-Final.pdf) (last visited July 15, 2024).
- 4 Jean Casimir fè remake majorite popilasyon yo te mete nan esklavaj nan Sendomeng te fèt sou kontinan afriken an epi aprè yo te viktim trafik pou vin sou zile a. Li rejte tèm “esklav” la, li prefere sa ki plis deskriptif la ki se “kaptif”. JEAN CASIMIR, *THE HAITIANS: A DECOLONIAL HISTORY* (2020) 19.



CHAPIT I:

# Domaj Klima Aktyèl ak nan Lavni

---



“

Nan tan lontan, lè sezon lapli a rive, moun yo te deja konnen lapli te pral tonbe, pou yo te ka plante rekòt yo san fè tèt cho. Kounye a, li plis pwobab pou w jwenn anpil solèy oswa twòp lapli, oswa yon siklòn ki detwi tout bagay ki genyen sou wout li .... Sitiyasyon an koz lapèt anpil teren agrikilti, tè a pa kapab pwodui menm kantite rekòt la, kidonk, moun yo gen mwens bagay pou manje, plis moun ap souffri grangou, plis moun ki bezwen dlo pou yo bwè. Anpil bèt mouri ak swaf, epi anpil bèt mouri grangou oswa yo mouri akòz chalè a.”

Kolektif Jistis Min (KJM)<sup>1</sup>

Chapit sa prezante kijan sitiyasyon Ayiti ap fè fas ak li a grav anpil. Li fè yon rezime sou bagay yo konnen pou kounye a ak enpak yo prevwa dezòd klimatik la pral genyen sou lavi ak byennèt pèp Ayisyen an, an patikilye gwoup yo mete apa yo<sup>2</sup> Li mete aksan sou fason vyolasyon dwa estriktirèl an Ayiti fè mal sou klima a. Anplis de sa, li idantifye kèk nan dwa moun enpòtan dezòd klimatik an Ayiti a afekte-ki gen ladann dwa a lavi, egalite, ak non diskriminasyon; tè ak lojman; manje; dlo pwòp, yon anviwònman moun kapab viv ladann, ak dwa sa ki gen pou wè ak migrasyon.<sup>3</sup> Sitiyasyon aktyèl la montre kijan inegalite anba chal la kreye frajilite klimatik la. Epitou, li montre kijan dezòd klimatik mondyal la afekte moun ak nasyon ki gen po nwa.<sup>4</sup>

## A. Enpak Dezòd Klimatik sou Dwa Moun

Rapò sa gen ladann analiz dwa moun pou montre dimansyon enpak dezòd klimatik la an Ayiti epi pou pi byen sèvi kòm zouti pou defans ak solidarite entènasyonal. Lwa sou dwa moun yo etabli kad ak obligasyon jiridik pou gide repons ki pi jis ak ekitab nan mal klima a koze. Li atire atansyon sou nati diskriminatwa dezòd klimatik la, sa ki afekte moun ki mwens kontribiye ak pwoblèm sa nan yon fason ki pa apwopriye.<sup>5</sup> Lwa sou dwa moun yo etabli yon pwoteksyon ki enpòtan pou endividi dezòd klimatik la afekte<sup>6</sup> epi li oblije eta ak lòt moun ki pote devwa yo pou yo respekte, pwoteje, ak akonpli tout dwa moun nan kontèks dezòd klimatik la. Obligasyon sa yo genyen ladan pou reglemante biznis ki anba jiridiksyon yo, kolabore sou yon baz entènasyonal ak lòt eta yo, epi asire yo tout repons yo bay pou dezòd klimatik la respekte dwa moun, ki gen ladann dwa pou patisipasyon ak enfòmasyon; ak non diskriminasyon ak egalite.<sup>7</sup> Lwa dwa moun te jwe yon wòl enpòtan nan litij klimatik la ki vize pou kenbe eta yo responsab pou klima yo sible yo.<sup>8</sup>

## Dwa Pwosedì Yo

Kominote an Ayiti yo ak mondyal yo dwe genyen aksè ak enfòmasyon, dwa pou patisipe, ak aksè a lajistis nan sa ki konsène anviwònman ak dezòd klimatik yo kontre, pou yo kapab pwoteje ak defann dwa moun yo nan yon pi gwo kad. Dwa pwosedì sa yo, yon poto mitan nan “demokrasi anviwònman an,” se yon eleman esansyèl nan dwa pou kapab viv nan yon anviwònman pwòp, an sante, ak dirab.<sup>9</sup>

Eta yo genyen pou devwa pou popilasyon yo an genyen aksè ak dwa pou enfòmasyon ak patisipasyon. UN Framework Convention on Climate Change (Konvansyon Nasyonzi ni nan Kad Chanjman Klimatik) oblije eta yo fasilite patisipasyon piblik la pou abòde dezòd klimatik epi ankouraje aksè a enfòmasyon sou dezòd klimatik la, tankou atravè kanpay sansibilizasyon piblik.<sup>10</sup> Plizyè Rapòtè Espesyal, tankou Rapòtè Espesyal aktyèl la sou libète opinyon ak ekspresyon, Rapòtè Espesyal aktyèl la sou chanjman klimatik la, ak ansyen Rapòtè Espesyal sou dwa moun ak anviwònman an, te mete aksan sou obligasyon leta ki sanble yo.<sup>11</sup>

Pou akonpli obligasyon sa yo, eta yo dwe konstwi kapasite piblik la pou konprann defi ak politik anviwònman yo; konprann enfòmasyon sou anviwònman an, enkli evalyasyon enpak anviwònman an; pou yo pran desizyon; epi, kote sa apwopriye, chèche solisyon pou vyolasyon dwa yo.<sup>12</sup> Moun yo mete apa yo dwe gen menm aksè ak enfòmasyon menmjan ak lòt moun sou zafè anviwònman ak patisipasyon pou yo pran desizyon sou anviwònman an.<sup>13</sup> Malgre obligasyon jiridik sa yo, twò souvan, eta yo echwe pou pwoteje defansè anviwònman yo ak aktivis dwa anviwònman yo, plizyè santèn aktivis yo touye pou mouvman aktivis yo chak lane.<sup>14</sup>

Nan dènye ane yo, eta yo te kolabore pou ranfòse dwa sa yo, jan Akò Escazú a montre sa, yon trete rejyonal ki legalman obligatwa nan Amerik Latin ak Karayib la Ayiti te siyen men li pa t dakò avè l.<sup>15</sup> Daprè Akò Escazú, a, kominote Ayisyen yo gen dwa pou yo viv nan yon kominote ki an sante, pou yo gen aksè ak enfòmasyon sou anviwònman an ak jistis nan zafè ki gen pou wè ak anviwònman an, pou yo patisipe nan yon fason ouvè ak enklizif nan pwosesis pou pran desizyon sou anviwònman an, ki gen ladann, pèmèt devlopman pwosesis ki ka gen yon gwo enpak sou anviwònman an.<sup>16</sup>

An menm tan, yo toujou kritike lwa entènasyonan yo pou wòl li jwe nan fasilite menm sistèm mondyal sibòdinasyon rasyal ak kolonyal nan rasin dezòd klimatik mondyal la.<sup>17</sup> Yo te kritike lwa entènasyonan dwa moun nan espesyalman paske li pa t byen leve defi a pou kanpe kont dezòd klimatik la. Poutèt lwa dwa moun etabli eta a se responsab prensipal obligasyon anvè pèp li an, sa vin yon gwo limitasyon pou itilize lwa dwa moun kont enjistis klimatik mondyal la.

Ayiti bay yon ilustrasyon ki klè sou limitasyon sa. Kontribisyon Leta Ayisyen an nan emisyon gaz ki lakòz efèsè nan mond lan neglijab; se gouvènman yo, konpayi yo, ak enstitisyon ki pa an Ayiti yo ki pi responsab pou vyolasyon dwa moun an Ayiti a dezòd klimatik la koze, epi, lè yo fè yon gwo rediksyon nan emisyon gaz ki lakòz efèsè yo, sa te kapab fè yon pi gwo diferans lè yo minimize vyolasyon sa yo. Akoz gwo mank pouvwa jeopolitik ak ekonomik li, leta Ayisyen an pa gen kapasite pou enfliyanse aktè entènasyonan sa yo oswa pou asire rezolisyon mondyal yo, pa egzanp, rezolisyon Konvansyon Kad Nasyonozini sou Chanjman Klimatik la ase solid pou pwoteje dwa pèp Ayisyen an.<sup>18</sup> Poutan lwa dwa moun bay yon kad limite pou enpoze devwa sou aktè ekstèn anvè pèp Ayisyen an. Leta Ayisyen an non sèlman pa kapab diminye emisyon gaz ki lakòz efèsè mondyal la, men li pa kapab ni anpeche, ni repare domaj klimatik emisyon gaz depase a koze. Gouvènman Ayiti a manke kapasite ak resous pou abòde ak adapte yo ak enpak klima a nan yon fason efikas. Jan nou wè sa nan Chapit II rapò sa a, eksplwatasyon pouvwa ekstèn ak Global North la te kreye feblès eta sa a.

Pou jan yo fonksyone jounen jodi a, rapò sa montre kad dwa moun poukont li pa sifi pou reponn nan yon fason ki jis a dezòd klimatik an Ayiti a. Olye de sa, pou jan plizyè ekspè, entèlektyèl, ak defansè te diskite sou sa, kò dwa moun ak pratikan yo dwe fè plis pou kondi dwa moun yo nan yon objektif pou yo kapab transfòme, pou pi devan yo kapab idantifye remèd nesèsè pou vyolasyon dwa ki gen pou wè ak klima a<sup>19</sup> epi, jan yo di sa nan Chapit IV la, pou yo dirije ka a pou reparasyon anba lwa entènasyonan dwa moun nan.<sup>20</sup>



## Diskriminasyon ak Egalite sou Ras

Kriz klimatik mondyal la se yon kriz jistis sou ras.<sup>21</sup> Dezòd klimatik la se rezilta emisyon gaz ki lakòz efèsè endistriyalizasyon an ak devlopman ekomik la koze, jan sistèm rasis esklavaj la ak kolonyalis la te eksplike l. Istorièl enjistis la kreye yon kokennchenn inegalite mondyal kontanporè ant eta Global North ak Global South yo.

Jounen jodi a, se plis moun po Nwa ki rete nan “zòn vilnerab ki baze sou ras” yo ki sibi efè dezòd klimatik la. Rejyon sa yo, ki vin danjere oswa moun pa menm ka rete ladan yo akòz degradasyon anviwònman an ak enpak klima yo, se plis nan rejyon Sid Mond lan(Global South) epi yo “gen ladann tè zansèt pèp endijèn yo, teritwa ti eta k ap devlope yo, katye ki fèt a koz segregasyon ras nan Nò Mond lan(Global North) ak teritwa ki anba okipasyon k ap fè fas ak sechrès ak devastasyon anviwònman an.”<sup>22</sup> Moun po nwa yo fè fas a domaj ki pa apwopriye anba dezòd klimatik la. Yo kapab eksperimante dezòd klimatik la nan yon fason ki diferan anpil pa rapò ak lòt gwoup. Pa egzanp, dezòd klimatik la ka koze vyolasyon dwa ki espesifik pou pèp endijèn nan, tankou degradasyon tè tradisyonèl yo, riske dwa a kilti ak libète pou pratike relijyon epi febli pataj konesans kiltirèl enpòtan.

Lwa entènasyonal sou dwa moun entèdi diskriminasyon, sa ki gen ladann diskriminasyon ki baze sou ras, epi li di tout moun egal selon lalwa epi yo gen dwa pou lalwa ba yo pwoteksyon egal san diskriminasyon.<sup>23</sup> Lwa sou dwa moun mande pou eta yo adrese non sèlman rasis la ak entolerans, men tou enpak danjere ki pa apwopriye, tankou fòm diskriminasyon endirèk ak estriktirèl.<sup>24</sup> Diskriminasyon endirèk vle di lwa, politik, oswa pratik ki sanble net, ki vin yon dezavantaj yon gwoup patikilye.<sup>25</sup> Diskriminasyon estriktirèl dekri inegalite sistemik ki fòse yon gwoup an patikilye nan yon pozisyon sosyal kote yo viktim diskriminasyon.<sup>26</sup> Eta yo gen obligasyon pou pwoteje, sispann ak bay yon solisyon kont diskriminasyon ras, tankou sa ki gen rapò ak enpak diskriminasyon ras nan dezòd klima a.<sup>27</sup> Yo dwe adopte yon apwòch entèseksyonèl (ki vle di yon relasyon ant kategori sosyal, tankou ras, sèks, klas sosyal) ki konte sou fason ras, sèks, ak lòt aspè nan idantitee kapab kominike epi pwodui diferan fòm diskriminasyon.<sup>28</sup>





Pon, Okap, Ayiti. Kredi foto: Sasha Kramer

## B. Dega Klima nou Antisipe

### 1. Evenman Metewolojik ki Grav ak Nivo Lanmè k ap Monte

Èvènman metewolojik ki grav<sup>29</sup> ak nivo lanmè a k ap monte<sup>30</sup> kapap lakòz plis moun k ap blese oswa ki pral mouri ann Ayiti.<sup>31</sup> Dlo k ap monte ta kapab mete anpil pati nan gwo vil anba dlo, anpil nan yo se tè ki bò lanmè,<sup>32</sup> epi li fè moun pa kapab viv sou ti zile ki nan kòt Ayiti yo.<sup>33</sup> Se kominote ki pi defavorize yo ki pi ekspoze: men kanta pou kominote ki pi rich yo, tankou Petyonvil ki se yon katye rich nan Pòtoprens, ki nan zòn ki pi wo yo, katye popilè (klas mwayèn oswa bidonvil), tankou Sitesolèy ki bò lanmè.<sup>34</sup>

Yo prevwa pou genyen plis inondasyon,<sup>35</sup> sa ki ap agrave yon pwoblèm ki deja egziste nan preske tout gwo wozo Ayiti yo.<sup>36</sup> Nan mwa Avril ak mwa Me 2024, inondasyon yo touye prèske disèt (17) moun epi li kraze prèske 5,000 kay.<sup>37</sup> Inondasyon yo afekte Pòtoprens ak Okap, sa ki te kraze anpil wout nan de (2) pi gwo vil an Ayiti yo.

Gen anpil chans pou siklòn yo fè plis dega<sup>38</sup> epi yo deja koze anpil dega an Ayiti. Siklòn Matye, pa egzanp, yon tanpèt Kategori 4 ki te frape sid Ayiti an 2016, te touye apeprè 500 a 900 moun, te deplase 175,000 plis, epi li te lakòz gwo domaj agrikòl ak ekonomik – pèt ak domaj ki te genyen ant 22 ak 32 pousan nan PIB peyi a.<sup>39</sup>

Èvènman metewolojik ki grav anpil yo ak lòt domaj klimatik ka gen gwo konsekans ekonomik. Pou reponn a dega ki gen rapò ak dezòd klimatik yo, sa kapab kraze bidjè gouvènman an, apwofondi dèt nasyonal la, epi desann nan nivo envestisman nan lòt domèn, ki gen ladann dwa debaz tankou edikasyon ak swen sante.<sup>40</sup> Yo te prevwa si yo pa t fè yon bagay a tan sou dezòd klima a, lè l rive nan lane 2050, sa te ka monte pri depans pou reparasyon domaj klimatik la koze a anviwon a 61.2 pousan nan PIB Ayiti te genyen nan lane 2004 la.<sup>41</sup>

“

**Biwo Pwoteksyon Sivil Ayisyen an anonse dezans la rive epi mande moun ki rete toupre rivyè ak lanmè pou yo deplase .... Kòm se nan mòn m ap viv, mwen pa t deplase. Se sèlman lè lapli t ap tonbe, lè gwo van t ap soufle epi nou tande twati kay la ap vole nou leve. Tòl ki te sou do kay la te dekolè, li tonbe nan yon lekòl toupre kay la e kay la t ap tranble. Nou te oblige kraze pòt pou nou te sove lavi nou. Nou te pèdi jaden fig ki te bò kay la ak bèt nou te genyen yo .... Otorite Leta yo pa t fè anyen pou yo ta ede nou.”**

**Marie Françoise Innocent, delege departmantal pou Solidarite Fanm Ayisyèn (SOFA) nan Grandans, k ap dekri siklòn Matye<sup>42</sup>**

Evènman klimatik ki grav yo fè plis dega an Ayiti pase lòt peyi nan Karayib la akòz pwèn fèb estriktirèl ki kache yo. Wout ki mal fèt, pa egzanp, limite kapasite kominote yo pou yo kouri pou dezans: sèlman 39 pousan Ayisyen yo ap nan viv yon kote ki nan yon distans de de (2) kilomèt de yon wout ki bon pandan tout sezon<sup>43</sup> ak kominote yo mete apa yo anpil fwa pa gen kote pou yo ale lè genyen inondasyon. Sistèm drenaj ki mal fèt kreye pwoblèm inondasyon an: nan zòn iben yo, an patikilye, kay ki mal konstwi yo ak mank enfrastruktirèl sanitè yo ki lakòz dlo egou ak fatra ki antre lakay moun pandan gwo lapli.<sup>44</sup> Pòtoprens se youn nan pi gwo vil nan mond lan ki pa gen yon sistèm egou santralize.<sup>45</sup> Rezidan ki pi pòv yo tou gen aksè limite a swen sante ki sove lavi lè katastwòf frape.

Se sèlman

**39%**

**Ayisyen ki rete nan yon distans de kilomèt oubyen mwens de yon wout ki pasab nan tout sezon**

“

**Lè lapli tonbe, pwoblèm nou yo vin pi mal. Fatra antre nan sous dlo moun itilize epi sal dlo a. Anplis de sa, moun yo pa gen aksè a dlo trete. Kòm pa gen sistèm dlo egou, lè gen gwo lapli oswa siklòn, rivyè yo plen epi dlo inonde tout zòn nan. Labou plen kay moun. Nan moman sa yo, moun yo oblige kouri kite lakay yo pou chècheabri lòt kote. Jodi a akòz ensekirite nan zòn nan, moun pa ka jwenn refij ankò nan lise kominal jan yo te konn fè a, yo oblige kouri andeyò komin nan.**

**Cinéa Exilus, Koòdonate Jeneral, Union des Jeunes pour le Développement Social en Mission (UJDS-EM)<sup>46</sup>**

## Dwa a Lavi, Lojman ak Tè

### Dwa a Lavi

Komite Dwa Moun Nasyonzini an, kò ki kontwole aplikasyon Pak Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik la<sup>47</sup> te rekonèt degradasyon anviwònman an ak dezòd klima a poze kèk nan menas ki pi enpòtan yo pou kapab jwi dwa a lavi.<sup>48</sup> Dwa a lavi a mande eta yo pwoteje moun kont “menas previzib ak sitiasyon ki menase lavi ki ka lakòz moun mouri”<sup>49</sup> epi pou yo pran “mezi apwopriye” pou adrese kondisyon nan sosyete a, ki gen ladan degradasyon anviwònman an ak enpak negatif sou klima, ki ka vin menase lavi moun.<sup>50</sup> Se pou sa, dwa a lavi vle di eta yo ta dwe asire yo byen itilize resous natirèl yo, aplike estanda anviwònman an, fè evalyasyon enpak sou anviwònman an, kolabore ak lòt eta sou pwoblèm anviwòmantal ak repons a dezans natirèl, pran desizyon aktif pou anpeche degradasyon anviwònman an,<sup>51</sup> epi adopte mezi adaptasyon pou klima a.<sup>52</sup>

### Dwa pou Lojman, Kay ak Tè

Dezòd klimatik la poze youn nan pi gwo menas mondyal pou dwa a lojman ak aksè ak itilizasyon tè.<sup>53</sup> Pòtpawòl espesyal Nasyonzini an sou dwa a bon lojman te di eta yo oblije asire yo repons yo nan kriz klimatik la respekte dwa a lojman, yo dirije mezi adaptasyon pou kominote ki pi vilnerab yo (pa egzanp, kominote ki bò dlo yo) pou pwoteje kominote ki la deja yo, demenajman inevitab ki baze sou klima a mache ak dwa moun yo, epi pou eta yo travay pou garanti yon sektè lojman ki dirab ekolojikman.<sup>54</sup> Anplis de sa, Deklarasyon sou Dwa Peyizan yo pwoteje dwa peyizan yo pou konsève ak pwoteje tè yo; jwi yon anviwònman ki an sante, ki pa danjere; epi patisipe nan politik chanjman nan klima.<sup>55</sup> Li afime peyizan yo gen dwa pou yo pwoteje kont depasman yo epi pou yo retounen nan tè yo apre yon dezans natirèl.<sup>56</sup> Komite Dwa Moun lan te konkli si eta a pa pran bon jan mezi adaptasyon klimatik, sa kapab yon vyolasyon dwa a kay, vi prive, ak fanmi tou.<sup>57</sup>



Rekòt pwa, Nòdwès Ayiti. Kredi foto: Ellie Happel

## 2. Enpak sou Lasante

“

**Lapli prèske pa tonbem rivyè yo ak sous dlo yo seche, sa ki afekte agrikilti. Epi tout sa yo ansanm gen yon gwo enpak sou lasante tout moun ki depann de agrikilti. Gen plis maladi tankou malnitrisyon, dezidratasyon, anemi, [ak] depresyon.”**

**Egalite nan lasante<sup>58</sup>**

Menm lè enfòmasyon sou lyen ki genyen sante moun ak klima an Ayiti a limite,<sup>59</sup> dezòd klimatik la fè epi ap kontinye genyen efè negatif sou lasante.<sup>60</sup> Gwo lapli ak kontinye lakòz maladi tankou malarya ak lòt maladi nan dlo yo monte.<sup>61</sup> Kantite inondasyon yo kap monte a pral lakòz fatra ak egou yo kontamine zòn iben yo, sa ki pral kontamine dlo a.<sup>62</sup> Tanperati a k ap monte pral lakòz maladi ki gen pou wè ak chalè yo monte.<sup>63</sup> Pral gen plis malnitrisyon poutèt deregleman nan pwodiksyon manje, li pwobab tou pou maladi ki gen pou wè ak manje pral monte.<sup>64</sup> Enpak negatif sou lasante yo pral gen anpil chans tou pou yo afekte sèvis sant ki deja pa sifi, an patikilye pou moun yo mete apa yo. Sektè sante Ayiti a se youn nan sektè ki mwens prepare pou konfwonte ak adapte yo ak domaj klimatik yo.<sup>65</sup>

Dezòd klimatik la gen gwo enpak sou sante mantal tou.<sup>66</sup> Yon etid aleyatwa yo te fè sou rezidan pòtoprens nan lane 2019, yo te wè lè yo ekspoze a dezaz, sa te gen rapò ak yon pi gwo kantite depresyon, twoub estrès postwomatik, enkyetid ak andikap.<sup>67</sup> Ladann tou yo te jwenn lè yo ekspoze a katastwòf sa te bay rezidan yo mwens chans pou yo prepare pou katastwòf nan lavni si yo pa t gen sipò sosyal ak aksè a swen.<sup>68</sup> Chèchè yo te envante tèm “solastalji” a pou dekri sans dezolasyon ak soufrans ki soti nan chanjman anviwònman an nan kay ak teritwa moun yo.<sup>69</sup>

## Dwa a Lasante

Dezòd klimatik la poze “yon gwo menas pou sante moun, ki gen ladann detèminan sosyal ak anviwònmantal lasante yo, tankou lè ki pa kontamine, dlo pou bwè, ase manj ak abri sekirize.”<sup>70</sup> Biwo Komisyonè Siprèm pou Dwa Moun Nasyonzini an<sup>71</sup> souliyen, eta yo gen “obligasyon klè pou pran mezi pou anpeche ak jwenn solisyon pou enpak negatif chanjman klimatik yo sou dwa a lasante, ki gen ladann, nan sa ki konsène detèminan anviwònmantal ak sosyal lasante yo” “atravè ni aksyon endividyèl ak ni koperasyon entènasyonal.”<sup>72</sup> Si yo pa “anpeche domaj yo ka prevwa sou dwa moun chanjman klimatik la te lakòz la, oswa omwen pou mobilize maksimòm resous ki disponib pou yo ta kapab fè sa, sa reprezante yon vyolasyon obligasyon sa a.”<sup>73</sup> Pou yo kapab akonpli dwa a lasante a, “[G]ouvènman an, sosyete sivil, sektè prive a, patnè entènasyonal yo ak moun yo dwe kolabore pou pwoteje anviwònman an ak reyalize devlopman dirab.”<sup>74</sup>



### 3. Manje ak Bèt

“

[P]lizyè kalite enpak vizib pou tout moun, tankou konbyen sous dlo ki sèk, rivyè ki sèk ak sezon pou plante yo chanje. [Sa] te lakòz kiltivatè to pèdi anpil rekòt ak anviwònman an ki vin pi vilnerab paske anpil nan pyebwa ki rete yo ap mouri. Malerezman, malgre sitiyasyon sa a, anpil moun ann Ayiti pa konprann sa k ap pase. Espesyalman nan kominote ki pi lwen yo, anpil moun konprann chanjman nan klima kòm yon zak swadizan Bondye.”

Sosyete Kiltirèl Jèn Ayisyen, (SOKIJA)<sup>75</sup>

Lè w mande yon peyizan an Ayiti kijan bagay yo ye, pi souvan l ap reponn ou “N ap tann lapli a.” Mank enfrastrikti irigasyon vle di peyizan yo depann anpil de lapli pou nourri rekòt yo. Poutan, jounen jodi a, kominote yo pa kapab prevwa kilè lapli ap resi tonbe, ni yo pa ka pa prepare nan yon fason ki adekwa pou ogmansite yo a.<sup>76</sup> Sezon yo deja ap vin pi estab: sezon lapli a vin plis varye epi sezon sèch la vin pi long.<sup>77</sup> Nan lane 2023, lapli prèske pa tonbe nan tout peyi Dayiti, sa ki lakòz pwodiksyon agrikòl la vin bese.<sup>78</sup>

Tanperati k ap ogmante, sechrès melanje ak sezon estab minen tout aspè gaypen riral yo, tankou ranman agrikòl ansanm ak pwodiksyon sektè betay la.<sup>79</sup> An repons ak sa, domaj anviwonmantal ak klimatik sa yo ki kontribiye nan pri manje, to malnitrisyon ak lanmò, migrasyon, deplasman ansanm ak povrete k ap ogmante. Pa egzanp, fanmi, inondasyon Kap Ayisyen te afekte ant 2015 ak 2018, te rapòte konsomasyon alimantè yo te bese aprè inondasyon an, e dèfw pandan yon peryòd tan ki long.<sup>80</sup>

Lapèch atizanal ap sibi menm defi yo.<sup>81</sup> Estòk pwason yo ap bese, an pati paske oseyan yo vin gen plis asid<sup>82</sup> ansanm ak blanchisman koray yo,<sup>83</sup> sa ki lakòz sa se tanperati lanmè yo k ap ogmante.<sup>84</sup> Si pa gen gwo aksyon yo pran pou abòde dezòd klimatik la, yo estime potansyèl fason pou peche kantite pwason yon abita kapab kenbe ap vin diminye jiska 15%, anvan 2050.<sup>85</sup>

Se sèlman

10%

tè kiltive an Ayiti ki irige, epi pa gen yon sistèm serye pou antisipe ak enfòm abitan sou ris sechrès



Kanal Okap, Nò, Ayiti. Kredi foto: Ellie Happel

“

Lè nou konpare aktivite kiltivasyon ansanm ak lapèch pwason fas ak jan li te ye nan tan lontan yo, aktivite sa yo te vin bese pou plizè rezon: mank lidèchip politik ansanm ak investisman nan men gouvènman an pou investi nan sektè agrikilti a, mank konpetans teknik ansanm ak sipò finansye nan men elvè ak pechè yo, men tou akòz degradasyon anviwonmantal, pa egzanp, chanjman klimatik la bese kantite manje ki te ka disponib pou nourri betay yo, rechofman tanperati lanmè yo k ap afekte ekosistèm maren an, ki vin lakòz yon bès nan kantite pwason ki ta ka disponib pou peche.”

Commission Épisopale Nationale Justice et Paix (Komisyon Episkopal Nasyonal, Jistis ak Lapè , CE-JILAP)<sup>86</sup>

Pwoblèm estriktirèl ki te gentan la agrave enpak dezòd klimatik sou mwayen sibzistans agrikòl yo ansanm ak aksè pou jwenn manje. Ayiti gentan ap fè fas ak yon ensekirite alimantè ki enpòtan ansanm ak defi nan zafè soverènte alimantè, kote mwatye popilasyon an gentan ap fè fas ak yon ensekirite alimantè ki rèd.<sup>87</sup> Peyizan an resevwa sipò limite, menm pa resevwa okenn sipò nan men gouvènman an pou kanpe fas ak chòk klimatik epi pou mete an plas pratik agrikòl rezilyan.<sup>88</sup> Anplis de sa, sèlman 10 pou san nan tè an Ayiti yo wouze,<sup>89</sup> epi pa gen okenn sistèm fyab pou resevwa alèt an avans pou sechrès,<sup>90</sup> ki fè l difisil pou peyizan yo konnen dezans yo alavans.<sup>91</sup> Epitou, pechè yo gen sipò ki vrèman limite pou adapte ak chanjman. Daprè yon evalyasyon, sèlman Djibouti ak Iraq ki gen yon kapasite adaptasyon pou kanpe devan chanjman nan lapèch pwason ki enferyè devan pa Ayiti.<sup>92</sup>

## Dwa pou Jwenn Manje

Dezòd klimatik ki konekte ak dezaz natirèl ap menase sistèm alimantè mondyal la ansanm ak dwa pou gen aksè ak manje.<sup>93</sup> Dwa pou gen aksè ak manje mande pou eta yo pran mezi pou ogmante gradyèlman aksè pou moun gen yon fason adekwa pou jwenn manje<sup>94</sup> epi pou asire biznis oswa twazyèm pati yo p ap anpeche moun gen aksè ak manje.<sup>95</sup> Epitou, li tabli yon obligasyon pou kowoperasyon entènasyonal, ki egzije eta yo respekte epi pwoteje juisans pou gen dwa pou jwenn manje nan lòt peyi, fasilite aksè pou jwenn manje, epi bay èd ki nesèsè ak lòt peyi ki nan bezwen.<sup>96</sup> Deklarasyon sou dwa peyizan bay peyizan yo dwa pou gen mwayen pou jwenn pwòp manje pa yo ansanm ak aksè ak sistèm agrikòl yo.<sup>97</sup> Epitou, eta yo gen yon obligasyon pou anpeche politik ak aksyon lokal ak entènasyonal pa foute men nan juisans pou gen aksè ak manje, sa ki gen ladann agrikilti, enèji ansanm ak dezòd klimatik.<sup>98</sup> Nan menm sijè sa a, Rapòtè Espesyal Nasyonzi sou dwa pou gen aksè ak manje te avèti pou mete anplas pwojè pou kapab gen aksè ak manje nan peyi nan sid yo egzije pou abòde “inegalite ki gen nan règ ki tabli komès entènasyonal, refòm ekonomik ki mal avize enstitisyon finansyè entènasyonal yo enpoze, [epi] sipozisyon finansyè sou pwodui debaz mache mondyal yo.”<sup>99</sup>

## 4. Sechrès ak Aksè pou Gen Dlo

Sistèm dlo dous nan ti zile yo se youn nan bagay ki anba pi gwo menas sou planèt la.<sup>100</sup> Jounen jodi a, òganizasyon an Ayiti yo dekri jan rivyè yo ap seche ansanm ak jan plizyè kote nan peyi a prèske fin debwaze.<sup>101</sup> Yon etid ki te fèt nan lane 2022 te konkli prèske 64 pou san peyi a montre kondisyon pou gen ris sechrès mwayen ki ka rive byen wo.<sup>102</sup> Ant lane 2013 ak 2016, pati Karayib la te fè fas ak pi move sechrès ki te blayi kò l nan tout blòk la, depi lane 1950 yo.<sup>103</sup> Nan peyi Dayiti, sechrès lane 2014 pou rive 2016 te frape 3 milyon moun.<sup>104</sup> Yo prevwa pou dezòd klimatik la ka lakòz sechrès pi souvan, epi, an Ayiti, sa ka rive li double limit la pandan sezon sèch la.<sup>105</sup> Epitou, enpak klimatik yo ap detwi epi kontamine rezèv dlo dous yo.

Jan òganizatè kominotè yo souliyen sa, dlo se lavi. Enpak dezòd klimatik sou aksè pou jwenn dlo potab ap afekte sante lèzòm, agrikilti, gaypen, biyodivèsite ak plis toujou,<sup>106</sup> tout sa nan kontèks yon kriz anba anba pou gen aksè ak dlo potab an Ayiti. Nap dlo Ayiti yo anba mwens menas pase pa plizyè peyi nan Karayib la, men debwazman, move trètman dlo anba tè nan zòn kotyè yo,<sup>107</sup> ewozyon sevè, move trètman dlo vidany ansanm ak yon mank nan jesyon dlo ak mank enfrastrikti fè pèp Ayisyen an se peyi ki gen mwens aksè ak dlo potab nan Amerik la.<sup>108</sup> Nan lane 2022, 32.6 pou san nan popilasyon an, ki gen ladann 57 pou san abitan nan zòn rural yo, pa t gen aksè ak sous dlo potab epi ki pwòp.<sup>109</sup> Nan zòn Pòtoprens la, sektè prive a te vin sèl founisè dlo.<sup>110</sup> Daprè pwojè politik nasyonal Ayiti a sou chanjman klimatik, “Dlo [k]omèsyalize ... koute chè epi kalite l varye .... Rezèv dlo yo kapab reprezante 10 pou san nan bidjè fanmi an.”<sup>111</sup>

Yon etid rechèch ane 2022  
konkli se

64%

peyi a ki ap sible yon ris  
sechrès modere oubyen  
serye



## Dwa pou Gen Aksè ak Dlo epi ak Yon Anviwonman ki Sen

### Dwa pou Aksè ak Dlo

Dezòd klimatik la minen juisans pou gen aksè ak dlo.<sup>112</sup> Epi tou, dezòd klimatik la kapab agrave enpak mega-pwojè yo, tankou endistri ekstraksyon yo mete sou pye yo, sou anviwonman an ansanm ak sou dlo yo.<sup>113</sup> Rapòtè Espesyal sou dwa pou gen aksè ak dlo ansanm ak sanitasyon te fè konnen nan kontèks dezòd klimatik la, garanti dwa pou gen aksè ak dlo, an patikilye, pou sa ki pi pòv yo, egzijè pou mete sou pye epi pou finanse estrateji patisipativ sou adaptasyon ak rezilyans, adapte enfrastrikti yo pou kanpe devan ris klimatik, evite fo solisyon vèt ki plis konpwomèt dwa pou gen aksè ak dlo, epi asire pou veye pou yo pa konsidere dlo kòm yon machandiz.<sup>114</sup>

### Dwa pou Gen Aksè ak Yon Anviwonman ki Sen

Dezòd klimatik la franchman menase pou jwi dwa pou gen aksè ak yon anviwonman ki sen.<sup>115</sup> Dwa pou gen aksè ak yon anviwonman ki sen ranmase dwa pou gen aksè pou viv nan yon klima ki sen, bon jan lè pi, dlo potab ansanm ak sèvis ijyèn ki adekwa; dwa pou gen aksè ak pwodui alimantè ki sen epi ki dirab; ansanm ak dwa pou viv nan yon anviwonman ki pa toksik epi yon biyodivèsite ak ekosistèm ki sen.<sup>116</sup> Sistèm entè-ameriken pou pwoteksyon dwa moun te fè konnen dwa pou gen aksè ak yon anviwonman ki sen te egzijè tou pou eta yo pwoteje lanati, san sa pa depann de enpak li gen sou lavi moun.<sup>117</sup>

Jan Rapòtè Espesyal la te fè konnen sa sou dwa moun ansanm ak anviwonman an, dwa pou gen aksè ak yon anviwonman ki sen egzijè eta yo pou “yo pa vyole dwa pou gen aksè ak yon klima ki sen atravè pwòp aksyon yo; [pou] pwoteje dwa sa pou twazyèm pati yo pa vyole l, espesyalman biznis yo; epi [pou] tabli, mete sou pye epi fè respekte lwa, politik ansanm ak pwogram ki nesèse pou akonpli dwa sa a.”<sup>118</sup> Nan sa ki gen pou wè ak pwosedi, dwa pou gen aksè ak yon anviwonman sen pwoteje aksè pou gen enfòmasyon sou anviwonman an, patisipasyon piblik sou desizyon y ap pran sou anviwonman an, ansanm ak aksè pou jwenn mwayen reparasyon pou vyolasyon dwa ki gen pou wè ak anviwonman an.<sup>119</sup> Epi tou, eta yo ansanm ak lòt responsab yo dwe pwoteje dwa pou gen aksè ak lavwa ochapit, asosyasyon ansanm ak reyinyon sou pwoblèm anviwonman an; pwoteje moun k ap defann anviwonman an; epi pou bay edikasyon anviwonmantal.<sup>120</sup>

Rapòtè Espesyal la sou dwa moun ansanm ak anviwonman an te deklare dwa pou gen aksè ak yon anviwonman sen egzijè tou “[e]ta yo travay ansanm pou abòde menas anviwonmantal transfwontalyè epi mondyal ki peze sou dwa moun,” ki gen ladann kriz klimatik la.<sup>121</sup> Yo kapab konsidere fason eta yo fè echèk nan “pran mezi adekwa pou abòde chanjman klimatik tankou yon vyolasyon dwa pou gen aksè ak yon anviwonman sen.”<sup>122</sup> Epi tou, Komisyon entè-ameriken sou dwa moun te souliyen dwa pou gen aksè ak yon anviwonman sen oblije pou eta yo mete men ansanm nan bòn fwa pou anpeche polisyon, redui emisyon, mete sou pye mezi adaptasyon epi pou repare domaj ki konekte ak klima a.<sup>123</sup> Epi tou, eta yo dwe pran mezi pou asire kriz klimatik la pa minen dwa peyizan yo ansanm ak dwa kominote desandan afriken yo.<sup>124</sup>

# C. Gwoup yo Mete sou Kote an Patikilye: Migran ak Fanm

## 1. Deplasman Fòse ak Migrasyon

Dezòk klimatik ap fòse plis Ayisyen pou deplase ale lòt kote. Enpe nan enpak klimatik yo, tankou nivo dlo lanmè k ap monte, dirèkteman lakòz migrasyon. Lòt enpak klimatik, tankou destriksyon gaypen agrikòl pou siviv, rann li difisil pou moun reponn ak bezwen fanmi yo, souvan rive nan yon pwèn kote yo oblije kite lakay yo. Ak sezon yo k ap chanje, òganizasyon yo rapòte yon valè peyizan k ap kite kominote riral yo pou ale nan zòn iben yo oswa nan lòt peyi, epi valè moun sa yo ap ogmante.

“

**Laperèz mwen se plis an plis jèn k ap kite peyi a. Yo pa kapab travay latè ankò, moun pa kapab degaje yo, yo dekouraje epi yo pral kite peyi a.”**

**Sektè Fanm, Mouvman Peyizan Papay (MPP)<sup>125</sup>**

Migran yo souvan fè fas ak vyolasyon dwa pandan yo an tranzit oswa nan peyi k ap akeyi yo a.<sup>126</sup> Epitou, migrasyon kapab ogmante vilnerablite klimatik yo: yo kapab pèdi kominote yo, pwòch yo, byen yo, tè gran paran yo te kite pou yo ansanm ak gaypen yo: epi yo kapab al ateri nan katye popilè, vwazinaj ki pòv ansanm ak kanpmen enfòmèl.<sup>127</sup> Moun yo deplase anndan pwòp peyi yo ansanm ak migran ki ale nan zòn iben yo souvan vilnerab amò devan vyolans, ki gen ladann vyolans seksyèl;<sup>128</sup> fanm k ap fè fas ak yon vilnerablite kri, povrete ansanm ak diskriminasyon ki chita sou sèks oubyen genre.<sup>129</sup>

Rasis ak zenofobi fòme pakou migran Ayisyen yo atravè Amerik la epi ogmante pwobablite pou yo kontinye ap rankontre domaj klimatik sa yo menm aprè yo fin kite Ayiti.<sup>130</sup> Migran Ayisyen yo nan Bahamas, pa egzanp, ap viv pil sou pil nan “bidonvil enfòmèl” kote ouragan Dorian te frape byen grav.<sup>131</sup> Aprè Dorian, zenofobi kont Ayisyen yo vin pi kri, epi gouvènman Bahamas la te mete priyorite sou depòtasyon an Ayiti.<sup>132</sup> Kèk lane annaprè, yo toujou ap sible rezidan ki te rete nan bidonvil sa yo, paske gouvènman Bahamas la te kontinye ap ratibwaze bidonvil sa yo, l ap respekte angajman l nan dat fevriye 2023 pou “elimine bidonvil ki pa otorize epi depòte plis imigran ki pa gen papyè.”<sup>133</sup> Politik fwontalyè ak migratwa rasyalize kapab kreye obstak enpòtan pou gen yon migrasyon diy, menm yon “imobilite fòse” ki anpeche sa k ta renmen migre yo fè sa.<sup>134</sup>



## Migrasyon Klimatik Anba Lwa Entènasyonal

Òganizasyon Entènasyonal sou Migrasyon defini migrasyon klimatik tankou mouvman moun yo fòse oswa chwazi pou kote lakay yo pou yon ti tan oswa pèmanan, an prensipal poutèt yon degradasyon anviwonmantal britsoukou oswa pwogresif chanjman klimatik lakòz.<sup>135</sup> Migrasyon klimatik kapab entèn oswa sou fwontyè entènasyonal.<sup>136</sup> Sèl estatistik fyab ki disponib sou deplasman kòm yon rezilta dezaz natirèl yo konsène moun ki deplase anndan pwòp peyi yo, moun yo fòse sove kite lakay yo men ki rete anndan fwontyè pwòp peyi yo. Pa gen “okenn estatistik mondyal men sèlman kèk estatistik nasyonal sou mouvman transfwontalyè” dezòd klimatik pwovoke yo.<sup>137</sup> Sepandan, nan lane 2015, pou piti 50 peyi te konn gen migran k ap janbe antre nan peyi yo poutèt dezaz natirèl.<sup>138</sup>

Nan lane 2024, pa gen okenn kad jiridik entènasyonal espesifik pou migran klimatik, men sa ki disponib se yon melanj plizyè pwoteksyon jiridik entènasyonal ki adekwa.<sup>139</sup> Kad ki pi enklizif yo w ap jwenn yo nan enstriman rejyonal yo: Konvansyon sou refijye lane 1969 Òganizasyon inite afriken ak deklarasyon Katajèn sou refijye lane 1984 Òganizasyon eta ameriken. Tou de (2) kad sa yo gen ladan yo dispozisyon ki bay estati refijye ansanm ak pwoteksyon ki konekte ak moun yo deplase anba fòs poutèt “evenman ki vrèman twoub lapè piblik”<sup>140</sup> oswa “sikonstans ki te vrèman twoub lapè piblik,<sup>141</sup> chak nan bò pa yo. Zafè pou konnen kilè (ak kibò) katastwòf natirèl oswa enpak klimatik reprezante yon twoub pou lòd piblik rete yon deba.<sup>142</sup> Poutan, yo te gentan itilize enstriman sa yo pou bay estati refijye ak kèk migran katastwòf natirèl te afekte, ki gen ladan yo Ayisyen nan peyi Meksik apre tranblemanntè ki te pase nan lane 2010 nan peyi Dayiti.<sup>143</sup>

Defansè dwa zimen itilize kad sa yo pou fè presyon pou gen pi bon pwoteksyon pou migran klimatik. Tribinal entèameriken sou dwa moun (Inter-American Court of Human Rights - IACtHR) ap prepare l pou sòti yon avi konsiltatif sou konsekans dezòd klimatik sou dwa moun, pou kapab mete klote sou obligasyon gouvènman an.<sup>144</sup> Nan mwa desanm 2023, plizyè defansè refijye ak dwa moun te depoze yon memwa amikis pou mande tribinal entèameriken sou dwa moun pou trete toutaklè obligasyon leta pou konsidere epi enkli evenman klimatik lè y ap evalue demann azil yo epi mande pou eta yo mete Deklarasyon Katajèn nan nan lejislasyon ak politik nasyonal yo.<sup>145</sup>

Sistèm Nasyonzini an ap konsantre de plis an plis tou migrasyon klimatik. Nan mwa oktòb 2020, Wo komisarya nan Nasyonzini pou refijye te pibliye yon avi jiridik ki dekri plizyè sitiyasyon migrasyon klima lakòz, kote dwa entènasyonal pou refijye ansanm ak pwoteksyon konplèmantè dwa moun kapab aplike.<sup>146</sup> Tou dènyèman la a, li te lanse yon plan estratejik pou aksyon klimatik 2024–2030, ki tabli yon kat jewografik wout mondyal pou akselere aksyon klimatik.<sup>147</sup> Nan mwa janvyè 2021, Komite Nasyonzini sou dwa moun te rann yon desizyon istorik kote peyi yo pa ka depòte moun kote yo kapab vyole dwa yo poutèt kondisyon dezòd klimatik lakòz nan peyi kote yo fèt la (pandan y

ap refize bay pwoteksyon nan ka sa a).<sup>148</sup> Nan lane 2022, Fowòm mondyal sou migrasyon ak devlopman te chwazi “Enpak chanjman klimatik sou mobilite moun” kòm youn nan domèn travay li priyorize, ki ofri yon kolaborasyon potansyèl ansanm ak devlopman nouvo kad pwoteksyon entènasyon ak rejyonal.<sup>149</sup> Nan mwa jiyè 2023, Rapòtè Espesyal Nasyonzini sou chanjman klimatik te pibliye yon rapò sou apwòch jiridik ak politik entènasyon, rejyonal ak nasyon ki chita sou reponn bezwen moun yo deplase atravè fwontyè entènasyon yo poutèt chanjman klimatik, epi te souliyen nesosite pou yon repons entènasyon inik pou gwosè pwoblèm nan.<sup>150</sup>

Malgre gen preyokipasyon grav sou si sa posib nan domèn politik, anpil chèchè ak defansè soutni yo dwe elaji kategori Konvansyon 1951 sou refijye pou enkli migran klimatik transfwontalyè.<sup>151</sup> Mete sou pye yon kategori ofisyèl pou “refijye klimatik” kapab pèmèt asire sèvis jiridik, relokizasyon planifye ak pwoteksyon pou anpeche depòte moun dezòd klimatik deplase yo.<sup>152</sup> Epi, sa t ap pèmèt pou mete nan yon fason ki pi klè pwoteksyon migran yo nan kad manda UNHCR la, ki responsab pou pwoteje moun k ap mande azil ansanm ak refijye yo dapre Konvansyon 1951 an ki chita sou refijye yo, kote yo mete aklè ki òganizasyon entènasyon ki gen responsablite.<sup>153</sup>

Kòm migrasyon klimatik fòse plis afekte peyi sid yo kòm yon rezilta dirèk aktivite peyi nò, lòt chèchè yo fè konnen li pa ase pou elaji kad ki te la deja yo epi tout efò yo dwe adopte yon optik pou jistis klimatik.<sup>154</sup> Nan kontèks sa a epi jan yo endike sa nan chapit IV la, yo kapab konsidere migrasyon klimatik kòm yon eleman epi yon fòm nesese pou reparasyon.<sup>155</sup>

## 2. Dwa Fanm Ansanm ak Egalite Sèks

Enpak dezòd klimatik anjandre defi inik pou fanm ak tifi<sup>156</sup> epi defi sa yo makonnen ak inegalite ki baze sou sèks ak genre ki te la deja.<sup>157</sup> Souvan, se sou do fanm yo lage aktivite prensipal ki baze sou sèks tankou bay fanmi an manje, al pran dlo epi pran swen pitit yo.<sup>158</sup> Fanm an Ayiti jwe tou yon wòl enpòtan pou sekirize rezèv manje nasyonal la.<sup>159</sup> Madan sara oswa ti machann, se aktè prensipal ki achte, vann epi distribye danre alimentè, yo konekte pwodiktè riral yo ak konsomatè nan zòn iben yo, epi yo jwe yon wòl enpòtan pou jere ekonomi enfòmèl la.<sup>160</sup> Kidonk, fanm Ayisyen kapab premye gwoup ki viv epi sibi enpak negatif dezòd klimatik genyen sou dlo ansanm ak aksè pou jwenn manje ak rannman agrikòl, ansanm ak evenman meteyowolojik k ap nui ekonomi enfòmèl la. Move rekòlt, sezon moun pa ka prevwa ansanm ak lòt twoub klimatik gen enpak demezire sou fanm k ap elve timoun yo pou kont yo.<sup>161</sup> Fanm riral yo, an patikilye, fè fas ak ensekirite finansyè; fanmi riral fanm ap jere yo pi pòv pase fanmi gason ap jere yo.<sup>162</sup> Dezòd klimatik kontribiyè tou nan ogmante vyolans ki baze sou genre ak sèks ak vyolans seksyèl, ki gen ladann sitiasyon deplasman klimatik lakòz.<sup>163</sup> Epitou, li kapab gen enpak negatif patikilye sou sante fanm ansent ansanm ak fanm k ap akouche, ansanm ak sante fetis la ak sante tibebe ki fèk fèt.<sup>164</sup>

### Sèks, Dwa Moun Ansanm ak Aksyon Klimatik

Yo byen rekonèt efè diferansye enpak dezòd klimatik onivo entènasyonal.<sup>165</sup> Biwo Wo komisyon Nasyonzini sou dwa moun (UNHCR) te souliyen “obligasyon jiridik pou mete an plas politik klimatik ki baze sou sèks ak genre k ap ranfòse otonomi fanm, pwoteje dwa yo epi abòde enpak chanjman klimatik genyen sou genre ak sèks,” sa gen ladann patisipasyon egal ego sou pran dezisyon ki gen pou wè ak dezòd klimatik.<sup>166</sup> Komite pou elimine diskriminasyon kont fanm, k ap siveye enplemantasyon Konvansyon sou eliminasyon tout fòm diskriminasyon kont fanm, te fè konnen yo te oblije eta yo ansanm ak lòt aktè pou pran “etap espesifik pou abòde diskriminasyon kont fanm nan domèn rediksyon ris pou gen katastwòf ak chanjman klimatik, atravè adopsyon lwa, politik ak estrateji yo te sible pou redui ak adapte, bidjè ansanm ak lòt mezi.”<sup>167</sup> Epitou, li te deklare “inisyativ ki gen pou wè ak chanjman klimatik te bay patisipasyon konplè epi ki efikas pou fanm kapab fè pwogrese vrè reyalyte ki genyen ant sèks yo ak genre yo epi pou fanm granmoun tèt yo, pandan y ap garanti ... devlopman dirab.”<sup>168</sup>



Kay bò rivyè, Okap, Ayiti. Kredi foto: Marta - stock.adobe.com

## D. Konklizyon

Chapit sa a bay yon kout je sou konsekans ki genyen nan moman an oswa konsekans yo prevwa dezòd klimatik genyen sou lavi ak dwa moun an Ayiti. Epi tou, dezòd klimatik afekte moun nan fason ki pa fasil pou moun mezire, sa gen enpak sou lyen familyal, kilti, kominote ak aprantisaj. Yo bezwen plis rechèch, an patikilye, rechèch patisipatif epi kominotè, pou kapab pi byen konprann enpak dezòd klimatik onivo lokal ansanm ak eksperyans kominote Ayisyen an viv. Youn nan objektif rapò sa a se pou ankouraje estil rechèch sa yo.

Sa ki parèt twò klè, se pwognotik la ki grav. Dezòd klimatik menase juisans yon gwo kategori dwa moun. Epi l ap kontinye gen efè negatif sou tout aspè nan lavi pèp Ayisyen an, an patikilye moun sa yo mete sou kote yo. Jan pwochen chapit la souliyen sa, nou dwe konprann reyalyte sa a kòm yon kriz enjistis: yon pwodui istwa Ayiti ki soufri opresyon rasis ansanm ak jan peyi nò yo kontinye ap eksplwate yo.

# Sitasyon

---

- 1 Kolektif Jistis Min Annex to Submission to the UN Special Rapporteur on corms of racism 41 (June 20, 2022), <https://chrgj.org/wp-content/uploads/2022/07/Combined-Annexes-ENG-Final.pdf> (last visited July 15, 2024).
- 2 Dezòd klimatik tou gen yon enpak sou lavi lòt bagay, sa ki gen ladann bèt ak ekosistèm. epandan, rapò sa a pa evalye ak analize konsekans sa yo, eksepte nan limit yo afekte lavi moun, dwa ak byennèt moun.
- 3 For an overview of the human rights impacts of climate change, see Submission of the UN Office of the High Commissioner for Human Rights (OHCHR), *Understanding Human Rights and Climate Change* (2015) <https://www.ohchr.org/sites/default/files/Documents/Issues/ClimateChange/COP21.pdf>.
- 4 E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism, racial discrimination, xenophobia and related intolerance), *Report of the Special Rapporteur on contemporary forms of racism, racial discrimination, xenophobia and related intolerance, E. Tendayi Achiume: Ecological crisis, climate justice and racial justice*, ¶ 51, UN Doc. A/77/549 (Oct. 25, 2022).
- 5 UN Human Rights Council (UNHRC) Res. 29/15, UN Doc. A/HRC/29/15 (Jul. 7, 2015); John H. Knox (Special Rapporteur on human rights and the environment), *Report of the Special Rapporteur on the issue of human rights obligations relating to the enjoyment of a safe, clean, healthy and sustainable environment*, ¶ 81, UN Doc. A/HRC/31/52 (Feb. 1, 2016); Submission of the OHCHR, *Understanding Human Rights and Climate Change* (2015) <https://www.ohchr.org/sites/default/files/Documents/Issues/ClimateChange/COP21.pdf>, at 6.
- 6 John H. Knox (Special Rapporteur on human rights and the environment), *Report of the Special Rapporteur on the issue of human rights obligations relating to the enjoyment of a safe, clean, healthy and sustainable environment*, ¶¶ 33–84, UN Doc. A/HRC/31/52 (Feb. 1, 2016); Navanethem Pillay (United Nations High Commissioner for Human Rights), *Report of the Office of the United Nations High Commissioner for Human Rights on the relationship between climate change and human rights*, ¶ 71, UN Doc. A/HRC/10/61 (Jan. 15, 2009).
- 7 John H. Knox (Special Rapporteur on human rights and the environment), *Report of the Special Rapporteur on the issue of human rights obligations relating to the enjoyment of a safe, clean, healthy and sustainable environment*, ¶¶ 68–71, UN Doc. A/HRC/31/52 (Feb. 1, 2016); Submission of the OHCHR, *Understanding Human Rights and Climate Change* (2015), at 6; Ian Fry (Special Rapporteur on the promotion and protection of human rights in the context of climate change), *Promotion and protection of human rights in the context of climate change mitigation, loss and damage and participation*, ¶ 9, UN Doc. A/77/226 (Jul. 26, 2022).
- 8 For databases of US-based and global climate litigation, see SABIN CENTER FOR CLIMATE CHANGE AND LAW, <https://climatecasechart.com/>; see also *A First Global Mapping of Rights-Based Climate Litigation Reveals a Need to Explore Just Transition Cases in More Depth*, THE LONDON SCH. OF ECON. AND POL. SCI.: GRANTHAM RSCH. INST. ON CLIMATE CHANGE AND THE ENV'T (Mar. 29, 2022), <https://www.lse.ac.uk/granthaminstitute/news/a-first-global-mapping-of-rights-based-climate-litigation-reveals-a-need-to-explore-just-transition-cases-in-more-depth/>; see also LITIGATING THE CLIMATE EMERGENCY: HOW HUMAN RIGHTS, COURTS, AND LEGAL MOBILIZATION CAN BOLSTER CLIMATE ACTION (César Rodríguez-Garvito ed., 2022).
- 9 UNHRC Res. 48/13, UN Doc. A/HRC/RES/48/13, at 2 (Oct. 18, 2021); G.A. Res. 76/300, The human right to a clean, healthy and sustainable environment, at 2 (Aug. 1, 2022).
- 10 UN Framework Convention on Climate Change (UNFCCC), Art. 6(a), May 9, 1992, 1771 United Nations Treaty Series (UNTS) 107.
- 11 Special Rapporteur on freedom of opinion and expression, *2030 Agenda will fail without full respect for the right to information: UN expert*, (Sept. 27, 2023), [https://www.ohchr.org/en/statements/2023/09/2030-agenda-will-fail-without-full-respect-right-information-un-expert?\\_\\_cf\\_chl\\_tk=NCaxE95hjGUylJwg6y79kAlHBqK8kn13TEM7t-DZZNEE-1723653786-0.0.1.1-7722](https://www.ohchr.org/en/statements/2023/09/2030-agenda-will-fail-without-full-respect-right-information-un-expert?__cf_chl_tk=NCaxE95hjGUylJwg6y79kAlHBqK8kn13TEM7t-DZZNEE-1723653786-0.0.1.1-7722); Ian Fry (Special Rapporteur on climate change), *Exploring approaches to enhance climate change legislation, supporting climate change litigation and advancing the principle of intergenerational justice*, ¶ 71, UN Doc. A/78/255 (July 28, 2023); John H. Knox (Special Rapporteur on human rights and the environment), *Report of the Special Rapporteur on the issue of human rights obligations relating to the enjoyment of a safe, clean, healthy and sustainable environment*, ¶¶ 23–26, UN Doc. A/HRC/37/59 (Jan. 24, 2018).
- 12 John H. Knox (Special Rapporteur on human rights and the environment), *Report of the Special Rapporteur on the issue of human rights obligations relating to the enjoyment of a safe, clean, healthy and sustainable environment*, ¶¶ 15–16, UN Doc. A/HRC/37/59 (Jan. 24, 2018).
- 13 John H. Knox (Special Rapporteur on human rights and the environment), *Report of the Special Rapporteur on the issue of human rights obligations relating to the enjoyment of a safe, clean, healthy and sustainable environment*, ¶¶ 7–9, UN Doc. A/HRC/37/59 (Jan. 24, 2018).



- 14 Press Release: *Almost 2,000 land and environmental defenders killed between 2012 and 2022 for protecting the planet*, GLOBAL WITNESS (Sept. 13, 2023), <https://www.globalwitness.org/en/press-releases/almost-2000-land-and-environmental-defenders-killed-between-2012-and-2022-protecting-planet/>; Patrick Greenfield, *Environmental activists killed at a rate of one every other day in 2022 – report*, THE GUARDIAN (Sept 12, 2023), <https://www.theguardian.com/environment/2023/sep/13/environmental-activists-killed-at-a-rate-of-one-every-other-day-in-2022-global-witness-report-aoe>.
- 15 See Sara Dávila A., *The Escazú Agreement: The Last Piece of the Tripartite Normative Framework in the Right to a Healthy Environment*, 42 STAN. L. REV. 63 (2023).
- 16 Regional Agreement on Access to Information, Public Participation and Justice in Environmental Matters in Latin America and the Caribbean Arts. 4–8, Mar. 4, 2018, 3398 UNTS 1.
- 17 See E. Tendayi Achiume & Asli Bâli, *Race and Empire: Legal Theory Within, Through, and Across National Borders*, 67 UCLA L. REV. 1386 (2021); see also S. Priya Morley, *Connecting Race and Empire: What Critical Race Theory Offers Outside the U.S. Legal Context*, 69 UCLA L. REV. DISC. (LAW MEETS WORLD) 100 (2022).
- 18 UNFCCC, Art. 6(a), May 9, 1992, 1771 UNTS 107.
- 19 See, e.g., Philip Alston (Special Rapporteur on extreme poverty and human rights), *Climate change and poverty*, ¶ 70–87, UN Doc. A/HRC/41/39 (July 17, 2019); see also E. Tendayi Achiume & Asli Bâli, *Race and Empire: Legal Theory Within, Through, and Across National Borders*, 67 UCLA L. REV. 1386 (2021); see also Obiora Chinedu Okafor, *Critical Third World Approaches to International Law (TWAII): Theory, Methodology, or Both?*, 10 INT’L CMTY L. REV. 37 (2008); see also Christopher Gevers, “Unwhitening the World”: *Rethinking Race and International Law*, 67 UCLA L. REV. 1652 (2021); see also S. PRIYA MORLEY, TRANS-NATIONAL RE-IMAGININGS (2022), <https://promiseinstitute.law.ucla.edu/wp-content/uploads/2022/06/Trans-NationalRe-ImaginationsUCLASchoolofLawsInauguralSeriesofConveningson-RaceEmpireandHumanRights.pdf>. For an overview of Critical Race Theory scholarship, see CRITICAL RACE THEORY: THE KEY WRITINGS THAT FORMED THE MOVEMENT (Kimberlé Crenshaw, Neil Gotanda, Garry Peller & Kendall Thomas eds., 1995). For an overview on the role of colonialism in international law, see ANTONY ANGHIE, IMPERIALISM, SOVEREIGNTY AND THE MAKING OF INTERNATIONAL LAW (2004).
- 20 E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism), *Report of the Special Rapporteur on contemporary forms of racism, racial discrimination, xenophobia and racial intolerance*, UN Doc. A/74/321 (Aug. 21, 2019).
- 21 E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism), *Report of the Special Rapporteur on contemporary forms of racism, racial discrimination, xenophobia and related intolerance*, E. Tendayi Achiume: *Ecological crisis, climate justice and racial justice*, ¶ 1, UN Doc. A/77/549 (Oct. 25, 2022); see also S. PRIYA MORLEY, EXECUTIVE SUMMARY: ECOLOGICAL CRISIS, CLIMATE JUSTICE AND RACIAL JUSTICE (2023). E. Tendayi Achiume et al., *Opinion and Observations to the January 9, 2023 Request from the Republic of Chile and the Republic of Colombia to the Inter-American Court of Human Rights (IACtHR) for an Advisory Opinion on the Climate Emergency and Human Rights (2023)*, <https://promiseinstitute.law.ucla.edu/wp-content/uploads/2024/02/IACtHR-Climate-Emergency-Amicus-Brief.pdf>.
- 22 E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism), *Report of the Special Rapporteur on contemporary forms of racism, racial discrimination, xenophobia and related intolerance*, E. Tendayi Achiume: *Ecological crisis, climate justice and racial justice*, ¶ 2, UN Doc. A/77/549 (Oct. 25, 2022).
- 145 Center for Gender & Refugee Studies et al., Amicus Curiae Brief, On Issues Related to the Response to Climate Displacement in the Request for an Advisory Opinion Submitted by the Republics of Colombia and Chile, Advisory Opinion 32, IACTHR, Dec 15, 2023.
- 146 UNHCR, *Legal Considerations Regarding Claims for International Protection Made in the Context of the Adverse Effects of Climate Change and Disasters* (2020).
- 147 UNHCR *Focus Area Strategic Plan for Climate Action 2024–2030* (2023).
- 148 U.U.N. Hum. Rts. Comm., Teitiota v. New Zealand, UN Doc. CCPR/C/127/D/2728/2016 (Sep. 23, 2020). “The Committee is of the view that without robust national and international efforts, the effects of climate change in receiving States may expose individuals to a violation of their rights under articles 6 or 7 of the Covenant, thereby triggering the non-refoulement obligations of sending States. Furthermore, given that the risk of an entire country becoming submerged under water is such an extreme risk, the conditions of life in such a country may become incompatible with the right to life with dignity before the risk is realized.” (at para 9.11).
- 149 Global Forum on Migration and Development, IOM, <https://www.iom.int/global-forum-migration-and-development-gfmd> (last visited July 9, 2024).
- 150 See Ian Fry (Special Rapporteur on climate change), *Providing Legal Options to Protect the Human Rights of Persons Displaced Across Int'l Borders Due to Climate Change*, ¶¶ 17–18, UN Doc. A/HRC/53/34 (Apr. 18, 2023).
- 151 Mia Prange, *Climate Change Is Fueling Migration. Do Climate Migrants Have Legal Protections?*, COUNCIL ON FOREIGN RELATIONS, (Dec. 19, 2022), <https://www.cfr.org/in-brief/climate-change-fueling-migration-do-climate-migrants-have-legal-protections>.
- 152 Mia Prange, *Climate Change Is Fueling Migration. Do Climate Migrants Have Legal Protections?*, COUNCIL ON FOREIGN RELATIONS, (Dec. 19, 2022), <https://www.cfr.org/in-brief/climate-change-fueling-migration-do-climate-migrants-have-legal-protections>.

- 153 Mia Prange, *Climate Change Is Fueling Migration. Do Climate Migrants Have Legal Protections?*, COUNCIL ON FOREIGN RELATIONS, (Dec. 19, 2022), <https://www.cfr.org/in-brief/climate-change-fueling-migration-do-climate-migrants-have-legal-protections>.
- 154 See Carmen G. Gonzalez, *Climate Justice and Climate Displacement: Evaluating the Emerging Legal and Policy Responses*, 36 WIS. INT'L L.J. 366, 367 (2020).
- 155 See, e.g., Carmen G. Gonzalez, *Migration as Reparation: Climate Change and the Disruption of Borders*, 66 LOY. L. REV. 401, 409 (2020); James Souter, *Towards a Theory of Asylum as Reparation for Past Injustice*, 62 POL. STUD. 326 (2014); Rebecca Buxton, *Reparative Justice for Climate Refugees*, 94 PHIL. 193 (2019); Robyn Eckersley, *The Common but Differentiated Responsibilities of States to Assist and Receive 'Climate Refugees'*, 14(4) EUR. J. POL. THEORY 481 (2015); Rebecca Buxton, *Are Reparations Owed to People Displaced by Climate Change?*, RETHINKING REFUGEE (Jun. 2019), <https://www.rethinkingrefugee.org/articles/are-reparations-owed-to-people-displaced-by-climate-change>; Lea Coffineau, *Migration as a Claim for Reparations*, PUBLIC SEMINAR (Dec. 7, 2020), <https://publicseminar.org/essays/migration-as-a-claim-for-reparations/>; Olúfẹmi O. Táiwò & Beba Cibralic, *The Case for Climate Reparations*, FOREIGN POLICY (July 24, 2024), <https://foreignpolicy.com/2020/10/10/case-for-climate-reparations-crisis-migration-refugees-in-equality/>.
- 156 See Guéladio Cissé et al., *Health, Wellbeing and the Changing Structure of Communities*, in CLIMATE CHANGE 2022: IMPACTS, ADAPTATION AND VULNERABILITY 1041, 1051 (Hans-Otto Pörtner et al. eds., 2022).
- 157 See Anik Gevers, Tina Musuya & Paul Bukuluki, *Why Climate Change Fuels Violence Against Women*, UNITED NATIONS DEVELOPMENT PROGRAMME (UNDP) (Jan. 28, 2020), <https://www.undp.org/blog/why-climate-change-fuels-violence-against-women>; VALUE FOR WOMEN, IDB, *STUDY OF THE IMPACTS OF CLIMATE CHANGE ON THE WOMEN AND MEN OF THE CARIBBEAN. PILOT PROGRAMME FOR CLIMATE RESILIENCE COUNTRIES* 9, 35 (2020), [https://www.climateinvestmentfunds.org/sites/cif\\_enc/files/knowledge-documents/study-of-the-impacts-of-climate-change-on-the-women-and-men-in-the-caribbean-pilot-programme-for-climate-resilience-countries.pdf](https://www.climateinvestmentfunds.org/sites/cif_enc/files/knowledge-documents/study-of-the-impacts-of-climate-change-on-the-women-and-men-in-the-caribbean-pilot-programme-for-climate-resilience-countries.pdf). Pi enpòtan toujou, langaj enpak mikmak chanjman klimatik sou fanm ak tifi kapab li menm tou yon sous ki rejte moun ki trans ak non-binè. Lè l'annik chita sou analiz enpak dezòd klimatik la sou kesyon sèks, rapò sa a pa gen objektif pou jistifye yon sèks binè ki pa fleksib. Men, li pito fòse pou rekonèt enpak diferansye sou moun yo konsidere onivo sosyal tankou fanm. Malerezman, yon gwo pati nan rechèch sa a ki te la deja efase eksperyans moun trans ak sa ki non-binè viv, kote anpil ladan yo montre yon fado demezire anba dezòd klimatik.
- 158 See *Explainer: How Gender Inequality and Climate Change are Interconnected*, UN WOMEN (Feb. 28, 2022), <https://www.unwomen.org/en/news-stories/explainer/2022/02/explainer-how-gender-inequality-and-climate-change-are-interconnected>.
- 159 Myron M. Beasley, *Women, Sabotaj, and Underground Food Economies in Haiti*, 12 GASTRONOMICA 33, 43 (2012).
- 160 *Madan Sara: A film by Etant Dupain*, <https://www.madansarafilm.com/> (last visited July 16, 2024); Myron M. Beasley, *Women, Sabotaj, and Underground Food Economies in Haiti*, 12 GASTRONOMICA (2012).
- 161 Mar Llorente-Marrón et al., *Social Vulnerability, Gender and Disasters. The Case of Haiti in 2010*, 12 SUSTAINABILITY 1374, 1390 (2020).
- 162 DORTE VERNER, WORLD BANK, *MAKING POOR HAITIANS COUNT: POVERTY IN RURAL AND URBAN HAITI BASED ON THE FIRST HOUSEHOLD SURVEY FOR HAITI* 33 (2008), <https://openknowledge.worldbank.org/entities/publication/206c5452-8137-5695-b9de-fa90e842ad5a>.
- 163 See Anik Gevers, Tina Musuya & Paul Bukuluki, *Why Climate Change Fuels Violence Against Women*, UNITED NATIONS DEVELOPMENT PROGRAMME (UNDP) (Jan. 28, 2020), <https://www.undp.org/blog/why-climate-change-fuels-violence-against-women>; Nègès Mawon, Inst. for Just. & Democracy Haiti & Glob. Just. Clinic, *Input for SR VAW's Report on Violence Against Women in the Context of the Climate Crisis: Observations on Challenges and Opportunities in Haiti* (Apr. 2022), <http://www.ijdh.org/wp-content/uploads/2022/04/Input-for-SR-VAW-re-VAW-Climate-NegesMawon-IJDH-GJC.pdf>; UNHCR & Potsdam Inst. for Climate Impact Research, *Gender, Displacement and Climate Change* (Nov. 2022), <https://www.unhcr.org/5f21565b4.pdf>.
- 164 Pa egzanp, sechrès, tanperati k ap ogmante ansanm ak sezon ki estab kapab lakòz pou yo pèdi rekòt yo, sa k ap gen enpak sou nitrisyon ak pwa tibebe yo lè yo fèk fèt. Òganizasyon sante Second Mile Haiti rapòte ak tout anekdòt to anemi a ogmante sou fanm ansent nan pati nò peyi Dayiti, nan dènye ane yo. Fenomèn meteyowolojik ekstrèm tankou ouragan ak inondasyon kapab domaje enfrastrikti yo, sa ki kapab rann li difisil pou gen aksè ak swen sante, espesyalman pandan ak aprè dezaz. Evenman ekstrèm yo kapab lakòz maladi yo trape nan dlo, lakòz konplikasyon nan gwozès, ogmante preyokipasyon sou sante mantal pou moun ki ansent. Konsekans ekonomik dezòd klimatik la kapab fè li difisil tou pou fanmi ki pòv yo jwenn aksè ak swen sante ansanm ak lòt sèvis debaz epi kapab ogmante presyon sou fanm pou travay plis tan pandan yo ansent. Deplasman klima lakòz yo kapab genyen tou enpak enpòtan sou aksè ak swen sante epi swen sante ki abòdab, men tou nitrisyon, byennèt ak sante mantal pou fanm ansent ak pitit yo. See, e.g., Julia M. Bryson et al., *Seasonality, Climate Change, and Food Security during Pregnancy among Indigenous and Non-Indigenous Women in Rural Uganda: Implications for Maternal-Infant Health*, 16 PLoS ONE (2021); interview with Jennifer Schenk & Amy Syres, *Second Mile Haiti (need permission to cite)*; Sandie Ha, *The Changing Climate and Pregnancy Health*, 9 CURRENT ENV'T HEALTH REPS. 263, 266 (2022); Rabiul Haque et. al, *Climate-Related Displacement*

and Antenatal Care Service Utilization in Rural Bangladesh, 46 INT'L PERSPS. ON SEXUAL & REPROD. HEALTH 175, 176 (2020); Interview with Kettly Alexandre and Marjorie St Fleur, MPP (Mar. 7, 2022) (notes on file with author); see also UNHRC, *Analytical Study on Gender-responsive Climate Action for the Full and Effective Enjoyment of the Rights of Women*, ¶ 7, UN Doc. A/HRC/41/26, (May 1, 2019).

- 165 See, e.g., *Gender-Responsive Climate Action*, OHCHR AND CLIMATE CHANGE, <https://www.ohchr.org/en/climate-change/gender-responsive-climate-action> (last visited July 18, 2024); *Introduction to Gender and Climate Change*, UNFCCC], <https://unfccc.int/gender> (last visited July 18, 2024); Paris Agreement to the UNFCCC, Preamble, Dec. 12, 2015, *Treaties and Other International Acts Series No. 16-1104*.
- 166 UNHRC, *Analytical Study on Gender-responsive Climate Action for the Full and Effective Enjoyment of the Rights of Women*, ¶ 31, UN Doc. A/HRC/41/26 (May 1, 2019).
- 167 CEDAW, *General Recommendation No. 37 on Gender-related dimensions of disaster risk reduction in the context of climate change*, ¶ 8, UN Doc. CEDAW/C/GC/37, (Feb. 7, 2018), <https://www.preventionweb.net/publication/general-recommendation-no-37-gender-related-dimensions-disaster-risk-reduction-context>.
- 168 CEDAW, *General Recommendation No. 37 on Gender-related dimensions of disaster risk reduction in the context of climate change*, ¶ 8, UN Doc. CEDAW/C/GC/37, (Feb. 7, 2018), <https://www.preventionweb.net/publication/general-recommendation-no-37-gender-related-dimensions-disaster-risk-reduction-context>.

CHAPIT II:

# Rasin Vilnerabilite Klimatik Ayiti a

---



“

**Anpil nan peyi ki responsab [kriz klima nan monn nan] gen yon pase kote yo te kolonize. Epi peyi ki souffri plis yo, se peyi ki te ansyen koloni yo .... Se yon fòm kolonizasyon k ap kontinye nan kesyon klima, yon kolonizasyon klimatik ”**

**Kettly Alexandre, Sektè Fanm, Mouvman Peyizan Papay (MPP)<sup>1</sup>**


Chapit sa a prezante rezon ekonomik ak sosyopolitik ki fè dezòd klimatik grav epi ap vin pi grav konsa Ayiti. Si jewografi ayiti se yon faktè ki enpòtan, istwa l enpòtan tou. Ayiti, premye Repiblik nwa monn nan, montre kijan kolonnyalis, esklavaj, enjerans newokolonyal ak enjistis rasyal ki toujou la kreye vilnerabilite klimatik.

Anpil nan peyi ki pi vilnerab nan kesyon enpak klimatik gen de (2) karakteristik an komen: yo se ansyen koloni, epi yo te kontribye mwens nan kriz la.<sup>2</sup> Peyi ki plis responsab dezòd klimatik nan monn nan, an patikilye Etazini ak anpil nasyon Ewopeyen, gen yon istwa kote yo te konn kolonize. Kolonyalis te alimante Revolisyon Endistriyèl la, epi avèk li modèl kapitalis la ak twòp emisyon gaz efèsè ki kreye dezòd klimatik. Epi pandan sa te rann kolonizatè yo vin rich, kolonizasyon te rann pèp ki sibi zak kolonize a pòv.

Apovrisman Ayiti, atravè pwosesis ak entèvansyon nou diskite nan chapit sa a, te rann kominote Ayisyen yo pi vilnerab nan kesyon enpak klimatik epi anpeche devlopman nasyonal ki enpòtan ki ta ka konstwi rezistans klimatik.<sup>3</sup> Kolonizasyon, okipasyon ak entèvansyon etranje ak eksplwatasyon k ap kontinye fèt rann Ayiti pòv, degrade anviwònman l epi rann souverènte l ak enstitisyon l yo fèb, sa ki rann leta pa kapab reponn ak bezwen popilasyon an. Eksplwatasyon ekonomik, politik ak sosyal la febli nan yon fason jeneral kapasite Ayiti pou fè fas epi adapte ak dezòd klimatik epi kanpe ankò aprè domaj evènman klimatik lakòz.

## **Kapitalis Rasyal**

Kapitalis rasyal sòti nan prensip ki di kapitalis parèt kòm yon rejim rasyal ak rasis.<sup>4</sup> La a, ras pa sèlman vle di idantite, men tou li vle di pouvwa.<sup>5</sup> Cedric Robinson, ki jwenn kredi kòm moun ki vin ak tèm “kapitalis rasyal” la, te baze l sou travay save ak aktivis tankou W. E. B. DuBois ak C. L. R. James, ki te etabli kolonyalis ak esklavaj kòm fondasyon kapitalis, kote yo montre kijan pisans Ewopeyen yo te itilize rasis pou jistifye eksplwatasyon, ekstraksyon ak dominasyon. Robinson te souliyen kesyon rasis la te gentan chita nan sosyete Ewopeyen an. James, otè The Black Jacobins, yon resi istorik sou revolisyon Ayisyen an, se youn nan anpil save ki prezante Ayiti kòm yon pwodui kapitalis rasyal.<sup>6</sup>



Olúfèmi O. Taíwò, *Reconsidering Reparations (Repansè Reparasyon)* 171 (2022) (ki montre rapò ant kolonizasyon ak vilnerabilite klimatik, repwodwi ak pèmision).

## A. Kolonizasyon Ayiti: 1492-1803

Kolonyalis ak esklavaj etabli yon sistèm rasis nan kesyon dominasyon ekonomik ak politik<sup>7</sup> nan Ispanyola, ki se zile a jounen jodi a, Ayiti ak Repiblik Dominikèn pataje. Avan kolonizasyon, yo estime plizyè santèn milye Tayino natif te viv nan zile a.<sup>8</sup> Lè Kristòf Kolon te rive nan lane 1492, Panyòl yo te mete popilasyon endijèn nan an esklavaj, yo te fòse yo eksplwate jizman lò alivyonnè. Nan 25 lane, esklavaj ak maladi te touye majorite popilasyon Tayino a.<sup>9</sup>

Ayiti te anba dominasyon Lafrans nan pifò 17yèm syèk la ak tout 18yèm syèk la. Nan lane 1659, Fransè yo te etabli yon pòs nan kote nou konnen tankou Ayiti jodi a. Nan mwens pase 40 lane aprè, Panyòl yo te bay yon tyè pati oksidantal zile a bay Fransè yo, yo rele l an fransè, Saint Domingue (Sendomeng). Kolon fransè yo te mete sou pye yon ekonomi agrikòl sou baz plantasyon ki chita sou travay plis pase 800.000 Afriken yo te pran kaptif;<sup>10</sup> yo te mennen yo sou zile a ant 1680 ak 1776.<sup>11</sup> Esklavaj nan Sendomeng an patikilye se youn nan esklavaj ki pi vyolan yo janm anrejistre. Anviwon mwatye Afriken ki te rive sou zile a mouri nan kèk lane.<sup>12</sup> Nan epòk sa a, Saint Domingue se te koloni Fransè ki te bay plis rannman: nan fen lane 1700 yo, li te pwodui plis pase mwatye kafe monn nan konsome epi se te pi gwo pwodiktè sik monn nan.<sup>13</sup> Sistèm kolonyal ki te la a te debouche sou debwazman ak lòt domaj ekolojik. Depi nan kòmansman dizivyèm syèk la, obsèvatè yo te eksprime enkyetid sou enpak agrikilti entansif nan plantasyon.<sup>14</sup> Jounen jodi a, debwazman ak lòt fòm degradasyon nan anviwònman an rann enpak klimatik yo an Ayiti pi mal yon fason ki konsiderab, sitou empak siklòn ak inondasyon.



Palè SanSousi, Nò, Ayiti. Kredi foto: YiannisMantas - stock.adobe.com

## B. Esklizyon Rasyal ak Apovrisman Aprè Endepandans: 1804-1915

Ayiti te pwoklame endepandans li 1ye Janvyè 1804, kote li vin sèl peyi nan monn nan ki te fonde apati revolisyon pèp ki te nan esklavaj<sup>15</sup> epi premye Repiblik nwa monn nan.<sup>16</sup>

Pandan plis pase yon syèk aprè endepandans li, Lafrans, Etazini ak lòt peyi Nò yo te pini Ayiti diplomatikman ak ekonomikman paske yo te pè pou l pa t enspire pèp yo te mete nan esklavaj nan lòt peyi yo ta revòlte.<sup>17</sup> Nan lane 1825, Ayiti te aksepte peye Lafrans yon “ranson endepandans” pou konpanse “pèt materyèl” Lafrans fè, ki gen ladan yo posesyon pèp yo te met nan esklavaj, pou yo ka ba li rekonesans diplomatik. Ranson sa a finalman te koute Ayiti omwen 21 milya, nan lajan dola jounen jodi a.<sup>18</sup> Kèk ekonomis menm bay chif ki rive jiska \$115 milya, si n ap konsidere enterè sou lajan prete pou finansè dèt la, revni ki pèdi ak pèt opòtinite pou kwasans ekonomik.<sup>19</sup> Pou mete gwosè sòm sa a nan kontèks li, pwodui enteryè bri Ayiti an total nan lane 2022 se te \$20.25 milya.<sup>20</sup> Ranson an, Ayiti te fin peye l nan lane 1947, te trangle kwasans ekonomik peyi a epi anpeche envestisman nan enfrastrikti ki esansyèl pou reziste ak empak klima a tankou tourego ak sistèm dlo.<sup>21</sup> Pèman ranson an te kontribye tou nan debwazman, paske Ayiti te koupe epi ekspòte pou vann kèk nan pyebwa ki gen plis valè l yo, pami yo kajou.<sup>22</sup>

Ranson endepandans la te kontribye nan eksplwatasyon peyizan san kanpe, sa ranfòse divizyon ant oligak ak peyizan riral ki travay latè.<sup>23</sup> Elit k ap dirije a te vle ogmante ekspòtasyon pou ka peye ranson. Yo eseye fè sa atravè yo re-envante divizyon epòk kolonyal la, ant mèt ak moun yo te mete nan esklavaj yo, yon divizyon aprè epòk kolonyal ant pwopriyetè ak “kiltivatè”, ki te peyizan yo te met nan esklavaj yo avann.<sup>24</sup> Mepri sa a ki etabli lontan, ak eksplwatasyon klas peyizan an, se youn nan rezon ki fè dirijan Ayisyen yo pa envesti nan byennèt kominote riral yo, sa ki agrave vilnerabilite yo devan enpak klimatik yo.

Inivèsitè yo te analize fason enterè elit oligachik la ansanm ak puisans etranje yo aliyen, kote yo di leta Ayisyen pa t jan m la pou sèvi majorite a.<sup>25</sup> Popilasyon peyizan riral la ki se majorite moun ki Ayiti, yo pa t janm envite yo patisipe nan pwojè politik endepandans la; yo te vin moun andeyò. Kòd Riral la te egzije pou yo make *paysannes* (mo franse pou “peyizan”) sou batistè sila yo ki fèt nan rejyon riral; peyizan an te dwe jwenn pèmisyon pou l vwayaje nan vil yo.<sup>26</sup> Elit Ayisyen an te kreye yon eta predatè ki te kontribye nan rann mas yo vin pòv.<sup>27</sup> Opresyon an te kontinye pandan plizyè syèk. Se jouk nan lane 1990 yo, gouvènman an te sispann mete *paysannes* nan batistè.<sup>28</sup>

Malgre defi materyèl ak politik popilasyon riral la t ap konfwonte, povrete oubyen esklizyon pa t defini lavi moun andeyò; men, moun andeyò te viv nan solidarite youn ak lòt, sa ki te kreye yon sosyete k ap fleri andeyò prezans leta a.<sup>29</sup>





## Kolonyalite Dezòd Klimatik

Pwojè kolonizasyon Ewopeyen an te konsidere lanati kòm yon machandiz pou l eksplwate epi “sivilizasyon” kòm reprezantasyon kapasite sosyete a pou domine lanati.<sup>30</sup> Kolonizasyon enplike pran yon pakèt tè, estraksyon resous ak eksplwatasyon mendèv. Li te rann Lwès Ewòp ak Etazini rich, sa ki te ouvè wout pou endistriyalizasyon, akimilasyon kapital, epi kòm konsekans dezòd klimatik atravè twòp gaz efèsè. Pwosesis kolonyal yo rann tèritwa yo kolonize yo pòv epi devaste anviwònman yo. Selon Walter Rodney, “objektif prensipal kolonizasyon se te pou rapatriye benefis yo ale jwenn swadizan peyi manman an;” devlopman Ewòp fèt nesèsèman sou do epi atravè sa li rele “soudevlopman” ak apovrisman tèritwa yo kolonize yo.<sup>31</sup>

Lojik ekstraksyon ak dominasyon kolonyal la te depann de separasyon rasyal: eta k ap kolonize yo te rann dosye dappiyanp sou tè ak esklavaj la lejitim, yo te fè sa atravè yo konsidere pèp ki pa Ewopeyen kòm pèp ki enferyè byolojikman. Separasyon rasyal sa yo rete jouk jounen jodi a, sa ki devlope yon separasyon nan aksè ak pouvwa ekonomik ak politik nan tout monn nan. Efè klima yo agrave inegalite sa a, paske ansyen peyi ki te konn kolonize yo kounye a “mwens vilnerab lontan fas ak chanjman klimatik la pase rejyon kote yo te kolonize yo.”<sup>32</sup>

## C. Okipasyon Etazini ak Diktati Duvalier: 1915-1986

Nan 20yèm syèk la, Ayiti te kontinye defini atravè devlopman ekstraktif ak dominasyon etranje. Etazini te rekonèt Ayiti fòmèlman kòm nasyon jouk lè esklavaj te fini sou tèritwa Etazini an, an 1862. Aprè sa, Ayiti te pase plis pase mwatye 20yèm syèk la anba okipasyon, diktati oubyen rejim eksteryè de facto, sa ki rann li pi pòv toujou, paske okipasyon an ak diktati Etazini te sipòte yo te bon pou ekonomi Etazini an sou do devlopman dirab Ayiti. Efè yo te ni politik, ni ekonomik: kontwòl etranje ki vini aprè enjerans etranje anpeche demokrasi.

Etazini te okipe Ayiti sòti 1915 rive 1934.<sup>33</sup> Etazini te mete lapat sou byen bank nasyonal Ayiti, pran kontwòl finans peyi a, kote gwo benefis yo ale nan bank nan Etazini, epi re-ekri Konstitisyon Ayiti a pou pèmèt etranje posede tè.<sup>34</sup> Okipasyon Etazini an ouvè ekonomi an plis ak investiman etranje.<sup>35</sup> Konpayi agwo-endistriyèl Etazini pwodui sik, ki rekonèt jounen jodi a kòm yon bagay ki gen gwo enpak negatif sou anviwònman an, menm jan ak fig epi kawoutchou.<sup>36</sup> Agrikilti ki te fèt sou baz plantasyon sa a, ki t ap fonksyone nan kòmansman lane 1900 yo jiska 1945, te detwi forè epi andomaje anviwònman Ayiti a plis.<sup>37</sup> Zòn lane 1945, yo te estime sèlman 21 pousan tèritwa peyi a gen forè ki kouvri li.<sup>38</sup>

An rive ane 1945, yo te estime sèlman

21%

tèritwa peyi a gen forè ki kouvri li

Aktè etranje yo pwofite de enkapasite Ayiti pou peye dèt li yo.<sup>39</sup> Akoz gwo ranson endepandans li a, gouvènman Ayiti a te vrèman razè. Ant 1825 ak 1957, “Dèt [e]ntènasyonal te souse an mwatye 19 pousan revni anyèl peyi a, epi nan kèk lane te manje plis pase 40 pousan.”<sup>40</sup> Nan kòmansman 20yèm syèk la, plis pase 80 pousan revni Ayiti nan enpo sou kafe, pi gwo ekspòtasyon l, te sèvi pou peye dèt ranson endepandans la.<sup>41</sup> Sa yo rele kounya Citigroup te pran kontwòl pifò pati dèt eksteryè Ayiti a.<sup>42</sup> Pèman dèt la rann eta fransè, bank prive ak fanmi ki te ansyen pwopriyetè esklav rich.<sup>43</sup> Kèk ekonomis estime si kapital sa a te rete Ayiti, peyi a t ap grandi ekonomikman ak yon vitès ki konparab ak peyi vwazen yo nan Amerik Latin nan.<sup>44</sup> Si n ale pi lwen, apovrisman sistematik Ayiti a gen konsekans sou anviwònman an, paske l kontribye nan enkapasite gouvènman an pou redui enpak dezòd klimatik yo epi fason popilasyon an k ap lite pou adapte l kòm sadwa devan yon klima k ap chanje.<sup>45</sup>

Priyorite politik pandan okipasyon an te kontribye nan deklèn riral ak degradasyon anviwònman an. Etazini ankouraje migrasyon travayè Ayisyen yo nan Repiblik Dominikèn, ki li menm tou te anba okipasyon ameriken sòti 1916 rive 1924, pandan y ap fè lwanj pou avantaj ekonomik “tè bon mache nan Sendomeng epi mendèv bon mache an Ayiti.”<sup>46</sup> Travayè Ayisyen yo te travay nan kondisyon kote yo eksplwate yo nan plantasyon sik dominiken, sa gen ladann pou avantaj konpayi Etazini. Epitou, Etazini te redui tarif ladwàn epi ankouraje ibanizasyon, ki li menm te lakòz neglijan lavi riral epi yon deklèn nan pwodiksyon manje.<sup>47</sup>

## Rasin Kolonyal Ekstraktivis<sup>48</sup>

Ekstraktivis “enplike jeneralman retire matyè premyè nan tèritwa yo te kolonize avan yo, ansanm ak transfòmasyon, vant ak konsomasyon matyè sa yo nan yon ekonomi mondyal, kote nasyon, sosyete transnasyonal ak konsomatè peyi Nò yo oubyen swadizan mond devlope jwenn avantaj yon fason ki dispwopòsyone.”<sup>49</sup> Ekstraktivis se te motè ekonomik kesyon kolonyal, kote eta ewopeyen yo te jwenn avantaj nan sa epi fè mal ak majorite Nwa, Endijèn ak popilasyon bren peyi Sid yo.<sup>50</sup> Istwa kolonyal sa a toujou fòm jounen jodi a ekonomi ekstraktivis mondyal la.<sup>51</sup> Eta ki pisan, sosyete transnasyonal ak aktè finansye tabli tèm ekonomi ekstraktif la.<sup>52</sup>

Ekonomi ekstratif la gen ladann endistri, aktè ak pwosesis ki enplike nan ekstraksyon mondyal resous natirèl, sa gen ladann ekstraksyon mineral, eksplwatasyon konbistib fosil, gwo pwodiksyon agrikilti, lapèch ak eksplwatasyon forè.<sup>53</sup> Anpil mouvman sosyal an Ayiti mete endistri manifakti ki gen salè ki ba ak “zòn ekonomik espesyal” yo tou nan yon paradig ekstraktivis, akòz enpak yo sou anviwònman an ak kominote yo ak benefis ki ale nan peyi Nò yo. Nan ka endistri manifakti a, se mendèv moun ki se sous ekstraksyon oubyen eksplwatasyon, se pa resous yo. Kèk òganizasyon an Ayiti remake mank kapasite enstitisyon leta yo pou regile endistri sa yo kòm sadwa epi asire koleksyon enpo nan avantaj popilasyon an kontribye tou nan nati ekstraktivis yo a.<sup>54</sup> Aktivite touris ki degrade anviwònman lokal la epi ki benefisye etranje ki gen otèl ak espas pou pase vakans, olye se moun lokal ki benefisye, pa egzanp, espas pou pase vakans yo te pwopoze nan Ile-a-Vache,<sup>55</sup> nou ka konsidere l tou kòm yon bagay ki fè pati ekonomi ekstraktif la.<sup>56</sup>

Pandan dezyèm mwatye zoyèm syèk la, Ayiti te twouve l anba yon diktati brital. Nan lane 1957, Doktè François Duvalier, yo konnen sou non “Papa Doc,” te vin prezidan. Li te kontwole Ayiti jiskaske l mouri an 1971, lè pitit li Jean-Claude Duvalier, yo rele “Baby Doc,” pran larelev, lè l te gen 18 lane. Baby Doc te dirije jiskaske yo te mete l atè epi egzile l nan lane 1986.<sup>57</sup> Sitou akòz pozisyon anti-kominis yo, Papa Doc ak Baby Doc te benefisye èd ak sipò ekonomik regilye nan men gouvènman Etazini an. Anpil moun te wè diktati Duvalier a kòm yon fòm dominasyon etranje k ap kontinye.<sup>58</sup>

Istoryen yo konsidere dominasyon Duvalier yo te fè sou Ayiti se te yon fyasko ekonomik, politik, sosyal ak moral.<sup>59</sup> Yo te bay rejim nan etikèt kleptokrasi. Duvalier yo ak akolit yo te vin rich sou do mas yo,<sup>60</sup> an pati yo te fè sa lè yo detounen lajan èd ki sòti Etazini ak Fon Monetè Entènasyonal (FMI).<sup>61</sup> Antrepriz Etazini yo te enstale operasyon nan Pòtoprens pou pwofite mendèv bon mache.<sup>62</sup> Endistri manifakti a te lakoz gen plis moun nan vil, epi popilasyon nan kapital la te vin plis pase twa fwa sa l te ye.<sup>63</sup> Kwasans sa a te gen ladann konstriksyon ak ekspansyon rapid nan Site Solèy, jodi a se pi gwo katye popilè Ayiti. Avèk anpil moun ladann, ap viv touprè lanmè a nan Pòtoprens, epi avèk mank investisman gouvènman an, sèvis sosyal ak enfrastrikti, Site Solèy bon jan vilnerab ak domaj klimatik yo.<sup>64</sup>

**Jounen jodi a, se sèlman anviwon**

**30%**

**Ayiti ki gen pyebwa ki kouvri li**

Diktati Duvalier papa-pitit la, Etazini ak lòt pisans te soutni a, te apovri peyi a pi plis epi te plis degrade anviwònman Ayiti a. Li pa t rive konstwi enfrastrikti ak enstitisyon piblik ki nesèsè pou pwoteje pèp Ayisyen an ak anviwònman yo.

### Destriksyon Forè Amezi Tan Ap Pase

Pyebwa ak forè enpòtan pou sante anviwònmantal ak rezistans klimatik. Debwazman plis agrave enpak fenomèn meteyowolojik ki grav anpil yo, paske pyebwa yo ede diminye domaj inondasyon, deboulonnay tè ak labou k ap koule lakoz. Debwazman lakoz ewozyon ak degradasyon tè tou, sa ki rann li pi difisil pou kiltive.<sup>65</sup>

Aktè etranje yo te jwe yon wòl nan akselere debwazman an Ayiti. Zafè koupe pyebwa nan tout peyi Dayiti te kòmanse sou kolonizasyon Lafrans la. Pou kreye plantasyon, kolon yo te koupe pyebwa nan forè Ayiti yo epi netwaye tè a pou kapab kiltive latè pi byen. Sa te kontinye aprè endepandans lan, paske Ayiti te koupe epi ekspòte kèk nan pyebwa ki te gen plis valè ekonomik li yo pou peye “ranson endepandans” li a,<sup>66</sup> epi pou jere plantasyon elit yo t ap dirije a.<sup>67</sup> Anba okipasyon Etazini an, nan kòmansman zoyèm syèk la, ekonomi Ayiti a te ouvè pou investisman etranje.<sup>68</sup> Gwo kilti sik an Ayiti, prensipalman pwodiksyon konpayi Etazini, lakoz plis debwazman.<sup>69</sup> Pita nan zoyèm syèk la, lè Ayiti te tonbe anba 4 dizèn lane diktati Etazini t ap sipòte a, Duvalier yo te kontinye koupe pyebwa Ayiti yo, yo te pè pou “zòn ki gen bwa yo pa abrite rebèl” epi te pèmèt alye politik yo koupe yo.<sup>70</sup> Jounen jodi a, se anviwon 30 pousan sèlman Ayiti ki gen pyebwa ki kouvri li.<sup>71</sup> Ayiti kontinye ap pèdi pyebwa akòz fenomèn klimatik ki grav, agrikilti ak pwodiksyon chabon.<sup>72</sup> Forè mangwòv, ki li menm febli fòs tanpèt, yo degrade yo anpil tou an Ayiti, menmsi efò konsèvasyon yo ta ka debouche sou rekiperasyon ekosistèm nan.<sup>73</sup>



## D. Newokolonyalis 2oyèm Syèk La: 1986-2000

Se neglijans zòn riral ak kwasans vil ki pa planifye ki te karakterize Ayiti nan fen 2oyèm syèk la. Malgre Ayisyen nan zòn riral yo pa t resevwa sipò gouvènman an, pwodiksyon agrikòl nan mwatye 2oyèm syèk la te solid. Nan lane 1970 yo, Ayiti te bon jan ap pran swen tèt li nan sa ki gen pou wè ak pwodui alimantè debaz, sa gen ladann volay ak diri, epi fè lajan nan ekspòtasyon pwodui agrikòl.<sup>74</sup> Apati kòmansman lane 1980 yo, entèvansyon ekonomik newoliberal te gen konsekans grav sou pwodiksyon manje. FMI, sa yo te tabli aprè zzyèm gè mondyal la pou rekonstwi sistèm monetè entènasyonal la, te kòmanse enpoze “pwogram ajisteman estriktirèl” nan peyi ki mwens devlope yo: yo te mete kondisyon, pou bay prè ki gen enterè redui sou kondisyon gouvènman an ap angaje l pou l redui depans piblik epi ouvè ekonomi yo pou komès entènasyonal ak investisman etranje.<sup>75</sup> Anplis de kondisyon yo te enpoze ki te kontribye nan inegalite, pwogram sa yo te egzije mezi privatizasyon ak rediksyon bidjè gouvènman an, sa ki te lakòz soufrans ki pa jistifye lakay pèp Ayisyen an.<sup>76</sup>

An menm tan, politik Etazini pa rapò ak Ayiti te vrèman dekouraje investisman nan agrikilti, epi Etazini te kòmanse ogmante ekspedisyon pwodui agrikòl bay Ayiti.<sup>77</sup> Politik etranje Etazini ansanm ak pwogram ajisteman estriktirèl FMI te fè gouvènman Ayiti a redui tarif ladwann sou diri ak lòt pwodui debaz.<sup>78</sup> Piske tarif ladwann plonje de 50 pousan jiska 3 pousan, diri Etazini ki bon mache te kòmanse inonde Ayiti, sa ki devaste sektè diri lokal la. Nan yon eskiz nan lane 2010 ki vin popilè kounye a, ansyen prezidan Etazini Bill Clinton te deklare presyon sou Ayiti pou bese tarif ladwann li yo “se te yon erè .... m ap viv chak jou ak konsekans yo kote Ayiti pèdi kapasite l pou pwodui diri pou bay popilasyon an manje, akòz sa m te fè a.”<sup>79</sup> Rediksyon tarif ladwann ak lòt politik komèsyal ak finans newoliberal fini ak souvènte alimantè a, sa ki rann Ayiti depann de jan mache alimantè mondyal la ap varye.<sup>80</sup> Jounen jodi a, Ayiti se twazyèm pi gran mache kote Etazini ekspòte diri.<sup>81</sup> Peyi a enpòte plis pase 50 pousan pwodui de baz alimantè,<sup>82</sup> epi Ayiti se youn nan peyi nan mond lan ki gen plis ensekirite alimantè.<sup>83</sup>

Bès nan pwodiksyon agrikòl la ogmante plis migrasyon sòti nan zòn riral pou ale nan katye nan vil ki pòv yo. Popilasyon Pòtoprens la ogmante sòti 500,000 nan kòmansman ane 1970 yo pou rive prèske twa milyon an 2022.<sup>84</sup> Anpil abitan ap viv nan kay ki mal fèt, san pa gen okenn jesyon dechè oubyen gen yon jesyon dechè men li pa anfòm, nan zòn ki ka inonde, sa ki ogmante vilnerabilite yo devan domaj klimatik.<sup>85</sup>

**Peyi a enpòte plis pase**

**50%**

**pwodui de baz alimantè, epi  
Ayiti se youn nan peyi nan  
mond lan ki gen plis ensekirite  
alimantè**



Vizyon aryèl pò lamè Okap, soley leve. Kredi foto: Rotorhead 30A - stock.adobe.com

## E. Kòmansman 21yèm Syèk la Ak Jounen Jodi A: Kriz ak Entèvansyon Etranje

Kriz ak entèvansyon k ap fè ale tounen te vin plis anpeche kwasans ekonomik Ayiti a epi te entèwonp tantativ pou l te gen souverènte politik li sòti nan fen 20yèm syèk la jouk jounen jodi a. Kondisyon enjerans politik newokolonyal la ansanm ak enstabilite a rann kapasite gouvènman Ayisyen an fèb pou bese enpak yo epi pou adapte ak dezòd klimatik la epi l minen responsabilite l devan pèp Ayisyen an.<sup>86</sup>

Nan kat ane ki vini aprè Baby Doc ale, twa (3) prezidan te gouvène Ayiti, youn nan yo, Henri Namphy, te pran epi pèdi pouvwa a de (2) fwa.<sup>87</sup> Nan lane 1990, Jean-Bertrand Aristide te vin premye prezidan Ayiti te eli anba demokrasi. Yo te kouri dèyè l ak yon koudeta sèt mwa aprè.<sup>88</sup> Prezidan Aristide te retounen sòti an egzil nan lane 1994 epi te sèvi kòm prezidan jiska lane 1996.<sup>89</sup> Men, kondisyon pou l te retounen se te aksepte politik ajisteman estriktirèl Bank Mondyal ak FMI ki te kontribye pou fè Ayiti toujou depann de èd etranje epi anpeche devlopman sosyal ak ekonomik.<sup>90</sup> Yo te eli Aristid ankò nan lane 2000 men yo te ranvèse l nan yon dezyèm koudeta kat lane aprè, kote te gen prèv fyab ki montre CIA te enplike.<sup>91</sup>

Youn nan pi gwo katastwòf natirèl mondyal la te pote konsekans anòmal ki grav an Ayiti.<sup>92</sup> Nan jou ki te 12 janvyè 2010, yon tranblemanntè te frape peyi a epi touye plizyè santèn milye Ayisyen epi ravaje ensfrazstrikti gouvènman an ki te deja limite.<sup>93</sup> Pil èd etranje aprè tranbleman tè a pa t pase atravè gouvènman Ayisyen an ni òganizasyon sosyete sivil Ayisyen.<sup>94</sup> Nan plis pase \$1,5 milya Ajans Ameriken pou Devlopman Entènasyonal te depanse Ayiti pandan senk premye ane aprè

tranblemanntè a, pa egzanp, mwens pase yon penich sou chak dola te ale dirèkteman nan men yon òganizasyon Ayisyen.<sup>95</sup> Èd ak investisman etranje konsantre yo tou sou devlopman ekstraktivis ki menase gaypen yo nan zòn rural yo ansanm ak anviwònman an, sa gen ladann devlopman endistri min lò ak zòn ekonomik espesyal, tankou Pak endistriyèl Karakòl, ki te deplase plizyè santèn peyizan pou pati kite tè yo, epi polye anviwònman ki antoure yo.<sup>96</sup> An gwo, mozayik pwojè yo jere nan entènasyonal la aprè tranblemanntè a pa t rive reponn ak bezwen sosyal popilasyon Ayisyen an epi kraze kapasite gouvènman Ayisyen an pou fè sa.<sup>97</sup>

Avèk yon ti rekil, sekans evènman ki vini aprè tranblemanntè a te make yon vire negatif nan trajektwa ki te deja enstab Ayiti a. Aprè tranblemanntè a, aktè etranje yo te ankouraje eleksyon, yon eleksyon anpil Ayisyen te di ki pa t apwopriye epi se prese yo t ap prese fè l.<sup>98</sup> Si w pran yon rekil, eleksyon yo te avanse nan yon moman ki te desizif. Li gen mak yon eleksyon ki gen fwod, pa gen anpil moun ki al vote, ajoute prèv fyab ki montre enjerans Òganizasyon eta ameriken ak Depatman eta ameriken.<sup>99</sup> Eleksyon yo te kale Parti Haïtien Tèt Kale (PHTK), ki li menm kontinye ap kontwòle gouvènman Ayisyen an jounen jodi a.<sup>100</sup>

Administrasyon PHTK ki vini youn aprè lòt yo te trennen yon deklen ekonomik ki grav, destriksyon enstitisyon politik yo ansanm ak yon ogmantasyon nan vyolans ki anpeche popilasyon Ayisyen an ale fè aktivite kotidyen yo. Depi tranblemanntè a, lidèchip politik la gen akizasyon fwod ak koripsyon sou do l, sa gen ladann detounman ak vòl plis pase \$2 milya nan PetroCaribe, pwogram sibvansyon petwòl Venezyela soutni an.<sup>101</sup> Finansman sa, ki te bay Ayiti petwòl ak yon to enterè ki ba anpil la, objektif li se te pou sipòte pwogram sosyal ak pwojè devlopman ki ta ka ede nan rezistans klimatik.<sup>102</sup> Prezidan PHTK yo, Michel Martelly ak Jovenel Moïse, te tonbe nan koripsyon ak otoritaris, sa ki kraze enstitisyon demokratik yo epi santralize pouvwa a nan men egzekitif la. Administrasyon prezidan Moïse la te fini britsoukou nan dat 7 jiyè 2021, lè yo te asasinan l nan chanm li.<sup>103</sup>

Nan lane 2022 ak 2023, PHTK te kontinye gouvènè kòm otorite defakto, malgre l pa t gen lejitimite popilè,<sup>104</sup> epi vyolans te ogmante anpil. Nan lane 2023, yo te touye plis moun an Ayiti pase an Ikrèn.<sup>105</sup>

Nan moman mwa dawout 2024, pa t gen otorite eli nan peyi a, epi pou kounye a, Ayiti nan yon eta kriz. Gouvènman an prèske pa fonksyonèl, pandan vyolans gang, kidnapin ak ensekirite jeneral rann li vrèman difisil pou popilasyon Ayisyen an ale nan aktivite kotidyen yo, san pale de preparasyon ak repons devan yon reyalyte kote klima a ap chanje.<sup>106</sup>





Katedral Notre-Dame de L'Assomption, Pòtoprens, Ayiti. Kredi foto: airmaria - stock.adobe.com

## F. Konklizyon

Istwa Ayiti nan kesyon eksplwatasyon kolonyal, ranson endepandans la, okipasyon, diktati ak entèvansyon newokolonyal etranje te rann popilasyon l lan vin pòv, degrade anviwònman l lan, epi anpeche konstriksyon enfrastrikti bazik. Gwo povrete Ayiti a, degradasyon anviwònman an, gouvènman an ki p ap fonksyone, melanje ak sèvis debaz ki pa genyen tankou dlo, asenisman ak sante, fè Ayiti youn nan peyi ki pi vilnerab nan kesyon klimatik nan monn nan. Chapit ki vini aprè a fè yon kout je sou kijan pèp Ayisyen an ap degaje l epi lite pou reponn ak dezòd klimatik nan lavi kotidyen yo. Li prezante efò adaptasyon ak rezistans debaz yo epi demann pledwaye ki vize fè enpak klimatik yo fè mwens mal. Chapit IV la fè konnen tout pèspektiv jistis nan kesyon klimatik mande pou efò sa yo vini ansanm ak yon gwo redistribisyon resous bay Ayiti. Epitou, li fè konnen konstriksyon istorik ki enjis vilnerabilite klimatik an Ayiti a fè peyi a se yon ka egzanplè pou reparasyon.

# Sitasyon

---

- 1 Racism Causes Climate Vulnerability in Haiti, CENTER FOR HUMAN RIGHTS & GLOBAL JUSTICE NYU LAW, at 37, <https://chrgj.org/wp-content/uploads/2022/07/Combined-Annexes-ENG-Final.pdf> (last visited on Jul. 21, 2024).
- 2 JASON HICKEL, THE DIVIDE: GLOBAL INEQUALITY FROM CONQUESTS TO FREE MARKETS 202 (2018); Farhana Sultana, The unbearable heaviness of climate coloniality, 99 Political Geography 102638, 4 (2022); see INTERGOVERNMENTAL PANEL ON CLIMATE CHANGE (IPCC), CLIMATE CHANGE 2022 – IMPACTS, ADAPTATION AND VULNERABILITY: WORKING GROUP II CONTRIBUTION TO THE SIXTH ASSESSMENT REPORT OF THE INTERGOVERNMENTAL PANEL ON CLIMATE CHANGE, 53 Cambridge University Press (2023); see also Feedback from LAJ to the Glob. Just. Clinic (Nov. 11, 2022) (on file with author).
- 3 Eckstein, Kunzel, and Shafer, *Global Climate Risk Index 2021*, Germanwatch (2021), [https://www.germanwatch.org/sites/default/files/Global%20Climate%20Risk%20Index%202021\\_2.pdf](https://www.germanwatch.org/sites/default/files/Global%20Climate%20Risk%20Index%202021_2.pdf) (last visited on Jul. 28, 2024).
- 4 See generally CEDRIC J. ROBINSON, BLACK MARXISM: THE MAKING OF THE BLACK RADICAL TRADITION (1983).
- 5 See, e.g., Simpson Center, *Robin D. G. Kelley: What is Racial Capitalism and Why Does it Matter?*, YouTube (Nov. 26, 2017), [https://www.youtube.com/watch?v=REo\\_gHlpvJc](https://www.youtube.com/watch?v=REo_gHlpvJc).
- 6 See, e.g., Peter James Hudson, *Banking on a 'shithole': US-led racial capitalism in Haiti began long before Trump*, LSE LATIN AMERICAN AND CARIBBEAN CENTRE BLOG (April 12, 2018), <https://blogs.lse.ac.uk/latamcaribbean/2018/04/12/banking-on-a-shithole-us-led-racial-capitalism-in-haiti-began-long-before-trump/#author-info>; see also Yves Engler, *Racial Capitalism and the Betrayal of Haiti*, CANADIAN DIMENSION (Feb. 26, 2021), <https://canadiandimension.com/articles/view/racial-capitalism-and-the-betrayal-of-haiti>.
- 7 See the text box above on racial capitalism.
- 8 Case study of Hispaniola under Colonial Genocides Project, GENOCIDES STUDIES PROGRAM, YALE UNIVERSITY, <https://gsp.yale.edu/case-studies/colonial-genocides-project/hispaniola> (last visited on Jul. 28, 2024).
- 9 *Id.*
- 10 JEAN CASIMIR, THE HAITIANS: A DECOLONIAL HISTORY, at 19 (Laurent Dubois trans., 2020) (gade byen majorite popilas-yon ki te nan esklavaj nan Saint Domingue te fèt sou kontinan afriken an epi yo te trafike yo mennen sou zile a; otè a pa itilize tèm “esklav,” li prefere tèm ki pi deskriptif “kaptif.”)
- 11 GLOBAL JUSTICE CLINIC AND HAITI JUSTICE INITIATIVE, BYEN KONTE, MAL KALKILE?: HUMAN RIGHTS AND ENVIRONMENTAL RISKS OF GOLD MINING IN HAITI 24, <https://en.ayitikanpemin.org/resources-list/byen-konte-mal-kalkile-human-rights-and-environmental-risks-of-gold-mining-in-haiti>.
- 12 Laurent Dubois, AVENGERS OF THE NEW WORLD: THE STORY OF THE HAITIAN REVOLUTION, at 40 (2005).
- 13 GLOBAL JUSTICE CLINIC AND HAITI JUSTICE INITIATIVE, BYEN KONTE, MAL KALKILE?: HUMAN RIGHTS AND ENVIRONMENTAL RISKS OF GOLD MINING IN HAITI 24, <https://en.ayitikanpemin.org/resources-list/byen-konte-mal-kalkile-human-rights-and-environmental-risks-of-gold-mining-in-haiti>.
- 14 Sherrie Bayer & Lisa Paravisini-Gebert, *Hispaniola's Environmental Story: Challenging an Iconic Image*, 37 Callalo 648, 650 (Summer, 2015). See generally Malcolm Ferdinand, *Decolonial Ecology: Thinking of Ecology from the Caribbean World* (2019), for a discussion of the intertwined ecological and social violence of “colonial habitation.”
- 15 Jan nou di sa nan nòt 10 la, gen moun ki pa dakò ak nosyon pèp Ayisyen an te “esklav.” Yo te mete yo an esklavaj men yo pa t fèt nan esklavaj; yo te kidnapè yo epi transpòte yo yon lòt kote nan Atlantik la. Kidonk, Jean Casimir ak lòt ka defann Ayiti se sèl peyi nan monn nan ki fonde apati yon revolisyon moun yo te mete nan esklavaj ak kaptivite fè.
- 16 GLOBAL JUSTICE CLINIC AND HAITI JUSTICE INITIATIVE, BYEN KONTE, MAL KALKILE?: HUMAN RIGHTS AND ENVIRONMENTAL RISKS OF GOLD MINING IN HAITI 24, <https://en.ayitikanpemin.org/resources-list/byen-konte-mal-kalkile-human-rights-and-environmental-risks-of-gold-mining-in-haiti>.
- 17 *Id.*
- 18 Tèm ranson an soulinye pèman an te nesèsè pou libète Ayiti a. Epitou, yo rele ranson an souvan dèt endepandans ayiti oubyen doub dèt.
- 19 Selam Gebrekidan et al., *The Root of Haiti's Misery: Reparations to Enslavers*, N.Y. TIMES (May 20, 2022), <https://www.nytimes.com/2022/05/20/world/americas/haiti-history-colonized-france.html>.
- 20 Haiti's GDP data from 1960 to 2023, WORLD BANK GROUP, <https://data.worldbank.org/indicator/NY.GDP.MKTP.CD?locations=HT> (last visited on Jul. 28, 2024).

- 21 See Selam Gebrekidan et al., *The Root of Haiti's Misery: Reparations to Enslavers*, N.Y. TIMES (May 20, 2022), <https://www.nytimes.com/2022/05/20/world/americas/haiti-history-colonized-france.html>.
- 22 M. R. O'Connor, *One of the most repeated facts about Haiti is a lie*, VICE (Oct. 13, 2016, 5:18 AM), <https://www.vice.com/en/article/43qy9n/one-of-the-most-repeated-facts-about-deforestation-in-haiti-is-a-lie>.
- 23 JEAN CASIMIR, *THE HAITIANS: A DECOLONIAL HISTORY*, at 185 (Laurent Dubois trans., 2020).
- 24 Margaret Satterthwaite and Nixon Boumba, "Tout Moun se Moun: Critical Legal Empowerment for Human Rights in Haiti," 97 NYU. L. REV. 1566, 1575 (2022), <https://nyulawreview.org/issues/uncategorized/tout-moun-se-moun-critical-legal-empowerment-for-human-rights-in-haiti/> ("An reyalyite, elit Ayisyen yo te achte rekonesans eksteryè souverènte nouvo nasyon yo a genyen an echanj pou yo kontinye soumèt konpatriyòt yo, ki anfèt pèdi dwa moun yo ankò"); see, e.g., JEAN CASIMIR, *THE HAITIANS: A DECOLONIAL HISTORY*, at 143 (Laurent Dubois trans., 2020) (remake klas politik la te chanje Kòd Riral la, ki te egzije travay fòse epi limite libète mouvman ansyen esklav).
- 25 *Id.*
- 26 Jobnel Pierre, *La question des actes de naissance*, LE NOUVELLISTE (Apr. 27, 2005), <https://lenouvelliste.com/article/17445/la-question-des-actes-de-naissance>.
- 27 See generally ROBERT FATTON JR., *HAITI'S PREDATORY REPUBLIC: THE UNENDING TRANSITION TO DEMOCRACY* (2002).
- 28 Jobnel Pierre, *La question des actes de naissance*, LE NOUVELLISTE (Apr. 27, 2005), <https://lenouvelliste.com/article/17445/la-question-des-actes-de-naissance>.
- 29 JEAN CASIMIR, *THE HAITIANS: A DECOLONIAL HISTORY*, at 185-186 (Laurent Dubois trans., 2020).
- 30 MALCOLM FERDINAND, *DECOLONIAL ECOLOGY: THINKING FOR THE CARIBBEAN WORLD (CRITICAL SOUTH)* (1st ed. 2022); JEAN CASIMIR, *THE HAITIANS: A DECOLONIAL HISTORY* (Laurent Dubois trans., 2020); E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism, racial discrimination, xenophobia and related intolerance), *Report on ecological crisis, climate justice and racial justice*, UN Doc. A/77/549 (Oct. 25, 2022); Carmen G. Gonzalez, *Migration as Reparation: Climate Change and the Disruption of Borders*, 66 LOY. L. REV. 401, 404 (2020).
- 31 *Id.*, at 410; WALTER RODNEY, *HOW EUROPE UNDERDEVELOPED AFRICA* 149 (1982).
- 32 Olúfẹ́mi O. Táíwò, *The Fight for Reparations Cannot Ignore Climate Change*, BOSTON REV. (Jan. 10, 2022), <https://www.bostonreview.net/articles/the-fight-for-reparations-cannot-ignore-climate-change/>. Anpil swadizan solisyon klimatik peyi Nò yo ak gwo antrepriz yo ap fè pwomosyon pou yo a, se yo menm ankò ki ka agrave inegalite sa a. Pwopozisyon sa yo ap chèche repons ki itilize teknoloji epi ki baze sou mache a pou fè fas ak dezòd klimatik, ki riske eksplwate peyi Sid yo epi afekte kominote yo pandan y ap kenbe sistèm ekonomik kote se peyi Nò yo ki plis benefisyè de li a. Pa, egzanzp, mache konpansasyon kabòn yo ak estrateji eliminasyon kabòn "sou baz latè" yo te toujou vini ak risk pou vyole dwa endijèn yo ak kominote riral ak peyizan yo epi vòlè tè yo nan men yo. Ranfòsman eksplwatasyon minyè pou tranzisyon enèji vèt ap kreye nouvo zòn sakrifis rasyal oubyen "zòn sakrifis vèt" nan kominote kote eksplwatasyon minyè afekte yo. Teknoloji ki vize elimine kabòn, tankou jewo-enjenyeri, ka gen yon enpak devastatè sou lavi nan lanmè ak nan kominote lapèch yo. See THE LAND GAP REPORT 59-67 (2022), <https://landgap.org/2022/report>; see also E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism), *Report on ecological crisis, climate justice and racial justice*, ¶ 62, UN Doc. A/77/549 (Oct. 25, 2022); see The Climate Land Ambition and Rights Alliance Submission to the Supervisory Body on 6.4 for Removals, at 3-6 (Jun. 19, 2023), <https://unfccc.int/sites/default/files/resource/ClimateLandAmbitionandRightsAlliance.pdf>; see generally MININGWATCH CANADA, *TURNING DOWN THE HEAT: CAN WE MINE OUR WAY OUT OF THE CLIMATE CRISIS?* (Nov. 2022), [https://miningwatch.ca/sites/default/files/miningwatch\\_re-view\\_page.pdf](https://miningwatch.ca/sites/default/files/miningwatch_re-view_page.pdf).
- 33 Edwidge Danticat, *The Long Legacy of Occupation in Haiti*, THE NEW YORKER (Jul. 28, 2015), <https://www.newyorker.com/news/news-desk/haiti-us-occupation-hundred-year-anniversary>.
- 34 Selam Gebrekidan et al., *The Ransom: Invade Haiti, Wall Street Urged. The US Obligated.*, N.Y. TIMES (May 20, 2022), <https://www.nytimes.com/2022/05/20/world/haiti-wall-street-us-banks.html>.
- 35 *Id.*
- 36 See PLATFÒM AYISYEN PLEDWAYE POU YON DEVLÒPMAN ALTÈNATIF (PAPDA) [Haitian Platform Advocates for an Alternative Development], *LES REVENDICATIONS PAYSANNES HAÏTIENNES: C'EST AUSSI NOS OIGNONS! [Haitian Farmers' Demands: It's Our Business Too!]* 8 (Feb., 2022), [https://www.entraide.be/IMG/pdf/etude\\_cahier\\_revendication\\_light.pdf](https://www.entraide.be/IMG/pdf/etude_cahier_revendication_light.pdf); WWF, <https://www.worldwildlife.org/industries/sugarcane> (last visited Jul. 19, 2024) (ki eksplike, nan tout monn lan, yo te dekri pwodiksyon kann kòm "kwa li gen yon gwo enpak sou anviwònman an menm jan ak nenpòt lòt matyè premyè agrikòl" akoz sekile latè, ewozyon ak degradasyon tè a, itilizasyon dlo ak enpak sou sous dlo yo).
- 37 See PAPDA, *LES REVENDICATIONS PAYSANNES HAÏTIENNES: C'EST AUSSI NOS OIGNONS!* 8 (Feb., 2022), [https://www.entraide.be/IMG/pdf/etude\\_cahier\\_revendication\\_light.pdf](https://www.entraide.be/IMG/pdf/etude_cahier_revendication_light.pdf).
- 38 *Id.*

- 39 Westenley Alcenat, *The Case for Haitian Reparations*, JACOBIN (Jan. 14, 2017), <https://jacobin.com/2017/01/haiti-reparations-france-slavery-colonialism-debt/>.
- 40 Selam Gebrekidan et al., *The Root of Haiti's Misery: Reparations to Enslavers*, N.Y. TIMES (May 20, 2022), <https://www.nytimes.com/2022/05/20/world/americas/haiti-history-colonized-france.html>.
- 41 *Id.*
- 42 *Id.*; Selam Gebrekidan et al., *The Ransom: Invade Haiti, Wall Street Urged. The US Obligated*, N.Y. TIMES (May 20, 2022), <https://www.nytimes.com/2022/05/20/world/haiti-wall-street-us-banks.html>.
- 43 Selam Gebrekidan et al., *The Root of Haiti's Misery: Reparations to Enslavers*, N.Y. TIMES (May 20, 2022), <https://www.nytimes.com/2022/05/20/world/americas/haiti-history-colonized-france.html>.
- 44 *Id.*
- 45 BHAWAN SINGH & MARC COHEN, OXFAM, CLIMATE CHANGE RESILIENCE: THE CASE OF HAITI, OXFAM RESEARCH REPORT 18 (Mar. 2014), [https://www-cdn.oxfam.org/s3fs-public/file\\_attachments/rr-climate-change-resilience-haiti-260314-en\\_2.pdf](https://www-cdn.oxfam.org/s3fs-public/file_attachments/rr-climate-change-resilience-haiti-260314-en_2.pdf); UNITED NATIONS DEVELOPMENT PROGRAMME, BUREAU FOR CRISIS PREVENTION AND RECOVERY, CLIMATE RISK MANAGEMENT FOR WATER AND AGRICULTURE IN THE DOMINICAN REPUBLIC: FOCUS ON THE YAQUE DEL SUR BASIN (Jan, 2013), [https://www.iisd.org/system/files/publications/crm\\_dom\\_republic.pdf](https://www.iisd.org/system/files/publications/crm_dom_republic.pdf).
- 46 *República Dominicana y Haití: Entre la Fraternidad y la Doctrina del Conflicto*, EL PAÍS (Nov. 30, 2015, 7:43 PM ET), [https://elpais.com/elpais/2015/12/01/contrapuntos/1448930606\\_144893.html](https://elpais.com/elpais/2015/12/01/contrapuntos/1448930606_144893.html).
- 47 Macleod Mudo J. et al., *Haiti*, ENCYC. BRITANNICA, <https://www.britannica.com/place/Haiti/The-Haitian-Revolution#ref54485> (last updated Jul 19, 2024).
- 48 E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism), *Report on global extractivism and racial equality*, UN Doc. A/HRC/41 (May 14, 2019).
- 49 *Id.* at ¶ 7.
- 50 *Id.* at ¶ 26.
- 51 *Id.* at ¶ 8.
- 52 *Id.* at ¶ 6.
- 53 *Id.*
- 54 Interview with LAJ (2021) (on file with authors).
- 55 David Adams, *Neglected Islanders Resist Plan for Haiti Tourism Revival*, REUTERS (Apr. 6, 2014), <https://www.reuters.com/article/us-haiti-tourism-idUSBREA3506V20140406>.
- 56 Sepandan fòk nou souline se pa tout aktivite touris ki ekstraktif; aktivite touris ka yon endistri ki enpòtan epi ki dirab.
- 57 GLOBAL JUSTICE CLINIC & HAITI JUSTICE INITIATIVE, BYEN KONTE, MAL KALKILE? HUMAN RIGHTS AND ENVIRONMENTAL RISKS OF GOLD MINING IN HAITI 25 (Dec. 2013), <https://en.ayitikanpemin.org/resources-list/byen-konte-mal-kalkile-human-rights-and-environmental-risks-of-gold-mining-in-haiti>.
- 58 Doktè François Duvalier se te “piti yon okipasyon ameriken.” Li te jwenn edikasyon nan yon lekòl medsin Etazini te mete an Ayiti, epi inivèsite yo te remake jan l wè monn nan, sa gen ladann kwayans kote pèp Ayisyen an fèt pou yon diktati jan sa fèt an Afrik olye demokrasi, se te Etazini ki te bonjan enfliyans sa. See Laurent Dubois, *How Will Haiti Reckon with the Duvalier Years*, THE NEW YORKER (Oct. 6, 2014), <https://www.newyorker.com/news/news-desk/will-haiti-reckon-duvalier-years>.
- 59 See generally LAURENT DUBOIS, HAITI: THE AFTERSHOCKS OF HISTORY 19 (2012); ROBERT FATTON JR., HAITI'S PREDATORY REPUBLIC: THE UNENDING TRANSITION TO DEMOCRACY, at 27-76 (2002).
- 60 Stephanie Hanes, *Jean-Claude Duvalier, Ex-Haitian Leader Known as Baby Doc, Dies at 63*, WASH. POST (Oct. 4, 2014), [https://www.washingtonpost.com/world/the\\_americas/jean-claude-duvalier-ex-haitian-leader-known-as-baby-doc-dies-at-63/2014/10/04/ecdaa2bc-4be3-11e4-b72e-d60a9229cc10\\_story.html](https://www.washingtonpost.com/world/the_americas/jean-claude-duvalier-ex-haitian-leader-known-as-baby-doc-dies-at-63/2014/10/04/ecdaa2bc-4be3-11e4-b72e-d60a9229cc10_story.html).

- 61 *Id.*; Mark Schuller, *Break the Chains of Haiti's Debt*, JUBILEE USA NETWORK (May 20, 2006), <http://www.ijdh.org/pdf/headline1-11-07.pdf>; Laurent Dubois, *How Will Haiti Reckon with the Duvalier Years*, THE NEW YORKER (Oct. 6, 2014), <https://www.newyorker.com/news/news-desk/will-haiti-reckon-duvalier-years>.
- 62 Laurent Dubois, *How Will Haiti Reckon with the Duvalier Years*, THE NEW YORKER (Oct. 6, 2014), <https://www.newyorker.com/news/news-desk/will-haiti-reckon-duvalier-years> (“Nan lide pou ranfòse ekonomi an, Duvalier te ofri ankourajman bay konpayi etranje yo pou tabli izin an Ayiti. Moun ki t ap ankouraje sa te di peyi a t ap vini “Taywann Karayib la.” Izin yo te vini, epi yo te ofri kèk moun travay.”).
- 63 Laurent Dubois, *How Will Haiti Reckon with the Duvalier Years*, THE NEW YORKER (Oct. 6, 2014), <https://www.newyorker.com/news/news-desk/will-haiti-reckon-duvalier-years>; Dep’t of Econ. and Soc. Affairs, Population Div., *World Urbanization Prospects: The 2018 Revision*, UN Doc. ST/ESA/SER.A/420 (2019).
- 64 Site Solèy se youn nan katye kote vyolans gang gen plis enpak sou li jounen jodi a. BEATRICE MOSELLO ET AL., ROOTS FOR PEACE: UNCOVERING CLIMATE SECURITY CHALLENGES IN HAITI AND WHAT TO DO ABOUT THEM (2023), [https://weatheringrisk.org/sites/default/files/document/Roots\\_for\\_peace\\_uncovering\\_climate\\_security\\_challenges\\_in\\_Haiti\\_3.pdf](https://weatheringrisk.org/sites/default/files/document/Roots_for_peace_uncovering_climate_security_challenges_in_Haiti_3.pdf).
- 65 Emmanuela Douyon et al., *Earthquakes And Storms Are Natural, But Haiti's Disasters Are Man-Made Too*, WASH. POST (Aug. 20, 2021), <https://www.washingtonpost.com/outlook/2021/08/20/earthquakes-storms-are-natural-haitis-disasters-are-man-made-too/>.
- 66 GLOBAL JUSTICE CLINIC & HAITI JUSTICE INITIATIVE, BYEN KONTE, MAL KALKILE? HUMAN RIGHTS AND ENVIRONMENTAL RISKS OF GOLD MINING IN HAITI 24-25, 33 (Dec. 2013), <https://en.ayitikanpemin.org/resources-list/byen-konte-mal-kalkile-human-rights-and-environmental-risks-of-gold-mining-in-haiti>.
- 67 PAPDA, KAYE NASYONAL REVANDIKASYON ÒGANIZASYON PEYIZAN AK PEYIZAN AYISYEN YO [National Book of Claims of Haitian Peasants and Peasants Organizations] (2018), <https://www.slideshare.net/slideshow/papda-kaye-nasyonal-revandikasyon-oganzasyon-peyizan-haiti/148460714>.
- 68 LAURENT DUBOIS, HAITI: THE AFTERSHOCKS OF HISTORY 328-9 (2012).
- 69 Marylynn Steckley & Yasmine Shamsie, *Manufacturing Corporate Landscapes: The Case of Agrarian Displacement and Food (In)security in Haiti*, 36 THIRD WORLD Q. 179, 183 (2016), <https://doi.org/10.1080/01436597.2015.976042>.
- 70 PAPDA, KAYE NASYONAL REVANDIKASYON ÒGANIZASYON PEYIZAN AK PEYIZAN AYISYEN YO, <https://entraide.be/publication/les-revendications-paysannes-haitiennes-c-est-aussi-nos-oignons-3150/>.
- 71 GLOBAL FOREST WATCH, <https://www.globalforestwatch.org/dashboards/country/HTI> (last visited July 29, 2024).
- 72 ANDREW TARTER ET AL., WORLD BANK GROUP, CHARCOAL IN HAITI: A NATIONAL ASSESSMENT OF CHARCOAL PRODUCTION AND CONSUMPTION TRENDS vii-xi (2018), <https://documents1.worldbank.org/curated/en/697221548446232632/pdf/134058-CharcoalHaitiWeb.pdf>.
- 73 UN ENV’T PROGRAMME, *Mangrove Restoration in Haiti Moves Up a Gear* (July 24, 2020), <http://www.unep.org/news-and-stories/story/mangrove-restoration-haiti-moves-gear> (last visited July 29, 2024).
- 74 Sherrie Bayer & Lisa Paravisini-Gerbet, *Hispaniola's Environmental Story: Challenging an Iconic Image*, 27 CALLALOO, 648, 652 (Summer 2014), <https://www.jstor.org/stable/24265162>; REPUBLIC OF HAITI, SUBMISSION TO THE UNITED NATIONS: RIGHT TO FOOD, WATER AND SANITATION (Oct. 2011), <http://www.ijdh.org/wp-content/uploads/2011/03/UPR-Right-to-Food-Water-San-Final-English.pdf>.
- 75 Lourdes Benería, *Structural Adjustment Policies*, in THE ELGAR COMPANION TO FEMINIST ECONOMICS (Janice Peterson & Margaret Lewis eds., 1999), [https://www.researchgate.net/profile/Lourdes-Beneria/publication/265324115\\_Structural\\_Adjustment\\_Policies\\_1/links/5743146b08ae9f741b37d572/Structural-Adjustment-Policies-1.pdf](https://www.researchgate.net/profile/Lourdes-Beneria/publication/265324115_Structural_Adjustment_Policies_1/links/5743146b08ae9f741b37d572/Structural-Adjustment-Policies-1.pdf); James B. Greenberg, *A Political Ecology of Structural-Adjustment Policies: The Case of the Dominican Republic*, 19 Culture & Agriculture 3, 85, 85-93, <https://onlinelibrary.wiley.com/doi/10.1525/cag.1997.19.3.85>.
- 76 Jean-Germain Gros, *Indigestible Recipe: Rice, Chicken Wings, and International Financial Institutions: Or Hunger Politics in Haiti*, 40 JOURNAL OF BLACK STUDIES, May 2010, 974, 976, <http://www.jstor.org/stable/40648617>; Vincent Jones, *Haiti's Deadly Riots Fueled by Anger Over Decades of Austerity And Foreign Interference*, THE CONVERSATION, July 26, 2018, <https://theconversation.com/haitis-deadly-riots-fueled-by-anger-over-decades-of-austerity-and-foreign-interference-100209>; *Haiti's Latest Coup: Structural Adjustment and The Struggle for Democracy*, An Interview with Camille Chalmers, 18 THE MULTINATIONAL MONITOR, May 1997, 20, <https://multinationalmonitor.org/hyper/mmo597.08.html>; Mark Schuller, *Break the Chains of Haiti's Debt*, JUBILEE USA NETWORK (May 20, 2006), <http://www.ijdh.org/pdf/headline1-11-07.pdf>.
- 77 CENTER FOR HUMAN RIGHTS AND GLOBAL JUSTICE, GLOBAL JUSTICE CLINIC, PARTNERS IN HEALTH, ROBERT F. KENNEDY CENTER FOR JUSTICE AND HUMAN RIGHTS & ZANMI LASANTE, SAK VID PA KANPE: THE IMPACT OF US FOOD AID ON HUMAN RIGHTS IN HAITI (2010), <https://www.pih.org/sites/default/files/2017-07/Sak-Vid-Pa-Kanpe-The-Impact-of-US-Food-Aid-on-Human-Rights-in-Haiti.pdf>.

- 78 Vincent Jones, *Haiti's Deadly Riots Fueled by Anger Over Decades of Austerity And Foreign Interference*, THE CONVERSATION, July 26, 2018, <https://theconversation.com/haitis-deadly-riots-fueled-by-anger-over-decades-of-austerity-and-foreign-interference-100209>.
- 79 *Bill Clinton's Trade Policies Destroyed Haitian Rice Farming, Now Haiti Faces Post-Hurricane Famine*, DEMOCRACY NOW!, Oct. 11, 2016, [https://www.democracynow.org/2016/10/11/bill\\_clinton\\_s\\_trade\\_policies\\_destroyed](https://www.democracynow.org/2016/10/11/bill_clinton_s_trade_policies_destroyed).
- 80 See Sandra C. Wisner, *Starved for Justice: International Complicity in Systematic Violations of the Right to Food in Haiti*, Colum. Hum. Rts. L. Rev. Online 410 (2022), <https://blogs.law.columbia.edu/hrlr/files/2022/05/Wisner-Ready-to-Publish-.pdf?eType=EmailBlastContent&eId=68acad9f-495a-47ab-b9e5-abf48ec4d7fo>
- 81 *Id.* at 415
- 82 *Id.* at 421.
- 83 *Haiti*, WORLD FOOD PROGRAMME, <https://www.wfp.org/countries/haiti> (last visited August 3, 2024).
- 84 *Port-Au-Prince Population 2024*, WORLD POPULATION REV., <https://worldpopulationreview.com/world-cities/port-au-prince-population> (last visited Aug 03, 2024).
- 85 GLOBAL FACILITY FOR DISASTER REDUCTION AND RECOVERY & CLIMATE INVESTMENT FUNDS, *Vulnerability, Risk Reduction, and Adaptation to Climate Change: Haiti*, 6 (April 2011), [https://climateknowledgeportal.worldbank.org/sites/default/files/2018-10/wb\\_gfdr\\_climate\\_change\\_country\\_profile\\_for\\_HTI.pdf](https://climateknowledgeportal.worldbank.org/sites/default/files/2018-10/wb_gfdr_climate_change_country_profile_for_HTI.pdf).
- 86 Polemik sou dechè *Khian* Sea nan lane 1988 la montre klè trètman newokolonyal eta Nò yo anvè Ayiti kòm yon “zòn sakrifis rasyal” (jan ansyen Rapòtè Espesyal Nasyonziini sou kesyon rasis defini sa kòm zòn oubyen peyi kote moun yo mete sou kote akoz ras oubyen gwoup etnik abite yon fason ki pa pwoposyonèl, epi ki oblije pote pwa degradasyon anviwònman an) epi ki montre konsekans anviwònman yo feblès kapasite gouvènman an. *Khian* Sea se te yon bato transpò ki te kite Etazini ak 15,000 tòn dechè toksik yo te boule nan lane 1986, ki okòmansman t ap chèche dechaje l nan peyi Bahamas. Aprè Bahamas ak plizyè lòt pò te kouri dèyè yo, menm sou menas zam, *Khian* Sea te rive finalman jete plizyè tòn dechè nan pò Gonayiv, Ayiti. Otorite lokal yo di yo te di yo dechè a se te angrè. Yo te finalman enfòm otorite nan gouvènman an sou kisa dechè yo te ye epi yo te mande pou yo retounen ak li, men bato a te chape poul li. See E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism), *Ecological crisis, climate justice and racial justice*, ¶ 2, UN Doc. A/77/549 (Oct. 25, 2022); see also, SIMONE MÜLLER, *THE TOXIC SHIP: THE VOYAGE OF THE KHIAN SEA AND THE GLOBAL WASTE TRADE* 33 (Univ. Wash. Press, 2023), [https://www.environmentandsociety.org/sites/default/files/key\\_docs/muller\\_the\\_toxic\\_ship\\_excerpt\\_chapter\\_1.pdf](https://www.environmentandsociety.org/sites/default/files/key_docs/muller_the_toxic_ship_excerpt_chapter_1.pdf).
- 87 GLOBAL JUSTICE CLINIC & HAITI JUSTICE INITIATIVE, *BYEN KONTE MAL KALKILE? HUMAN RIGHTS AND ENVIRONMENTAL RISKS OF GOLD MINING IN HAITI* 25 (2015), <https://en.ayitikanpemin.org/resources-list/byen-konte-mal-kalkile-human-rights-and-environmental-risks-of-gold-mining-in-haiti>.
- 88 *Id.*
- 89 *Id.*
- 90 Rachael Bunyan, *25 Years After 'Operation Uphold Democracy,' Experts Say the Oft-Forgotten US Military Intervention Still Shapes Life in Haiti*, TIME (Sept. 24, 2019), <https://time.com/5682135/haiti-military-anniversary/>.
- 91 Lydia Polgreen & Tim Weiner, *Haiti's President Forced Out; Marines Sent to Keep Order*, N.Y. TIMES (Feb. 29, 2004), <https://www.nytimes.com/2004/02/29/international/americas/haitis-president-forced-out-marines-sent-to-keep.html>.
- 92 Stephanie Pappas & Tiffany Means, *10 of the Deadliest Natural Disasters in History*, LIVE SCIENCE (Mar. 3, 2022), <https://www.livescience.com/33316-top-10-deadliest-natural-disasters.html>.
- 93 *UN marks anniversary of devastating 2010 Haiti earthquake*, UN NEWS (Jan. 12, 2022), <https://news.un.org/en/story/2022/01/1109632>.
- 94 GLOBAL JUSTICE CLINIC & HAITI JUSTICE INITIATIVE, *BYEN KONTE MAL KALKILE? HUMAN RIGHTS AND ENVIRONMENTAL RISKS OF GOLD MINING IN HAITI* 26 (2015), <https://en.ayitikanpemin.org/resources-list/byen-konte-mal-kalkile-human-rights-and-environmental-risks-of-gold-mining-in-haiti>.
- 95 *Id.*
- 96 ACCOUNTABILITY COUNSEL, *ENVIRONMENT UNDER THREAT CARACOL INDUSTRIAL PARK* 3, [https://www.accountabilitycounsel.org/wpcontent/uploads/2017/08/HAITI\\_Environment\\_SPREAD\\_HighRez\\_PRODUCTION.pdf](https://www.accountabilitycounsel.org/wpcontent/uploads/2017/08/HAITI_Environment_SPREAD_HighRez_PRODUCTION.pdf) (last visited Aug 02, 2024); see also *Haiti: Caracol Industrial Park*, ACCOUNTABILITY COUNSEL, <https://www.accountabilitycounsel.org/client-case/haiti-caracol-industrial-park/>.
- 97 GLOBAL JUSTICE CLINIC & HAITI JUSTICE INITIATIVE, *BYEN KONTE MAL KALKILE? HUMAN RIGHTS AND ENVIRONMENTAL RISKS OF GOLD MINING IN HAITI* 26 (2015), <https://en.ayitikanpemin.org/resources-list/byen-konte-mal-kalkile-human-rights-and-environmental-risks-of-gold-mining-in-haiti>.

- 98 Popilasyon an te pèdi kat elektoral yo nan tranblemanntè a, epi plizyè milye moun te kouri kite Pòtoprens pou chèche sekirite nan zòn riral yo. See *OAS Insider Reveals Details of Illegal Foreign Intervention Against Haitian Democracy*, Center for Economic and Policy Research (CEPR) (Feb. 25, 2014), <https://cepr.net/press-release/oas-insider-reveals-details-of-illegal-foreign-intervention-against-haitian-democracy/>; <https://www.nytimes.com/2010/11/28/world/americas/28haiti.html>. Anplis, an oktòb 2010, jan fòs mentyen lapè Nasyonzini te elimine dechè nan yon fason ki pa adekwa te lakoz yon epidemi kolera ki te touye plizyè santèn moun chak semèn. See Camila Domonoske, *U.N. Admits Role In Haiti Cholera Outbreak That Has Killed Thousands*, NPR (Aug. 18, 2016), <https://www.npr.org/sections/thetwo-way/2016/08/18/490468640/u-n-admits-role-in-haiti-cholera-outbreak-that-has-killed-thousands>.
- 99 *OAS Insider Reveals Details of Illegal Foreign Intervention Against Haitian Democracy*, CEPR (Feb. 25, 2014), <https://cepr.net/press-release/oas-insider-reveals-details-of-illegal-foreign-intervention-against-haitian-democracy/>; Jake Johnston, *Revealed: USAID Funded Group Supporting Haitian President in 2011*, CEPR (July 15, 2015), <https://cepr.net/revealed-usaid-funded-group-supporting-haitian-president-in-2010/>.
- 100 Jake Johnston, *Revealed: USAID Funded Group Supporting Haitian President in 2011*, CEPR (July 15, 2015), <https://cepr.net/revealed-usaid-funded-group-supporting-haitian-president-in-2010/>.
- 101 *2020 Country Reports on Human Rights Practices: Haiti*, US STATE DEPT. (Mar. 30, 2021), <https://www.state.gov/reports/2020-country-reports-on-human-rights-practices/haiti/>. See also the Audit Spécifique de Gestion de Fonds PetroCaribe, *Cour Supérieure des Comptes et du Contentieux Administratif* (January 2019), [https://www.cscga.gouv.ht/rapports\\_petro\\_caribe.php](https://www.cscga.gouv.ht/rapports_petro_caribe.php).
- 102 INST. FOR JUST. & DEMOCRACY HAITI, *HAITI AT A CROSSROADS: AN ANALYSIS OF THE DRIVERS BEHIND HAITI'S POLITICAL CRISIS 2* (2019), <http://www.ijdh.org/wp-content/uploads/2019/05/IJDH-Report-Haiti-at-a-Crossroads-May-2019.pdf>.
- 103 Edwidge Danticat, *The Assassination of Haiti's President*, NEW YORKER (July 14, 2021), <https://www.newyorker.com/news/news-desk/the-assassination-of-haitis-president>.
- 104 *Id.*
- 105 BBC News, *More civilians killed in Haiti this year than Ukraine amid extreme violence - BBC Newsnight*, YouTube (Aug. 22, 2023), [https://www.youtube.com/watch?v=tbW9QR47\\_gc](https://www.youtube.com/watch?v=tbW9QR47_gc). *Ukraine: Protection of civilians in armed conflict - December 2023 update, UN OHCHR* (Jan. 15, 2024) [https://ukraine.un.org/sites/default/files/2024-01/Ukraine%20-%20protection%20of%20civilians%20in%20armed%20conflict%20-%28December%202023%29\\_ENG\\_o.pdf#:~:text=HRMMU%20verified%20that%20at%20least,compared%20with%20the%20previous%20month](https://ukraine.un.org/sites/default/files/2024-01/Ukraine%20-%20protection%20of%20civilians%20in%20armed%20conflict%20-%28December%202023%29_ENG_o.pdf#:~:text=HRMMU%20verified%20that%20at%20least,compared%20with%20the%20previous%20month).
- 106 Jessica DiPierro Obert, *Gang Violence and Security Vacuum in Haiti Thwart Aid Delivery*, NEW HUMANITARIAN (July 20, 2021), <https://www.thenewhumanitarian.org/news/2021/7/20/gang-violence-and-security-vacuum-in-haiti-thwart-aid-delivery>; Herbert Villaraga, *Haitians Displaced by Gang Violence Face Bleak Future*, REUTERS (July 27, 2021), <https://www.reuters.com/world/americas/haitians-displaced-by-gang-violence-face-bleak-future-2021-07-27/>; Natalie Kitroeff & Maria Abi-Habib, *Gangs Rule Much of Haiti. For Many, It Means No Fuel, No Power, No Food.*, N.Y. TIMES (Oct. 27, 2021), <https://www.nytimes.com/2021/10/27/world/americas/haiti-gangs-fuel-shortage.html>.

CHAPIT III:

# Lite Kont Enjistis Klimatik

---



Machann ale nan mache, Dondon, Ayiti. Kredi foto: Marta - stock.adobe.com



Jan de (2) chapit avan yo te montre sa, malgre Ayiti kontribye nan dezòd klimatik nan yon nivo ki minim, li sibi gwo domaj klimatik, domaj sa yo se istwa peyi a nan kesyon eksplwatasyon peyi etranje fè ki fasone yo. Nan rekonèt gwo defa, Chapit III a prezante yon apèsi sou kijan kominote Ayisyen yo jere sa ak kijan yo lite kont dezòd klimatik. Aprè yon apèsi sou (in)aksyon gouvènman an, chapit sa a prezante diferan efò adaptasyon ak rezistans òganizasyon kominotè yo mete nan nivo lokal. Sa yo gen ladan yo agwoekoloji peyizan, ekonomi solidè, ak pwoteksyon ekosistèm nan. Aprè sa, li souliyen revandikasyon nan kesyon jistis anviwònman, an patikilye asire dwa pou peyizan gen tè, kanpe kont eksplwatasyon endistriyèl min lò epi egzijè yon pi gwo chanjman politik ekonomik. Satisfè egzijans sa yo t ap diminye domaj dezòd klimatik lakòz epi amelyore kapasite kominote yo pou viv ak yon klima k ap chanje. Finalman, chapit sa a abòde enpòtans edikasyon popilè mouvman sosyal Ayisyen yo fè, pou asire pwogrè yo enkli tout moun.

## **Adaptasyon Klimatik ak Rezistans Klimatik**

Adaptasyon klimatik ak rezistans klimatik se de (2) tèm ki diferan men ki konekte. Nan elaborasyon politik klimatik mondyal, yo defini rezistans klimatik kòm “kapasite pou prepare, reponn epi rekanpe aprè” domaj evènman klimatik lakòz, “kote kapasite sa a lakòz yon minimòm domaj sou byennèt sosyete a, ekonomi an ak anviwònman an.”<sup>21</sup> Yo defini adaptasyon klimatik kòm “ajisteman nan sistèm ekolojik, sosyal oubyen ekonomik kòm repons ak efè ... klimatik ki genyen kounye a yo ak sa yo prevwa ki ka rive yo.”<sup>22</sup> Adaptasyon ka gen ladann tout bagay, sòti nan kreye nouvo sistèm bay avètisman bonè rive nan plante bagay ki pi rezistan devan sechrès. Efò adaptasyon klimatik dwe ede konstwi rezistans klimatik. Rezistans klimatik ka gen ladann tou estrateji ki ale pi lwen pase adaptasyon, sa gen ladann estrateji pou fè fas ak transfòmasyon sosyal.<sup>3</sup>

## A. Aksyon Gouvènman Ayisyen an ak Dezòd Klimatik

Jan chapit II a tabli sa, eritaj kolonyalis ak enperyalis ansanm ak rasis ki toujou la febli kapasite Ayiti pou adapte ak dezòd klimatik oubyen diminye enpak li yo. Mank resous, kowòdinasyon ki pa efikas epi absans volonte politik pou priyorize enterè majorite sila mete sou kote yo frennen efò gouvènman an pou konstwi yon estrikti enstitisyonèl pou abòde dezòd klimatik. Nan dènye ane yo, kriz politik, ekonomik ak sosyal Ayiti yo te sèlman rann sitiyasyon an pi grav.<sup>4</sup>

Malgre dezòd klimatik pa sanble se priyorite gouvènman Ayisyen an, plizyè ministè abòde domaj klimatik yo nan pawòl sèlman, souvan lè yo mande yo sa oubyen lè sa gen pou wè ak fon pou enprevi finansman etranje. Direksyon chanjman klimatik gouvènman an fè pati Ministè anviwònman.<sup>5</sup> Anplis de Ministè anviwònman, yon kantite ministè ak ajans nan gouvènman an fòme yon gwoup travay yo rele Komite nasyonal sou Chanjman klimatik (National Committee on Climate Change, NCC, nan lang anglè).<sup>6</sup> Ayiti te devlope de (2) plan kontribisyon detèmine nan nivo nasyonal, jan konvansyon kad Nasyonzini sou chanjman klimatik (UN Framework Convention on Climate Change-UNFCCC, an Anglè) mande l pou fè sa kòm manm.<sup>7</sup> Epitou, an desanm 2022, gouvènman Ayisyen an te lanse Plan nasyonal adaptasyon (National Adaptation Plan-NAP, an Anglè) li<sup>8</sup> epi pibliye yon nòt sou wòl pati sa konsène yo nan sipòte peyi a pou adapte ak domaj klimatik yo jiska lane 2030. Yo bay NCC misyon pou l mete NAP kanpe.

## UNFCCC ak Pilye Politik Klimatik Mondyal yo

Konvansyon kad Nasyonzini an sou chanjman klimatik (The United Nations Framework Convention on Climate Change, UNFCCC) se yon trete sou anviwònman an. Li se prensipal trete entènasyonal eta manm Nasyonzini yo elabore pou reponn ak dezòd klimatik. Yo rele peyi ki ratifye l yo pati nan konvansyon an epi COP anyèl yo fè referans ak konferans pati yo, reyinyon chak ane kote nan reyinyon sa yo, peyi yo mennen negosyasyon. UNFCCC vize redui emisyon gaz efèsè yon fason pou kenbe konsantrasyon atmosferik yo “yon nivo ki ka anpeche entèferans danjere antwopik [oubyen lèzòm lakèz] ak sistèm klimatik la.”<sup>9</sup>

Akò Pari a te sòti nan COP 2015 lan.<sup>10</sup> Se yon trete entènasyonal ki gen kontrent jiridik ki gen pou objektif prensipal kenbe rechofman “pi ba de degre Celsius pi wo nivo pre-endistriyèl yo.”<sup>11</sup> Menmsi Akò Pari a manke sou mekànism pou fè aplike sa ki di yo, sa lakoz pa gen konsekans si yon peyi pa respekte akò a, peyi ki siyen l yo rankontre regilyèman epi voye rapò plan yo pou redui emisyon gaz efèsè epi adapte ak enpak dezòd klimatik yo.<sup>12</sup> Yo rele rapò sou pwogrè sa yo kontribisyon detèmine nan nivo nasyonal oubyen NDC.<sup>13</sup>

Efò ki la pou abòde dezòd klimatik yo atravè UNFCCC ak pwosesis negosyasyon COP tonbe nan twa kategori: mitigasyon, adaptasyon ak pèt ak domaj.



## Mitigasyon

Mitigasyon fè referans ak efò pou limite ogmantasyon nan tanperati mondyal yo, yo fè sa prensipalman lè yo redui kantite emisyon gaz efèsè, kote pifò nan yo sòti nan konbistib fosil. Ogmantasyon “pi kabòn” ki ka retire gaz efèsè nan atmosfè a (yo fè sa nan plante plis forè, pa egzanp) ka ede aleje dezòd klimatik tou.<sup>14</sup>

Jan yo detèmine sa nan Akò Pari a, efò sou mitigasyon yo vize kenbe ogmantasyon tanperati mondyal yo “pi ba” 2 degre Celsius pi wo nivo pre-endistriyèl yo, pandan “y ap fè efò” pou limite ogmantasyon tanperati yo jiska 1,5 degre Celsius.<sup>15</sup> Ti Eta ki se Zile an Devlopman yo (Small Island Developing States, SIDS, nan lang anglè) te avèti sa fè lontan, yon rechofman pi wo pase 1,5 degre Celsius se yon kondanasyon amò.



## Adaptasyon

Adaptasyon rekonèt kominote nan tout monn nan ap fè fas, epi pral kontinye fè fas ak enpak dezòd klimatik yo. Adaptasyon fè referans ak efò pou fè chanjman nan sistèm anviwònman, sosyal ak ekonomik peyi yo pou antisipe epi reponn pi byen ak enpak klimatik yo.<sup>16</sup> Nan kad UNFCCC, yo mande peyi devlope yo pou bay resous finansye ak peyi ki an devlopman yo pou soutni ni mitigasyon ni adaptasyon.<sup>17</sup>



## Pèt ak Domaj

Pèt ak domaj fè referans ak konsekans negatif dezòd klimatik ki rive malgre efò pou adapte ak realite k ap chanje a. Li anglobe domaj ekonomik ak domaj ki pa ekonomik, pa egzanp, pèt rekòt ak pèt patrimwàn kiltirèl.<sup>18</sup> “Akò Pari a rekonèt nesosite pou “evite, minimize epi abòde pèt ak domaj.”<sup>19</sup> An novanm 2022, peyi yo te dakò etabli yon “Mekànism Finansman Pèt ak Domaj” nan kad UNFCCC, aprè plizyè deseni efò SIDS ak defansè klimatik yo mennen.<sup>20</sup>



Jan nou pral diskite sa nan Chapit IV la, efò sou mitigasyon, adaptasyon ak pèt epi domaj yo adopte nan kad UNFCCC lwen pou yo asire jistis klimatik.

Antite gouvènman Ayisyen an resevwa fon ak sipò nan men aktè etranje. Pwojè resan yo gen ladan yo entegrasyon preyokipasyon sou dezòd klimatik nan plànifikasyon devlopman nasyonal, Fon pou klima vèt (Green Climate Fund, nan lang anglè) finanse epi Pwogram Nasyonizini pou devlopman (United Nations Development Programme, UNDP, nan lang anglè) mete sou pye.<sup>21</sup> Pwogram Nasyonizini pou anviwònman (United Nations Environment Programme, UNEP, nan lang anglè) sipòte Ministè anviwònman pou gen aksè ak finansman klimatik.<sup>22</sup> Bank Mondyal sipòte kreyasyon yon sistèm alèt bonè pou avèti popilasyon an sou domaj siklòn, inondasyon, ak sounami.<sup>23</sup> Kidonk, gen efò yo deplwaye pou adapte pi byen ak dezòd klimatik yo epi redui enpak yo, sitou atravè preparasyon gouvènman an. Sepandan, efò ki la deja yo pa sifi, yo manke kowòdinasyon ki efikas, epi souvan yo twò santralize nan Pòtoprens.

Anplis, kriz politik, ekonomik ak sosyal moman an ak ensekirite ki tout kote a bon jan frennen kapasite ajans gouvènman an pou abòde dezòd klimatik yo. Sitiyasyon imanità a an Ayiti katastwofik.<sup>24</sup> Kriz alimantè a fè pati ijans ki pi grav nan monn nan, avèk plis pase 50 pou san popilasyon an ki bezwen asistans alimantè, epi aksè ak swen sante epi edikasyon limite epi ap bese. Abòde dezòd klimatik oubyen prepare pou konsekans ki pi grav li yo se pa yon priyorite gouvènman an oubyen donatè yo.

An me 2023, pànye manje bazik la koute

74%

plis pase jan l te ye an avril 2022

## Grangou an Ayiti

Grangou ak enkapasite pou pwodui manje pou reponn ak bezwen popilasyon an se gwo pwoblèm an Ayiti. Yo enpòte plis pase mwatye tout manje yo,<sup>25</sup> malgre 28,6 pou san tout Ayisyen depann de sektè agrikòl la pou sibzistans agrikòl ak agrikilti,<sup>26</sup> sa ki reprezante anviwon 18 pou san PIB a.<sup>27</sup> Dezòd klimatik gen tout chans pou ogmante pi plis depandans nan manje enpòte yo.<sup>28</sup> An 2020, Ayisyen depanse an mwayèn plis pase yon tyè sa yo antre pa jou nan yon plat manje; depi lè sa, enflasyon ak pri pwodui bazik yo monte depase.<sup>29</sup> An me 2023, pànye manje bazik la koute 74 pousan plis pase jan l te ye an avril 2022.<sup>30</sup>

Vyolans ki toupatou a kreye obstak anplis nan kesyon adaptasyon ak abòde domaj klimatik yo. Anplis de kreye yon klima laperèz, gang yo kontwole rejyon ki gen enpòtans anviwònmantral ak estratejik, sa gen ladann wout ak pò, basen vèsan ak rezèvwa, ki bloke aktivite gouvènman an, ONG ak kominote yo.<sup>31</sup> Pwogram alimantè mondyal (World Food Programme, nan lang anglè) etabli yon lyen ant prezans gang ak zam epi tè agrikòl moun abandone.<sup>32</sup> Yo site vyolans gang kòm youn nan faktè ki kontribye nan kolera ki re-parèt nan peyi a.<sup>33</sup>

Ensekirite toupatou ak menas reyèl vyolans anpeche popilasyon an reyini epi pou pwogram fonksyone epi pou popilasyon an jwi lavi l chak jou. Epiou, ensekirite ak vyolans redui kantite manm pèsonèl ONU, ONG entènasyonal ak lòt aktè etranje an Ayiti.<sup>34</sup> Malgre Ayisyen ak obsèvatè yo kritike ak rezon aktè etranje yo pou wòl yo jwe nan rann enstitisyon Ayisyen yo fèb epi paske yo pa rive bay èd ak sipò gouvènman an yon fason ki otonòm epi ki responsab, aktè etranje yo jwe yon wòl lontan sa nan reponn ak bezwen bazik majorite popilasyon ayiti a.

Epiou, dezòd klimatik la alimante epi rann ensekirite a pi grav. Jan nou te diskite sa nan chapit avan yo, defi peyizan yo ap fè fas nan kominote riral ki sibi domaj akòz chanjman sezon yo, sechrès ak inondasyon pouse yo migre ale nan katye popilè, kominote iben ki pòv epi yo mete sou kote, kominote kote mank opòtinite travay rann yo vilnerab pou yo rekrite yo nan gwoup ame.

Nan kontèks ki konplike epi ki pa jis sa a, premye moun ki reyaji ak dezòd klimatik yo epi enpak li yo se souvan Ayisyen yo ankò.



## B. Kominote Ayisyen yo nan Premye Liy

“

An Ayiti, chanjman klimatik se yon konsèp ki relativman nouvo, plizyè ògànizasyon sosyete sivil la kòmanse itilize l pa lontan sa pou sansibilize, enfòmè epi fòmè kominote yo. Sepandan, travay sa a mande anpil tan, enèji, volonte ak detèminasyon. Sa vin fè, pa gen anpil moun ki konprann oubyen konsyan de chanjman klimatik ak konsekans katastwofik li yo. Men tout popilasyon Ayisyen an, tout sosyete a, chak moun, deja viktim fenomèn sa a epi ap kontinye viktim yon fason oubyen yon lòt. Men gen espwa toujou paske atravè peyi a, yo vin kreye plis ògànizasyon sosyete sivil pou sansibilize plis moun sou pwoblèm sa a.”

**Commission Épiscope Nationale Justice et Paix (Komisyon Episkopal Nasyonal, Jistis ak Lapè, CE-JILAP)<sup>35</sup>**

Menmsi kominote Ayisyen yo konsyan anviwònman ki antoure yo a ap chanje, majorite pèp Ayisyen pa gen enfòmasyon nesèsè pou idantifye dezòd klimatik kòm koz la. Poutan, kòm kominote yo nan premye liy enpak klimatik yo, yo eksperimente ak mwayen pou yo reyaji, pou amelyore lavi yo ak gaypen yo. Pandan migrasyon pou kite Ayiti se yon repons, pifò moun rete. Gwoup peyizan yo, asosyasyon katye, ògànizasyon kominotè ak alye yo ki nan echèl ki pi ba a, jwenn fason pou fè fas epi adapte ak dezòd klimatik. Yo fè pledwaye tou pou chanjman sistèm kòm yon bagay yo wè ki nesèsè pou pwoteje anviwònman an epi amelyore chans pou siviv epi pwospere nan yon reyalite kote klima a ap chanje.

Seksyon ki vini annaprè yo prezante kèk egzanp itil nan kominote Ayisyen yo. Efò yo deplwaye pou lite kont dezòd klimatik nou prezante pi ba yo demontre enjennyozi, angajman ak posibilite. Yon defi pwodiktif pou sila yo k ap chèche travay nan solidarite ak moun sa plis afekte an Ayiti yo se konnen kijan pou sipòte, anplifye epi bay resous (nan kesyon finans epi atravè rechèch ak lòt sipò teknik) ak efò yo.

# 1. Repons Kominotè ak Dezòd Klimatik

## Agwoekoloji

Agwoekoloji se yon apwòch altènatif nan kesyon pwodiksyon manje ki ankouraje relasyon ki an amoni ak latè atravè agrikilti epi mete aksan sou gaypen pou ti agrikiltè viv. Yo defini l pafwa kòm aplikasyon syans ekoloji ak agrikilti.<sup>36</sup> Agwoekoloji se an menm tan yon pratik ak yon vizyon politik, ki konsantre l sou pwodiksyon, distribisyon ak konsomasyon lokal ki mete aksan sou dwa kominote peyizan yo.<sup>37</sup> Agwoekoloji se yon prensip kle La Vía Campesina, mouvman peyizan mondyal la ki gen manm nan plis pase 80 peyi. Manm La vía Campesina yo, pami yo Ayiti, denonse politik enstitisyon finansye entènasyonal yo tankou Fon monetè entènasyonal oubyen Bank mondyal ki ka kraze pwodiksyon lokal epi ranfòse depandans nan manje peyi yo enpòte.<sup>38</sup>

Pandan li vin plis enposib pou inyore enpak agrikilti endistriyèl sou klima a ak anviwònman an, epi pandan dezòd klimatik, melanje ak lòt faktè vin rann ensekirite alimantè mondyal pi mal, yo vin konsidere chak fwa pi plis ti agrikilti ak agwoekoloji an patikilye kòm yon solisyon pou pwoblèm klima a.<sup>39</sup>

Pandan anpil tan, agrikilti sou ti echèl, se te yon eleman santral nan sosyete Ayisyen an: aprè revolisyon Ayisyen an, Ayisyen ki te vin lib te vle posede yon ti moso tè, nenpòt jan l ta piti a, epi pou konsome manje yo pwodui. Nan ven dènye ane yo, ògànizasyon Ayisyen yo ak gwoup peyizan yo, pami yo anpil ki fè pati La Vía Campesina, vin mete pratik agwoekoloji plis nan agrikilti yo. Agwoekoloji souvan gen ladann kilti entèkalè, oubyen plante plizyè bagay varye pou jere fètinite tè a pandan sezon kwasans la, sa ki li menm kontribye nan biyodivèsite. *Partenarya devlopman lokal* (Partenariat du Développement Local, PDL, nan lang franse), yon ONG ki travay nan nò Ayiti, itilize agwoekoloji pou ogmante pwodiksyon agrikiltè yo epi redui ensekirite alimantè.<sup>40</sup> Mouvman Peyizan Papay (MPP) ak Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen (TK) fòme peyizan nan metòd agwoekoloji.<sup>41</sup> MPP ak Solidarite Fanm Ayisyèn (SOFA),<sup>42</sup> jere pwogram fòmasyon ak lekòl pou sipòte fanm peyizan pou jenere revni epi kreye mwayen pou viv yon fason ki dirab. Pwogram yo gen ladan yo plante bagay ki ka reziste devann klima a, konpòs, itilize pestisid ki natirèl epi anplwaye teknik agrikòl altènatif.<sup>43</sup>

“

**Se vre peyi a debwaze. Se vre gen mwens lapli chak ane. Men pou agrikiltè sa yo ki adopte kèk prensip agwoagrikòl kle, yo pi byen sòti pase rès popilasyon an.”**

**Cantave Jean Baptiste, Direktè, Partenariat du Développement Local (PDL)<sup>44</sup>**



Ògànizasyon Ayisyen yo souvan souliyen bezwen pou plis fòmasyon pou pèmèt agrikiltè yo adapte epi konstwi bon jan rezistans fas ak dezòd klimatik.<sup>45</sup> Etid yo montre agrikilti agwoekoloji an Ayiti debouche sou yon ogmantasyon nan pwodiktivite epi sa lakoz pwofi.<sup>46</sup> Anplis, pratik agwoekoloji yo ede konbat dezòd klimatik: yo ogmante kenbe dlo epi sekestrasyon kabòn nan tè a epi diminye ris pou deboulonnay tè.<sup>47</sup> Nan fason La Vía Campesina te kapab di l, agwoekoloji “refwadi tè a.”<sup>48</sup>

Nan mwa dawou 2023, plis pase 1.000 agrikiltè Ayisyen ak alye nan sèt (7) peyi etranje te rasanble nan sant agrikòl MPP a pou 50yèm kongrè anyèl li. MPP te lanse de (2) pwojè: youn pou plante 50 milyon pyebwa fwitye ak pyebwa forè “nan kad yon sistèm agwoekoloji peyizan ak agwoforestye;” lòt la pou etabli yon inivèsite peyizan ak yon fakilte agwoekoloji “k ap garanti souverènte alimantè pou Ayiti ka regen kontwòl sekirite alimantè l.”<sup>49</sup> Nan Deklarasyon Final li nan konklizyon Kongrè a, MMP te mande pou yon “Ayiti ki baze sou Sivilizasyon Peyizan:”

“

**Wi ak agwoekoloji peyizan, souverènte alimantè ak rebwazman peyi a. Wi ak lit kont antrepriz miltinasyonal yo k ap detwi anviwònman an, ki lakoz destriksyon plànèt la ak chanjman klimatik. Wi ak semans pou peyizan, angrè natirèl ak pestisid natirèl. Wi ak ògànizasyon epi fòmasyon pou jèn, fanm ak popilasyon peyizan an. Wi ak entènasyonalism ak solidarite ant pèp yo.”<sup>50</sup>**

MPP, TK, PDL, SOFA ak lòt ògànizasyon ankouraje devlopman ki pwoteje agrikiltè ki fè agrikilti sou ti echèl, a la Ayisyen. Yo pratike agrikilti, edike epi fè pledwaye yon fason ki mete aksan sou peyizan epi ki an amoni ak anviwònman an. Efò sa yo souvan ralanti akoz mank aksè ak prè oubyen lòt fòm kapital. Peyizan Ayisyen ak lòt yo reponn ak reyalyte sa a, yo fè sa lè yo konstwi sa yo rele ekonomi solidè, pwòp solidarite ekonomi yo.

## Ekonomi Solidè

“Ekonomi solidè,” ki gen yon istwa long an Ayiti, fè referans ak aktivite ki priyore byennèt sosyal ak anviwònman anplis de pwofi finansye. Se yon fòm rezistans kont sistèm ekstraktivis ak kapitalis<sup>51</sup> epi yo souvan masyone l jounen jodi a kòm yon fòm repons kont dezaz, sa gen ladann dezaz klima a kreye.<sup>52</sup> Malgre pifò sila yo ki patisipe nan aktivite ekonomi solidè an Ayiti pa t ap itilize tèm sa yo, ekonomi solidè se efektivman yon estrateji pou rezistans klimatik oubyen yon estrateji pou adaptasyon.

Aktivite ekonomi solidè yo pran anpil fòm, pami yo travay konbit ak lakou.<sup>53</sup> Prèske tout kay nan zòn riral ayiti gen yon lakou, yon dèyè lakay oubyen yon lakou kote moun rasanble pou pataje manje, adore, selebre ak priye.<sup>54</sup> Se yon kote moun pataje plezi. Lakou se yon plas kote yo fè ekonomi solidè, kote moun pataje sa yo genyen. Jan pwovèb Ayisyen an di l, “Manje kwit pa gen mèt.”

Konbit, ki vle di travay kominotè oubyen kolektif, sòti nan pratik kote vwazen travay moso tè pa lòt youn aprè lòt. Jounen jodi a, Ayisyen kreye konbit pou diferan tip travay, pa sèlman agrikilti. Konbit Ekolojis Sid (K ap Travay Ansanm pou Ekonomi Solidè, KES), pa egzanp, fè pledwaye pou pwoteje resous nan lanmè ak dlo dous, rivyè ak sous ansanm ak lòt pati nan aviwonman an.<sup>55</sup> Jan KES dekri l, tout moun gen dwa pou gen yon anviwonman ki sen, nou dwe travay an konbit pou pwoteje l.

Yon mouvman sosyal ki ankouraje lespri konbit la se Gwoup Konbit,<sup>56</sup> yon òganizasyon ak platfòm ki nan tout Ayiti. Gwoup konbit sòti nan Konbit Solèy Leve nan Site Solèy, kote moun k ap viv la fè pati moun dezòd klimatik plis afekte an Ayiti. Konbit Solèy Leve se te yon pwosesis pou konstwi epi valorize lidèchip pozitif pami etidyan, pwofesyonèl ak sitwayen ki pa ame yo te bon jan inyore nan sosyete a, sa ki te bay vizibilite ak sipò ak gwoup jèn ame. An 2011, lidè sosyal nan 34 katye nan Site Solèy mete ansanm pou devlope altènativ ak repons aprè tranblemanntè a kote se ONG etranje ki te domine repons yo. Konbit Solèy Leve ankouraje asistans mityèl ak respiposite, li fè sa pandan l rekonèt an premye resous lokal ki egziste anndan Site Solèy. An 2022, Konbit Solèy Leve vin Gwoup Konbit, yon mouvman nasyonal ki ankouraje prensip ak valè konbit.

Anfen, konbit se mete resous kominotè ansanm pou chanjman sosyal. Lespri konbit la ak prensip ekonomi solidè yo, enklizyon radikal, mezire siksè non sèlman nan kesyon pwofi, men tou nan lapè ak byennèt, sa pèmèt Ayisyen ret kenbe pandan y ap viv epi lite fas ak dezòd klimatik yo.

“

**Jounen jodi a nou ka di lanati revòlte kont nou. Lè n gade peyizan yo, pifò nan yo ap viv nan zòn rural, li klè yo bezwen sipò. Nou pa ka pèmèt nou pou nou rete bra kwaze epi ap tann. Nou dwe gade kisa ki ka rantab. Nou dwe mande tèt nou ki aktivite nou ka fè ak ti kal lajan nou genyen an ki ka ede moun yo tou.”**

**Marie-Ange Noël, manm Fanm Deside<sup>57</sup>**

## **Pwoteksyon Ekosistèm**

Anpil òganizasyon Ayisyen pran mezi pou pwoteje forè ak lòt ekosistèm kle.<sup>58</sup> Aktyèlman, debwazman, eksplwatasyon depase nan forè mangwov yo,<sup>59</sup> lapèch depase ak deteryasyon sante resif koray nan kot Ayisyen yo kontribye nan bay anpil pwoblèm anviwonmantal ki riske agrave enpak dezòd klimatik yo, sa gen ladann ewozyon tè, inondasyon ki pi grav ak pèt nan byodivèsite.<sup>60</sup>

Òganizasyon Ayisyen yo ap mobilize pou rebwazman ak pwoteksyon resous dlo dous yo. Nan depatman Nòdwès, Kòdinasyon Peyizan Ba Basanble (KOPBB), se yon platfòm gwoup peyizan ki angaje yo pou plante 10.000 pyebwa chak ane pou pwoteje flò ak rejyon ki vilnerab, tankou sous yo. KOPBB òganize fòmasyon tou nan agwoekoloji pou peyizan epi anseye manm yo wòl rasin ak pyebwa jwe nan sante tè a.<sup>61</sup> KES travay pou pwoteje resous dlo. KES ak lòt òganizasyon konekte monn natirèl la ak espirityalite vodou tou, sa ki valorize lanati, sa gen ladann pyebwa, sous dlo ak lanmè, kote yo konsidere sa yo kòm bagay ki sakre.<sup>62</sup>

Nan kolin dèyè Pòtoprens yo, rezèv ekolojik Wynne Farm<sup>63</sup> mennen edikasyon sou anviwònman an epi pwoteje yon basen vèsan kote ki gen tèt twa gwo rivyè.<sup>64</sup> Wynne Farm resevwa plizyè milye vizitè chak ane epi te vin fè pati yon zòn yo pwoteje ki pi gran, Parc National Naturel des Sourçailles, an 2021. Malgre gouvènman Ayiti a pa gen yon bon repitasyon nan kesyon prezève zòn pwoteje l yo jan sa dwe fèt, estati “tè yo pwoteje” a se yon viktwa pou Wynne Farm nan efò l pou ankouraje jesyon anviwònman an.

Yon lòt egzanp notab pwoteksyon ekosistèm se Fondation Pour La Protection de La Biodiversité Marine (FoProBiM), yon òganizasyon Ayisyen ki pa gen objektif pou fè kòb ki travay ak òganizasyon kominotè yo ak elèv lekòl nan kominote k ap viv sou kot yo pou amelyore relasyon ant lòm ak ekosistèm lanmè ak kot yo.<sup>65</sup> Direktè FoProBiM nan, Jean Wiener, te resevwa pri anviwònman Goldman an 2015 pou efò l nan etabli zòn lanmè yo pwoteje.<sup>66</sup> Travay Wiener a gen ladann kreye premye zòn lanmè yo pwoteje peyi a, pami yo Three Bays National Park.<sup>67</sup>

Travay kominotè sa a esansyèl. Efò adaptasyon yo dwe kòmanse la a, nan kominote ki nan premye liy yo ki deja ap lite kont dezòd klimatik yo ak resous minim.



“

[G]ras ak kèk ògànizasyon sosyete sivil ki kolabore ak anpil asosyasyon peyizan, anpil [moun] kòmanse konprann reyalite chanjman klimatik yo epi kòmanse jwenn fason pou adapte. Yo kòmanse wè ki altènativ yo ka adopte kòm repons ak nouvo reyalite sa a, yo fè sa nan swiv ki modifikasyon chanjman klimatik pote, gade kisa yo ka plante ki ap plis rezistan...”

Kolektif Jistis Min (KJM)<sup>68</sup>

## 2. Pledwaye pou Chanjman Estriktirèl

“

Menmsi l parèt difisil, gen espwa nou ka redui oubyen rezoud chanjman klimatik. Espwa sa a baze sou pouvwa volonte, detèminasyon ak kapasite popilasyon [an Ayiti] pou lite pou viv epi viv byen, nan yon aviwonman ki sen, yon ekosistèm natirèl ki balanse epi yon plànèt ki sen kote sistèm dominasyon ak eksplwatasyon an fini epi lavi gen yon chans pou fleri toupatou sou tè a.”

Commission Épiscopale Nationale Justice et Paix (Komisyon Episkopal Nasyonal, Jistis ak Lapè, CE-JILAP)<sup>69</sup>

Òganizasyon Ayisyen yo rekonèt bese dezòd klimatik la mande chanjman estriktirèl ki favorize jistis anviwonmantal ak ekonomik. Garanti dwa pou peyizan gen tè, kenbe Ayiti san eksplwatasyon minyè epi re-oryante ekonomi politik la se twa revandikasyon kle.

Mwens pase

5%

tèritwa ayiti nan rejis pwopriyete nasyonal

## Garanti Dwa pou Peyizan Gen Tè

Pèp Ayisyen viv dezòd klimatik la nan yon kontèks ensekirite nan kesyon tè. Lalwa Ayisyen pa egzije moun ki posede tè pou anrejistre tè yo nan biwo nasyonal la;<sup>70</sup> mwens pase 5 pousan tètwa ayiti nan rejis pwopriyete nasyonal la epi jiska de tyè tè riral pa gen tit pwopriyete fòmèl.<sup>71</sup> Depi endepandans Ayiti a, fanmi ki gen pouvwa yo pran tè,<sup>72</sup> epi kòm pa gen yon sistèm ki fyab pou anrejistre pwopriyete tè,<sup>73</sup> sa ogmante vilnerabilite sitwayen yo kote leta oubyen aktè prive ki puisan ka pran tè yo.

Absans dwa nan kesyon tè epi risk pou fè dappiyanp sou tè rann lavi pèp Ayisyen an frajil. Li rann li pi difisil pou peyizan ak sila yo ki okipe epi travay tè a pou pwoteje anviwònman yo ak envesti nan yon fason ki dirab nan latè, sa gen ladann fason ki soutni adaptasyon klimatik. Fè dappiyanp sou tè ka degrade anviwònman an plis tou: nan anpil ka, tè yo itilize pou peyizan kiltive, yo konvèti l an agrikilti kote yo plante yon sèl bagay oubyen lòt itilizasyon endistriyèl. Ensekirite nan dwa nan kesyon tè ka agrave domaj evènman klimatik lakoz, l ap fè sa lè l rann li pi difisil, pa egzanzp, pou Ayisyen rebran tè yo aprè yon evènman meteyowolojik ki grav te deplase yo.

Nan dènye ane sa yo, kesyon fè dappiyanp sou tè ogmante nan kominote riral Ayisyen yo. Yo te remake sa ogmante aprè tranblemanntè devastatè 2010 la epi pandan administrasyon prezidan Jovenel Moïse la.<sup>74</sup> Kominote riral ak alye yo rapòte politisyen kowonpi souvan fasilite moun pran tè moun epi souvan se konpayi etranje ki benefisye de sa.<sup>75</sup> Nan tout monn nan, dezòd klimatik ka ogmante ris pou pran tè moun tou.<sup>76</sup> Etid ka pi ba a se yon bon reprezantasyon sou kesyon pran tè moun ak enpak sa genyen sou peyizan Ayisyen ak òganizasyon yo.



## Dappiyanp sou Tè Moun nan Savane Diane

Chapit sa a prezante Ayiti kòm yon ka egzànplè ki montre nesèsite pou gen reparasyon. Li afime reparasyon se yon bagay ki nesèse pou gen jistis klimatik. Li souliyen tou lefèt ke enpak enjis dezòd klimatik kreye yo, yo makonnen avèk epi yo ranfòse demann ki deja sou pye pou gen reparasyon pou kolonyalis, esklavaj, ak enjistis rasyal. Depi lontan gen demann an Ayiti pou gen reparasyon pou “ranson endepandans” Ayiti te peye Lafrans soti nan lane 1825 rive nan lane 1947.<sup>2</sup> Deplizanpli, lidè sosyete sivil ak lidè mouvman popilè an Ayiti, menm jan ak lòt gwoup ak lòt gouvènman nan peyi Sid yo, ap idantifye jan enjistis klimatik ak enjistis rasyal makonnen, epi y ap fè demann pou reparasyon pou reponn ak toulède fenomèn yo.<sup>3</sup>

Dabò, chapit sa a trase poukisa reparasyon nesèse pou reponn ak enjistis klimatik. Li eksplike jan chita pale entènasyonal sou klima a ap bwè lwil pou kontwole emisyon gaz efèdesè, okipe pwoblèm inegalite, epi abòde kòz fondalnatal ki nan rasin dezòd klimatik. Premye seksyon an defini reparasyon kòm yon demann politik, jiridik, ak moral ki gen ladan li, men ki pa sèlman, yon demann pou dedomajman monetè. Aprè sa, li kòmanse yon deba, ki chita sou pwopozisyon divès moun save ak defansè fè, sou kisa yon apwòch “konstriktif” pou reparasyon pou enjistis klimatik ta kapab ye. Yon apwòch konsa ta kapab gen ladan l transfè teknoloji pou bay moun plis rezilyans anfas dezòd klimatik, pwosesis pou pale laverite epi pou mande eskiz, epi chanje enstitisyon ak estrikti ki responsab sistèm politik ak ekonomik ki rasis ak ekstraktif; se sistèm sa yo ki kreye dezòd klimatik. Deba sa a rekonèt reparasyon se yon pwosesis ki laj; deba sa a se yon ouvèti li ye, se pa yon preskripsyon.

Dezyèm seksyon chapit la mete aksan sou reparasyon selon dwa entènasyonal. Li entwodwi kèk nan agiman jiridik kle ki jistifye reparasyon pou Ayiti. Vwa jiridik pou reparasyon, menm si yo limite, se yon bagay ki enpòtan. Menm si yo pa jije yon demann pou reparasyon devan yon tribinal, agiman jiridik yo kapab bay mouvman jarèt epi kreye presyon politik. Pati sa a nan chapit la trase agiman jiridik pou reparasyon pou popilasyon ki sibi enjistis rasyal ki istorik epi ki tennfas, epi jan yon analiz ki chita sou kesyon enjistis klimatik ka kore agiman sa yo. Li prezante tou yon agiman apa pou reparasyon pou emisyon gaz efèdesè demezire.

Finalman, chapit sa a ap angaje ak chemen pou nou vanse pi devan epi nesèsite pou genyen yon pwosesis ki enklizif ak patisipatif pou demann pou reparasyon ka vanse. Fòk se pèp Ayisyen k ap devlope epi kreye yon konsansis sou yon ajannda konkrè pou mande reparasyon.

# A. Reparasyon Se Yon Bagay ki Esansyèl pou Jistis Klimatik

## Reparasyon: Pwosesis ak Rezilta pou Repare Yon Mal.<sup>4</sup>

Kòz fondanatal domaj klimatik Ayisyen ap viv yo se enjistis ak rasis. Demann pou reparasyon chita sou kòz fondanatal sa yo, ansanm avèk lefèt ke sa ki responsab yo pa janm reponn ak domaj sa yo. Gen bon jan agiman pou reparasyon pou Ayiti, menm si dezòd klimatik pa t egziste. Domaj klimatik Ayiti ap viv la se, omwen an pati, rezilta esklavaj, kolonyalis, okipasyon, enjerans neyokolonyal, epi enjistis rasyal pèsistan. Kidonk domaj klimatik se prèv ke rasis kontinye ap taye banda, epi prèv sa a ranfòse demann pou reparasyon pou enjistis rasyal ki deja sou pye epi li rann demann yo pi ijan ankò. Anplis dezòd klimatik kreye nouvo agiman pou reparasyon, sitou sa yo ki gen pou wè ak emisyon gaz efèdesè. Reparasyon ta kapab soulaje kèk nan enpak klimatik Ayisyen ap viv yo epi rann peyi Nò yo responsab pou domaj yo lakòz. Reparasyon ta kapab kòmanse reponn ak enjistis istorik ak enjistis aktyèl. Repons sa a ta gen ladan l demantèlman estrikti rasis ki kreye epi ki pwolonje dezòd klimatik.

## 1. Echèk Politik Klimatik Entènasyonal

Estrikti dominan kap finanse epi kap kreye politik klimatik fè fayit nan reponn ak enjistis klimatik. Sa souliyen nesosite pou gen reparasyon. Jiskaprezan, Konvansyon-kad Nasyonziini sou chanjman klimatik (Convention-cadre des Nations Unies sur les changements climatiques oswa CCNUCC nan lang fransè), Akò Pari,<sup>5</sup> ak negosyasyon entènasyonal sou klima a kap fèt chak lane poko ka bay redistribisyon mondyal. Epi yo pa kenbe responsab sa yo kap kreye dezòd klimatik ak enpak inekitab li yo. Peyi Nò yo echwe nan redui emisyon yo. Epi yo pa bay finansman pou kore adaptasyon epi pou repara domaj ki fèt jiskaprezan. Menm si kreyasyon yon mekanis finansye pou pèt ak domaj se yon viktwa enpòtan, mekanis la pa fèt pou li rektifye domaj istorik epi li pap fè sis nan douzèn nan chanjman transfòmasyon reparasyon kapab bay.<sup>6</sup>

CCNUCC a konsakre prensip “responsablite komen men diferansye,” ki rekonèt se peyi “endistriyalize” yo, ki se sous prensipal emisyon gaz efèdesè, ki gen pi gwo responsablite pou yo kontwole dezòd klimatik.<sup>8</sup> Sepandan, peyi Nò yo prèske pa fè anyen pou pran responsablite pou wòl istorik ak pèsistan y ap jwe nan dezòd klimatik. Negosyasyon anba CCNUCC a, ke y ap egzekite atravè Konferans Pati yo (KOP) kap fèt chak lane, repwodui inegalite jewopolitik ki deja egziste. An gran pati, negosyasyon sa yo pa konteste sistèm ekonomik ak politik ki te kreye dezòd klimatik.<sup>9</sup>

### Echèk Mezi pou Redui Efè yo

Jefò kap fèt anba CCNUCC pou yo minimize dezòd klimatik, esansyèlman nan redui emisyon gaz efèdesè, pa sifizan. Kantite gaz efèdesè nan atmosfè a rive nan yon nivo istorik nan lane 2022,<sup>10</sup> epi nan lane 2023 tanperati mwayen mondyal an te 1.2 degre sèlsiyis pi wò pase nivo preyendistriyèl la.<sup>11</sup> Menm si tout peyi ta reyalize nivo sib pou yo redui emisyon yo, jan yo te vize kòm objektif nan Akò Pari a, yo prevwa rechòfman pral rive ant 2.5 ak 2.9 degre sèlsiyis nan lane 2100,<sup>12</sup> sa kap yon katastwòf pou Ti peyi zile kap devlope yo (Petits États insulaires en développement nan lang fransè) tankou Ayiti.<sup>13</sup>

## Mank Finansman

Anplis, peyi Nò yo pa bay ase finansman pou peyi ki vilnerab anfas dezòd klimatik, pami yo Ayiti, ki ta pèmèt yo adapte ak dezòd klimatik epi minimize konsekans li yo. Peyi yo pwomèt y ap bay \$100 milya US pou klima a chak lane,<sup>14</sup> men Pwogram anviwònman Nasyonini evalye vre pri adaptasyon pou klima a pou peyi “k ap devlope yo” ap ant \$160 milya ak \$340 milya chak lane nan lane 2030 epi l ap monte a ant \$315 milya ak \$565 milya nan lane 2050.<sup>15</sup> Menm kanta kòb limite sa a, peyi “devlope” yo poko bay tout kòb yo te pwomèt la.<sup>16</sup> Anplis, yon gran pati nan finansman pou klima a se pre oswa lòt fòm transfè ki pa sibvansyon,<sup>17</sup> sa ki ogmante dèt nasyonal yo.<sup>18</sup> Epi finansman pou klima a gendwa reprezante ajandwa bayè de fon yo olye yo reprezante priyorite peyi k ap resevwa finansman an.<sup>19</sup>

# 2022

Nivo istorik gaz efèdesè



Kantite gaz efèdesè nan atmosfè a rive nan yon nivo istorik nan lane 2022

# 2023

Tanperati mondyal monte



## +1.2°C

tanperati mwayen mondyal an te 1.2 degre sèlisyis pi wò pase nivo preyendistryèl la

# 2050

Menm ak objektif nan Akò Pari a



## 2.9°C

yo prevwa rechòfman pral rive ant 2.5 ak 2.9 degre sèlisyis nan lane 2100

## Limit Pèt ak Domaj

Estrikti CCNUCC pa bay yon fason konsekan pou repara peyi ak kominote ki sibi ensjistis dezòd klimatik. Yo konn rele pèt ak domaj “pawòl Nasyonzi” pou reparasyon klimatik. Defansè klima ak peyi Sid yo te lite anpil pou kreyasyon yon mekanis finansman pèt ak domaj.<sup>20</sup> Yo te fete kreyasyon mekanis sa nan lane 2022 avèk rezon. Men finansman pèt ak domaj pa ekivalan a reparasyon. Finansman pèt ak domaj, omwen jan li ye kounye a, pa chita sou responsablite pou mal ki fèt deja, epi li pa chèche rektifye abi ni defann dwa viktim abi sa yo.<sup>21</sup> Mekanis la pa chèche reponn ak kòz fondanatal dezòd klimatik; pito, objektif li se sèlman bay finansman pou reponn ak enpak klimatik aktyèl.<sup>22</sup>

# 2023


finansman pwomèt chak lane



**\$100 milya**

# nan lane 2030


vre bezwen chak lane



**\$160-\$340 milya**

# nan lane 2050

vre bezwen chak lane



**\$315-\$565 milya**



Epi finansman sa a totalman volontè; apati jiyè 2024, bayè yo te pwomèt \$679.7 milyon pou fon an,<sup>23</sup> men yo estime y ap bezwen omwen \$400 milya chak lane pou reponn ak pèt ak domaj.<sup>24</sup>

Dezòd klimatik reprezante yon gwo enjistis pou Ayiti, epi politik entègouvènmantral dominan echwe nan fè fas ak enjistis sa a. Tout sa fè reparasyon pou Ayiti yon eleman nesèsè pou gen jistis klimatik.

“

**Onivo mondyal gen anpil bèl pawòl ki pale, sitou atravè Kòp yo gen anpil angajman ki pran sitou nan lane 2015 nan vil Pari men an reyalyte se plis pawòl men aksyon yo piti anpil. Youn nan desizyon yo se te diminye gaz efèdesè yo anvan 2030. Peyi k ap ponpe CO2 yo pa janm respekte angajman sila yo, pa gen twòp volonte ki degaje pou amelyore kondisyon planèt la k ap toufe... Peyi endistriyalize yo pa gen ni etik ni moral pa rapò ak degradasyon klimatik yo malgre pwomès yo fè pou redui kantite polisyon yo koze.**

**Kolektif Jistis Min (KJM)<sup>25</sup>**

## 2. Definisyon Reparasyon

Yo itilize mo “reparasyon” nan divès fason ki konn kwaze. Mo a kapab dekri yon dwa legal, yon demann moral, epi yon pwojè politik ki chita sou prensip repare mal ak redistribisyon. Tradisyonèlman, reparasyon se yon obligasyon yon moun ki te komèt yon mal genyen pou li voye viktim li tounen nan sitiyasyon kote li te ye anvan li te sibi mal la, oswa, lè sa pa posib, pou bay viktim nan dedomajman pou kèlkeswa mal li te sibi.<sup>26</sup> Sa k enpòtan, reparasyon mache ansanm avèk yon obligasyon moun ki te komèt mal la genyen pou li sispann fè zak malfezan sa yo.<sup>27</sup> Dwa pou jwenn reparasyon se yon prensip jiridik ki enpòtan epi yon eleman kle pou moun jwenn jistis.<sup>28</sup> Anpil espesyalis ak moun save kwè reparasyon dwe fè plis pase jis retabli menm reyalyte ki te genyen anvan; fòk reparasyon transfòme relasyon enjistis—ki gen ladan yo sa k te mennen nan zak malfezan—epi amelyore lavi viktim yo nan lavni.<sup>29</sup> Konsèp sa a pèmèt nou panse sou reparasyon pa sèlman kòm yon prensip jiridik men kòm kad pou yon pwojè politik ki pi laj.

Dwa sou dwa moun defini senk (5) eleman kle nan reparasyon ki kapab ede nou konprann sa reparasyon kapab ye an pratik: restitisyon, konpansasyon, reyabilitasyon, satisfaksyon, ak garanti sa p ap janm fèt ankò (sa k rele “garanties de non-répétition” nan lang franse).<sup>30</sup> An jeneral, reparasyon pral gen ladan yo yon kombinasyon kèk nan senk eleman sa yo.<sup>31</sup>

- **Restitisyon** vle di voye viktim ki te sibi yon tòn tounen nan sitiyasyon li te ye anvan vyolasyon an te fèt – pa egzanp, remèt li yon bagay yo te vòlè nan men li, oswa rechouke l nan yon pòs si yo te revoke l enjisteman. Nan anpil sitiyasyon, li p ap posib fè restitisyon nèt, kidonk lòt kalite reparasyon ap nesèsè.
- **Kompansasyon** vle di peman, tou kout. Yo bay konpansasyon pou domaj “yo ka evalye ekonomikman” ki se rezilta vyolasyon an – pa egzanp, domaj fizik oswa mantal epi pèt ekonomik.
- **Reyabilitasyon** se bay sèvis ki ka ede viktim nan geri, epi “fòk li gen ladan l swen sante ak sikolojik ansanm avèk sèvis jiridik ak sosyal.”<sup>32</sup>
- **Satisfaksyon** gen kòm objektif pou li remete viktim la nan eta li te ye anvan li sibi tòn a. Satisfaksyon plis gen pou wè ak domaj moral pase domaj ekonomik.<sup>33</sup> Eskiz piblik, mezi pou tabli vre fè vyolasyon an, ak memoryal pou viktim yo se egzanp satisfaksyon. Satisfaksyon gen pou wè tou ak mezi pou asire vyolasyon pa kontinye fèt ankò.<sup>34</sup>
- **Garanti sa p ap janm fèt ankò (garanties de non-répétition)** se mezi pou asire pa sèlman ke zak malfezan yo sispann men pou mete baliz pou zak malfezan ak mal sa yo pa fèt ankò nan lavni. Yo “plis mache ansanm avèk refòm estriktirèl ak ranfòse enstitisyon Leta yo.”<sup>35</sup> Egzanp garanti sa p ap janm fèt ankò se chanjman onivo lalwa ak enstitisyon Leta yo.

### 3. Kisa Reparasyon pou Reponn ak Enjistis Klimatik Ta Kapab Enplike?

Olúfèmi Táíwò fè konnen kèlkeswa “pwojè reparasyon” pou enjistis rasyal istorik ki “politikman serye” dwe mete aksan sou jistis klimatik.<sup>36</sup> Fòk reparasyon “konstriktif,” sa vle di gen kòm objektif pa sèlman pou repare domaj men tou pou transfòme kondisyon enjistis. Fòk reparasyon gen ladan l chanjman nan “politik ak enstitisyon ki ap pèpetye domaj.”<sup>37</sup> Epi fòk se sa yo ki se “eritye responsablite moral” enjistis istorik yo k ap peye pou bati yon pi bon lemonn.<sup>38</sup>

Reparasyon pou domaj klimatik pa posib san nou pa rekonèt esplwatasyon rasyal kote fenomèn nan soti. Maxine Burkett bay pinga si nou reponn ak domaj klimatik san nou pa fè anyen pou kòz istorik yo – asavwa peyi Nò ki esplwate peyi Sid yo nan fason rasis – se kòm si wap “taye branch yo” lè “ou kapab geri maladi a sèlman nan rasin li.”<sup>39</sup> Burkett defini reparasyon klimatik kòm “yon jefò pou evalye domaj emisyon nan pase yo te lakòz... epi amelyore lavi moun ki vilnerab anfas dezòd klimatik atravè pwogram, politik, epi/oswa mekanis dirèk pou transfè resous konsekan, pou asire moun ki vilnerab anfas dezòd klimatik kapab envizaje mwayen sibsistans ki pi bon nan kontèks defi klimatik nan lavni.”<sup>40</sup> Definisyon sa a envizaje reparasyon pa sèlman kòm yon bagay k ap repare domaj ki te fèt nan pase men tou pou amelyore, nan lavni, lavi viktim yo.

Kisa reparasyon kap chèche reponn ak enjistis klimatik ta kapab enplike an pratik, selon apwòch sa yo? Militan, moun save, ak moun k ap travay sou teren gen divès lide ak pwopozisyon ki soti nan kategori jiridik ki se restitasyon, konpansasyon, reyabilitasyon, satisfaksyon, ak garanti sa p ap janm fèt ankò.

#### Kompansasyon

Kompansasyon toujou rete fondamantal pou jefò reparasyon. Sa gen ladan l finans enfrastrikti, mezi adaptasyon, ak djòb ki kapab redui vilnerabilite klimatik. Kompansasyon ta egzijè pou yo transfere resous ekonomik pou reponn ak domaj istorik, domaj aktyèl, ak domaj k ap fèt nan lavni. Demann pou kompansasyon gen ladan yo transfè soti nan peyi Nò yo rive nan peyi Sid yo, soti nan gouvènman ak antrepriz ki pi responsab kriz la rive nan kominote ki pi viktim domaj klimatik. Kèk defansè, pami yo Táíwò, deklare anilasyon dèt peyi Sid yo se yon premye etap pou fè reparasyon.<sup>41</sup>

## Jistis pou Dèt la

Anpil militan ak òganizasyon afime “jistis pou dèt la” (“debt justice” nan lang anglè, “justice de la dette” nan lang franse), ki ka gen ladan l anilasyon dèt nasyonal peyi Sid yo, kòm yon eleman kle nan jistis klimatik<sup>42</sup> Gen moun ki wè sa kòm yon eleman jistis reparatris.<sup>43</sup> Parèyman, anpil nan peyi Sid yo lanse yon apèl pou refòm estrikti ak pwosesis finansye mondyal yo, pou ranfòse kapasite peyi sa yo pou yo kapab ogmante rant nasyonal yo epi pou yo ka jere dèt la pi byen nan lavni.<sup>44</sup>

Dèt nasyonal nan anpil peyi Sid yo rann l pi difisil pou gouvènman peyi Sid yo respekte dwa moun popilasyon yo. Reyalite ekonomik yo fòse peyi sa yo prete; reyalite sa yo se rezilta kolonyalis, ekonomi mondyal ekstraktiv la,<sup>45</sup> regleman finansye mondyal yo,<sup>46</sup> ajisteman estriktirèl kap fè ravaj, ak mezi osterite. Yon lòt kòz se politik finansman devlopman privatize. Se peyi Nò yo kap domine enstitisyon finansye entènasyonal kap enpoze politik sila yo.<sup>47</sup> Epi nan dènye lane yo, dèt nasyonal yo ogmante rapidman; youn nan kòz yo se enpak ekonomik KOVID-19 la.<sup>48</sup>

Dèt nasyonal ki wo kapab anpeche peyi envesti nan adaptasyon ak rezilyans klimatik. Jubilee Debt Campaign (Kanpay Jibile Dèt) la estime “peyi ki gen revni pi ba yo” peye senk fwa plis pou peye dèt la pase sa yo peye pou reponn ak dezòd klimatik.<sup>49</sup> Gen pre, tankou sa k rele “pre resous yo ap garanti” (“prêts garantis par les ressources” nan lang franse) kapab fòse peyi yo fè esplwatasyon min epi pwodui kabiran fosil pou yo kapab satisfè obligasyon dèt yo.<sup>50</sup> Anplis, dezòd klimatik la fè dèt nasyonal vin pi grav. Yon bèl valè finansman klimatik ap fèt sou fòm pre, sa ki ogmante dèt la, epi ki fòse peyi yo tonbe nan yon “pèlen dèt klimatik.”<sup>51</sup> Gwo vilnerabilite anfas dezòd klimatik — ki li menm, jan Ayiti demontre klè, se rezilta enjistis mondyal — se yon kòz gen to enterè ki pi wo, ki agrave dèt la pi plis.<sup>52</sup> Premye minis peyi Babad Mia Mottley deklare “abòde pwoblèm katastwòf natirèl, epi pwoteje anviwònman an, se pi gwo kòz ogmantasyon dèt nou an.”<sup>53</sup>

Te gen jefò nan pase pou fè remiz dèt nasyonal yo.<sup>54</sup> Pa egzanp, Ayiti se youn nan 37 peyi ki te resevwa yon remiz dèt selon inisyativ Peyi pòv ki gen gwo dèt (“Pays pauvres très endettés” oswa PPTE nan lang franse). Se te yon inisyativ Bank Mondyal la, Fon Monetè Entènasyonal la, ak lòt kreyansye te tabli nan lane 1996.<sup>55</sup> Remiz dèt la te soulaje chòk ekonomik tranblemanntè Ayiti te sibi nan lane 2010, men li pa t ase.<sup>56</sup> Anplis, anilasyon dèt la souvan gen kondisyon, ki se adopte mezi osterite ki anpeche gouvènman yo bay sèvis sosyal ki enpòtan, tankou sante piblik.<sup>57</sup>

Jodiya, yo konsidere Ayiti kòm yon peyi ki gen gwo ris pou li pa kapab peye dèt ekstèn li a.<sup>58</sup> Dèt gouvènman an te ekivalan a 25 pousan PIB a nan lane 2023.<sup>59</sup> Lòt peyi nan rejyon an gen pi gwo dèt ankò: an mwayen, dèt gouvènman peyi Amerik Latin ak Karayib yo te 73 pousan PIB a nan lane 2023.<sup>60</sup>

## Satisfaksyon ak Garanti Sa p Ap Janm Fèt Ankò

Chanpyon reparasyon mete anpil aksan sou satisfaksyon ak garanti sa p ap janm fèt ankò (garanties de non-répétition nan lang fransè), menm si yo pa itilize vokabilè sa a egzakteman. Satisfaksyon pou enjistis klima ak enjistis rasyal ta kapab, pa egzanp, egzije sa yo ki dwe reparasyon fè verite a gaye sou kisa gouvènman ak konpayi yo te konnen sou ris efè negatif pou klima a, epi egzije yo mande eskiz piblik.<sup>61</sup> Li ta kapab egzije tou gen sanksyon sou sa yo ki tè komèt sa ki mal.

Garanti sa p ap janm fèt ankò se petèt fòm reparasyon ki gen pi gwo pòte. Se li menm nou ka pi fasilman konprann ap vanse yon vizyon pou reparasyon ki konstrikatif. Li ta egzije yon chanjman estriktirèl nan sistèm sousèt ki te kreye dezòd klimatik ak inegalite ki asosye avè l la, pou asire domaj yo pa ni kontinye ni repete. Li ta kapab gen ladan l, pa egzanp, refòme enstitisyon finansye ak règleman komès mondyal ki kenbe yon ekonomi mondyal ki rasis epi ki fè ekstraksyon. Li ta kapab asire kominote yo se mèt epi gen kontwòl sou resous ekonomik. Nan sans sa a, Burkett souliyen si n ap reponn ak dezòd klimatik, fòk reparasyon egzije yo koupe emisyon gaz efèdesè. Pou fè sa, fòk nou chanje politik ak pratik ki te kreye dezòd klimatik mondyal dabò.<sup>62</sup>



## Migrasyon Akòz Dezòd Klimatik Kòm Yon Fòm Reparasyon

Dezòd klimatik deplase plis moun chak lane.<sup>63</sup> Pifò moun kap migre akòz klima a rete nan peyi kote yo fèt la; konsa yo defini yo kòm deplase entèn.<sup>64</sup> Nan lane 2022, omwen 32,7 milyon moun te deplase anndan peyi kote yo soti yo akòz katastwòf klimatik ak anviwònmanal.<sup>65</sup> Pami sa yo ki travèse fwontyè entènasyonal, pifò ladan yo rete nan peyi vwazen yo. Tandiske migrasyon akòz dezòd klimatik ap ogmante, plis moun gen dwa eseye soti nan peyi Sid yo rive nan peyi Nò yo, paske peyi Nò yo gen plis kapasite pou yo fè fas ak kriz yo menm yo te kreye a.<sup>66</sup> Men souvan peyi Nò yo refize kite moun kap migre akòz klima a antre, epi, jan nou eksplike nan Chapit I, dwa entènasyonal aktyèl la pa rekonèt migran kap kouri poutèt klima a kòm yon kategori apa ki merite pwoteksyon.<sup>67</sup>

Deplizanpli, moun save ak militan idantifye dwa migran kòm yon eleman esansyèl nan reparasyon. Carmen Gonzalez idantifye twa jistifikasyon jiridik pou nou konsidere migrasyon kòm reparasyon. Premyeman, dwa otodetèminasyon (autodétermination nan lang franse) soutni pèp ki sou kontwòl yon lòt pouwa pou yo kapab detèmine pwòp desten pa yo, ki ka gen ladan l migrasyon.<sup>68</sup> Dezyèmman, jan nou eksplike nan seksyon pi ba yo, gen yon obligasyon nan dwa entènasyonal tradisyonèl pou pa mele nan domaj anviwònmanal ki travèse fwontyè (ki manyen lòt peyi). Dwa pou jwenn reparasyon chita sou obligasyon sa a, kote domaj la se lefèt ke peyi Nò yo te kontribye nan dezòd klimatik ak enjerans ki manje otorite peyi Sid yo, redui rezilyans peyi sa yo anfas dezòd klimatik, epi enfliyanse vilnerabilite klimatik peyi sa yo, tankou Ayiti.<sup>69</sup> Twazyèmman, migrasyon kòm yon fòm reparasyon mache ansanm avèk prensip entènasyonal ki rele “responsablite komen men diferansye,” ki konsidere degrè chak peyi te kreye pwoblèm anviwònman yo, epi kapasite pou chak peyi anpeche oswa redui domaj la.<sup>70</sup>

Dayè, nou ka konsidere dwa pou migre pa sèlman kòm yon fòm reparasyon, men tou kòm yon eleman ki nesèsè pou yon pwosesis dekolonyalis siyifikatif. E. Tendayi Achiume afime fòk ansyen eta kolonyal yo resevwa “migran ekonomik” ki soti nan ansyen koloni yo, pou dedomaje yo pou wòl kolon sa yo te jwe nan destabilize epi fè peyi Sid yo depann sou peyi Nò yo, depi epòk kolonyal la.<sup>71</sup> Kòm migrasyon - ki gen ladan l migrasyon akòz dezòd klimatik -- se yon pratik otodetèminasyon pou moun ki soti nan ansyen koloni yo, efektifman sa se dekolonyalizasyon.<sup>72</sup>

Moun save ofri pwopozisyon kreyatif pou vane yon apwòch reparatè pou migrasyon akòz dezòd klimatik--pa egzanp, Bayes Ahmed pwopoze yon “modèl enstalasyon pou refijye klimatik” (“climate refugee settlement model” an angle.<sup>73</sup> Modèl sa a gen kat (4) paramèt, ki se emisyon diyoksid kabòn (CO<sub>2</sub>) pa tèt moun, revni nasyonal bri pa tèt moun, endis devlopman imen, ak konsomasyon resous latè a pa tèt moun.<sup>74</sup> Yo ta itilize kalkil sa yo pou detèmine kantite migran klimatik tout peyi ki responsab dezòd klimatik ta gen sou kont yo, pou yo entegre yo epi pwoteje yo.<sup>75</sup> Clare Heyward sijere yon Paspò pou Moun ki Pèdi Teritwa yo (Passport for the Territorially Dispossessed an angle)<sup>76</sup> ke yo ta bay moun deplase ki te oblije kouri kite kay yo, sitou ti peyi zile yo, epi ki ta egzije tout peyi asepte epi natiralize tout moun ki gen paspò sa a.<sup>77</sup>

Natirèlman, lide n ap diskite nan seksyon sa a pa ni konpreyansif ni preskriptif. Yo reprezante kèk aksyon konkrè ki ta kapab fè pati reparasyon pou reponn ak enjistis klimatik. Fòk se pèp Ayisyen detèmine kontni ak fòm evantyèl reparasyon pral pran. Yon ajannda reparasyon pou Ayiti pa oblije, epi pwobableman pa dwè, chita sèlman sou repons ak enjistis klimatik. Gen lòt domaj ki soti nan kolonyalizasyon, esklavaj, ak enjistis rasyal pèsistan ki ka nesosite lòt fòm espesifik reparasyon. Pa gen yon sèl grenn fòm pou reparasyon; reparasyon gendwa pran divès fòm, ki soti nan lefèt ke “nou rekonèt tout moun gen dwa pou suiv pwogram politik ki koresponn ak pwòp sitiyasyon, kilti, ak valè pa l.”<sup>78</sup>

## B. Jistifikasyon Jiridik pou Reparasyon pou Ayiti

Jan nou eksplike nan seksyon pi wo a, reparasyon pa sèlman yon demann jiridik, li se yon demann moral ak politik tou. Trase agiman jiridik pou reparasyon pou Ayiti pa fòseman di nou kisa yon pwogram reparasyon dwe gen ladan li. Anplis, taktik jiridik tankou litij pa toujou taktik ki pi apwopriye pou fè reparasyon vane. Sepandan, revandikasyon jiridik yo enpòtan, epi yo kapab bay negosyasyon politik ak mouvman popilè yo jarèt. Seksyon sa a prezante jistifikasyon jiridik ki kle pou reparasyon pou Ayiti pou reponn ak enjistis klimatik. Li mete aksan sou dwa entènasyonal epi, notaman, li sote revandikasyon dwa entèn yo te plede nan tribinal nasyonal kont antrepriz pou emisyon yo te fè nan pase a.<sup>79</sup>

Selon dwa entènasyonal, vyolasyon yon obligasyon jiridik entènasyonal se baz pou reparasyon. Dwa entènasyonal deklare yon pati ki te sibi mal akòz yon vyolasyon dwa gen dwa pou l jwenn reparasyon, epi se moun ki te komèt mal la ki responsab pou li bay reparasyon sa a.<sup>80</sup> Gen omwen twa (3) fòm vyolasyon dwa ki anje nan eskperyans enjistis klimatik Ayiti a, ki kapab sèvi kòm baz revandikasyon reparasyon. Premye ak dezyèm vyolasyon yo depann sou agiman pou reparasyon ki egziste menm si dezòd klimatik pa t egziste, men yon analiz enjistis klimatik ranfòse agiman sa yo. Premyèman, rasis istorik ak aktyèl te kreye vilnerabilite Ayiti anfas dezòd klimatik, ki vle di sa vyole entèdiksyon legal ki genyen kont diskriminasyon rasyal ak inegalite. Dezyèmman, fason flagran rasis te rann Ayiti pòv epi vilnerab anfas dezòd klimatik nan, pandan menm ansyen kolon yo ak enstitisyon finansye te vin rich akòz menm rasis la: sa se ranson ilegal Ayiti te oblije peye Lafrans pou endepandans li. Twazyèmman, emisyon demezire peyi Nò yo ap fè se yon vyolasyon obligasyon pou “pa fè okenn domaj” selon dwa entènasyonal. Souseksyon suivan yo egzamine chak nan agiman sa yo, grenn pa grenn.

## 1. Rasis se Youn nan Kòz Ayiti Vilnerab Anfas Dezòd Klimatik, ki se Yon Vyolasyon Dwa Entènasyonal

Ayiti merite reparasyon paske politik ak zak rasis peyi Nò yo te fè yo, soti nan kolonizasyon rive nan prezan an, jwe yon wòl enpòtan nan kreye epi kenbe vilnerabilite Ayiti a anfas dezòd klimatik. Kidonk, yo jwe yon wòl enpòtan tou nan vyolasyon dwa moun Ayisyen ap sibi.

Jan nou eksplike nan tout rapò sa a, rasis se yon detèminan prensipal domaj klimatik ak anviwònman jounen jodiya.<sup>81</sup> Moun nwa ak lòt moun ki pa blan—ki souvan ap viv nan sa k rele “zòn sakrifye” rasyal yo, jan nou te eksplike nan Chapit I—soufri plis akòz polisyon, pèt biyodivèsite, ak dezòd klimatik. Rasis sistèmik—ki gen ladan li enjerans neyokolonyal ak ekonomi mondyal ekstraktivis la—refize bay moun nwa ak lòt moun ki pa blan dwa ekonomik ak sosyal yo, epi rann yo pi vilnerab a domaj klimatik. Notaman, dwa entènasyonal sou dwa moun rekonèt vyolasyon dwa aktyèl sa yo, ki diskrimine selon ras moun, gen rasin yo nan kolonyalis, esklavaj, ak inekite rasyal yo te anrasinen yo.<sup>82</sup> Kontèks sa a lonje dwèt sou peyi Nò yo, sitou ansyen kolon yo, ki te kenbe sistèm rasis sa yo.

### Dwa Entènasyonal Entèdi Rasis

Entèdiksyon diskriminasyon sou baz ras moun se yon “nòm enperatif” (“norme impérative” nan lang franse) nan dwa entènasyonal sou dwa moun. Sa vle di ou pa gen dwa ekate l nan nenpòt sikònstans.<sup>83</sup> Li se yon nòm dwa koutimye entènasyonal (“droit coutumier international” nan lang franse) tou.<sup>84</sup> Yon peyi vyole obligasyon sa a lè li fè zak ki diskrimine sou baz ras moun, epi lè li pa adopte mezi pou anpeche, redui, epi elimine diskriminasyon rasyal, ki gen ladan li diskriminasyon rasyal estriktirèl. Fòk yon peyi pran mezi konkrè pou li reyalize egalite rasyal reyèl.<sup>85</sup> Si yon peyi vyole devwa sa yo, sa kreye yon obligasyon pou li bay reparasyon pou domaj moun te soufri kòm rezilta.<sup>86</sup> Rapòtè espesyal sou rasis nan Nasyonzi aplike obligasyon sa yo, epi li fè konnen peyi Nò yo gendwa dwe reparasyon pou vyolasyon dwa entènasyonal ki fè pati fondanatal kolonyalis ak esklavaj. Yo gendwa dwe reparasyon tou pou vyolasyon dwa moun diskriminatwa ki sòti nan dezòd klimatik mondyal, ki gen rasin nan kolonyalis, esklavaj, ak lòt fòm represyon rasyal istorik.<sup>87</sup>

### Rasis Te Bouchonnen Peyi a

Ayiti se yon ka egzanplè pou reparasyon sou baz sa a, paske ras — pi prezizeman rasis — defini eksperyans dezòd klimatik li a. Jan nou te eksplike nan Chapit II, Ayiti se sèl peyi nan lemonn ki te pran nesans atravè yon revolisyon esklav ak Afriken kaptif ki te reyisi. Vilnerabilite Ayiti anfas dezòd klimatik se rezilta, an pati, represyon rasyal: kolonyalis, esklavaj, yon syèk majinalizasyon diplomatik ak ekonomik aprè endepandans, ekstraktivis pèsistan, ak enjerans politik peyi Nò yo.<sup>88</sup> Tout eleman sa yo te kreye vilnerabilite klimatik Ayiti a. Sa souliyen jan agiman sa yo makonnen: agiman pou reparasyon pou dezòd klimatik ak agiman pou reparasyon pou kolonyalis, esklavaj, ak enpak pèsistan yo. Menm si rapò sa a mete aksan sou Ayiti, agiman sa a ta kapab soutni demann pou reparasyon pou lòt peyi nan Karayib ak lòt peyi Sid yo tou.



## Limit ak Potansyèl Dwa sou Dwa Moun

Yon demann pou peyi Nò yo peye reparasyon ki chita sou diskriminasyon rasyal mande pou nou idantifye vyolasyon dwa ki diskriminatwa ki soti nan dezòd klimatik. Li mande tou pou nou makonnen vyolasyon sa yo avèk vilnerabilite klimatik ki konstrui, epi idantifye lyen kozalite ant zak istorik ki enjistifiye ak rasis peyi Nò yo te komèt epi enpak diskriminatwa dezòd klimatik gen sou moun jounen jodiya.<sup>89</sup> Sa se yon jefò ki konplike anpil. Dayè, jan nou te eksplike nan Chapit I, dwa sou dwa moun prensipalman defini ki devwa yon peyi genyen vè pwòp popilasyon pa l. Li pa byen defini ki devwa li genyen vè popilasyon yon lòt peyi, sòf lè yon peyi “efektivman kontwòle” popilasyon yon lòt peyi.<sup>90</sup> Demann pou reparasyon ki chita sou dwa sou dwa moun mande pou nou elaji kad dwa moun nan, ki tradisyonèlman pa konn bay reparasyon pou zak mekanste transnasyonal. Sepandan, nan ka peyi Dayiti, li klè, jan nou te eksplike nan Chapit II, zak rasis gouvenman Lafrans ak Etazini (ominimòm) te komèt anvè Ayiti lè yo te gen kontwòl sou peyi a te kontribye nan fason konkrè nan vilnerabilite klimatik aktyèl li a, epi sou vyolasyon dwa pèp Ayisyen ap sibi.<sup>91</sup>

## Kwape Obstak nan Dwa Entènasyonal

Fòk nou site yon lòt obstak jiridik entènasyonal ki kapab anpeche Ayiti jwenn reparasyon: prensip entètanporalite (“intertemporalité” nan lang franse). Prensip entètanporalite vle di yon peyi responsab sèlman pou zak ki te ilegal lè li te komèt zak la.<sup>92</sup> Kolonyalis, esklavaj, ak diskriminasyon rasyal pa t toujou ilegal selon dwa entènasyonal lè peyi kolon yo te komèt yo. Sepandan, gen esepasyon pou prensip entètanporalite a, ki gen ladan yo, jan ansyen Rapòtè Espesyal sou Rasis nan Nasyonzini te di a, “lè (a) yon zak kontinye ap fèt jiska yon peryòd lè dwa entènasyonal konsidere zak sa a yon vyolasyon; oswa (b) zak enjis la gen konsekans pèsistan ak dirèk rive nan yon peryòd lè yo konsidere zak la ak konsekans li yo enjis onivo entènasyonal.”<sup>93</sup> Nan ka Ayiti a, enjistis istorik — ki gen ladan l diskriminasyon rasyal sistemik ak lòt vyolasyon dwa moun ki fè Ayisyen mal nan fason demezire — gen konsekans dirèk ak pèsistan ki rive nan yon peryòd lè dwa entènasyonal entèdi kolonyalis, esklavaj, ak represyon rasyal. Nou ka konprann vyolasyon dwa ki soti nan enjistis klimatik ak rasyal nou konstate jounen jodiya kòm, omwen an pati, kontinyasyon oswa konsekans dirèk vyolasyon istorik. Konsa, li posib sa satisfè yon esepasyon pou prensip entètanporalite a epi kreye posibilite pou gen reparasyon.<sup>94</sup>

## 2. Ranson Ayiti Te Peye pou Endepandans Li Te Ilegal

Ranson Lafrans te fòse Ayiti peye pou endepandans li kreye yon lòt agiman pou reparasyon ki inik. Jan nou te eksplike nan Chapit II, nan 1825 Lafrans te ofri Ayiti yon echanj: pou Lafrans bay Ayiti rekonesans diplomatik, gouvènman Ayiti a ta dwe Lafrans yon dèt monetè. Ranson endepandans sa a koute peyi a omwen \$21 milya dola meriken aktyèl, epi ta kapab lakòz yon pèt revni jiska \$115 milya.<sup>95</sup> Ranson an te trangle ekonomi peyi a, ki se yon nan kòz Ayiti pa gen kapasite redui domaj klimatik epi adapte ak dezòd klimatik. Nan fen 19yèm ak debi 20yèm syèk, pandan lòt peyi nan rejyon an t ap envesti nan travay piblik ki esansyèl pou rezilyans klimatik, tankou enfrastrikti ak sistèm sante piblik,<sup>96</sup> Ayiti t ap itilize revni fiskal li pou peye dèt la.<sup>97</sup>

### Anrichisman Enjis

Ranson endepandans Ayiti te peye a se yon egzanp ki demontre klè kòman politik ak enjerans rasis peyi Nò yo te kreye vilnerabilite klimatik. Anplis, ranson endepandans la kapab reprezante anrichisman ilegal ak enjis pou Lafrans, odetriman d' Ayiti. Akò entènasyonal Lafrans te enpoze nan lane 1825 te kapab ilegal menm selon dwa entènasyonal jan li te egziste nan epòk la.<sup>98</sup> Baz agiman sa se paske Lafrans te menase ak fòse Ayiti siyen akò a,<sup>99</sup> notaman menas pou li anvayi Ayiti ankò pou retabli esklavaj.<sup>100</sup> Akò a perime paske li te fèt nan sikònstans ki kontrè ak “lòd piblik” oswa moralite piblik entènasyonal nan epòk la: asavwa, menas pou yo retabli esklavaj nan yon peyi ki mèt tèt li ki te aboli esklavaj deja.<sup>101</sup> Sou baz sa a, tout peman Ayiti te fè anba akò sa a te ilegal, epi Lafrans gen yon obligasyon pou l remèt Ayiti tout sa li te peye a ansanm avèk kèlkeswa avantaj Lafrans te jwenn kòm rezilta akò ilegal la.<sup>102</sup>

### Pouse Demann pou Restitasyon ak Reparasyon Pi Devan

Menm jan ak demann pou reparasyon pou esklavaj ak kolonyalis, demann pou Ayiti jwenn reparasyon sou baz ranson li te peye Lafrans pou endepandans li—ki ta gen ladan l men ki pa limite a restitasyon tout lajan Ayiti te peye a—valid pou kont li, epi li ta egziste endepandan de domaj klimatik pèp Ayisyen ap sibi. Nan menm tan, wòl ranson endepandans la te jwe nan kreye vilnerabilite klimatik aktyèl Ayiti a kore demann pou reparasyon, epi transfè resous reparasyon ta egzijje ta kapab redui pi grav domaj dezòd klimatik kreye nan peyi a.

Gouvènman prezidan Ayisyen Jean-Bertrand Aristide te eseye vanse kòz restitasyon ranson endepandans lan seryèzman nan lane 2003.<sup>103</sup> Gen prèv ki sijere jefò sa yo se youn nan kòz yo te fè koudeta sou li nan lane 2004. Demann pou restitasyon ranson endepandans lan poze kesyon jiridik tou—notaman, ki tribinal entènasyonal oswa nasyonal ta gen otorite tande kòz la, epi si tout tan ki pase depi zak malfezan an te fèt ta rann demann nan diskritab. Sepandan, demann pou Ayiti jwenn restitasyon pou ranson an se yon agiman pisan pou reparasyon, jiridikman ak moralman.

### 3. Emisyon Demezire Vyole Dwa Entènasyon

#### Obligasyon pou “Pa Fè Okenn Domaj” epi Dezòd Klimatik

Ayiti gendwa ranpli kondisyon pou reparasyon selon obligasyon pou “pa fè okenn domaj” nan dwa entènasyon (*Obligation de ne pas causer de dommage* nan lang fransè). Obligasyon sa bay yon jistifikasyon pou reparasyon ki espesifik pou dezòd klimatik epi ki chita sou responsablite divès peyi genyen pou emisyon gaz efèdesè. Malgre li pa ilegal emèt nivo gaz efèdesè ki danjere, peyi ki pa aji kòm sadwa pou limite emisyon gaz efèdesè gendwa vyole obligasyon pou “pa fè okenn domaj” la, ki egzije peyi “pran dispozisyon pou anpeche mal siyifikatif rive lòt peyi ak anviwònman mondyal la.”<sup>104</sup>

Nan kontèks dezòd klimatik, yon peyi gendwa vyole obligasyon pou “pa fè okenn domaj” la si li “pa evalye epi redui ris pou koze chanjman klimatik, nan yon fason ki reprezante menas egzistansyèl la ansanm avèk kapasite pou peyi sa a anpeche l, omwen apati moman yo te ka prevwa domaj ki soti nan dezòd klimatik la.”<sup>105</sup> Chak peyi ki vyole devwa pou l anpeche domaj gen obligasyon pou li repare domaj sa a, nan dedomaje pati ki te soufri yo, sispann fè zak ki lakòz domaj la, epi/oswa asire domaj sa a pa janm fèt ankò.<sup>106</sup>

#### Limit Obligasyon pou “Pa Fè Okenn Domaj” la: Previzibilite ak Aksyon Rezonab

Li difisil pwouve yon peyi te vyole obligasyon pou “pa fè okenn domaj” la. Dabò, fòk aktè yo demontre domaj la te previzib. Konpayi ak gouvènman konn diskite egzakteman kilè domaj klimatik vin “previzib,” men sanble se depi lane 1970s yo syantis ak analis ki t ap travay nan konpayi te lanse yon pinga sou ki ris rechofman klimatik te poze.<sup>107</sup> Konsa, demann ki chita sou obligasyon pou “pa fè okenn domaj” la gendwa limite a domaj ki rive kòm rezilta emisyon depi peryòd sa a.<sup>108</sup> Lefèt ke peryòd tan sa a piti anpil vle di yo pa ka baze agiman pou reparasyon sou kolonyalis, esklavaj, ak lòt enjistis rasyal istorik — malgre, jan nou eksplike a, ansyen pisans kolonyal yo se peyi ki fè pi gwo emisyon. Epi tou, sa yon aksyon apwopriye oswa rezonab pou “evalye ak minimize ris” dezòd klimatik ye depann sou fè espesifik, ki gen ladan yo ki kapasite ak resous yon peyi done genyen pou li reponn ak dezòd klimatik.<sup>109</sup>

Moun save k ap reklame aplikasyon obligasyon pou “pa fè okenn domaj” la kòm yon posiblite pou gen reparasyon souliyen sa se yon zouti ki pa ase pou repare domaj dezòd klimatik lakòz, epi li demontre limit dwa entènasyon aktyèl la.<sup>110</sup> Nan menm tan, li se yon premye pa pou tabli yon obligasyon legal pou bay reparasyon<sup>111</sup> epi li kreye yon kad pou repati responsablite.<sup>112</sup> Menm si li pa chita sou responsablite pou enjistis rasyal istorik, li pwobab li pral tabli obligasyon sou peyi Nò ki pi responsab pou kolonyalis, esklavaj, ak diskriminasyon rasyal pèsistan.


## Aplike Obligasyon pou “Pa Fè Okenn Domaj” la

Nan aplike obligasyon pou “pa fè okenn domaj” la, peyi Nò ki gen emisyon ki pi wo ak pi demerize yo ta kapab dwe lòt peyi reparasyon, pami yo Ayiti.<sup>113</sup> Peyi Nò yo gen pi gwo responsablite pou emisyon CO<sub>2</sub> pandan tout istwa: peyi Etazini responsab 20 pousan emisyon CO<sub>2</sub> kimilatif epi Inyon Ewopeyèn responsab 17 pousan. 90 konpayi transnasyonal, pi fò ladan yo ki gen baz yo nan peyi Nò yo, responsab 63 pousan emisyon endistriyèl soti nan 1751 rive nan 2010.<sup>114</sup> Malgre domaj klimatik te vin “previzib” pou diferan peyi nan diferan moman, gouvènman ak konpayi nan peyi Nò yo te agrave dezòd klimatik menm aprè domaj la te vin previzib globalman ak san dout. Peyi Nò yo kontinye ap emèt majorite gaz efèdesè pa tèt moun.<sup>115</sup> Si nou ta detèmine nan fason jis ki peyi oswa ki pèp dwe resevwa reparasyon selon agiman sa a, Ayiti siman t ap ladan, paske Ayiti se youn nan senk peyi ki sibi pi gwo enpak dezòd klimatik, men li kontribye mwens pase 0,01 pousan emisyon gaz efèdesè mondyal.<sup>116</sup>



## Kiyès ki pi Responsab?

Peyi Nò yo gen pi gwo responsablite pou emisyon CO<sub>2</sub> pandan tout istwa



Etazini responsab

20%

emisyon CO<sub>2</sub>  
kimilatif

Inyon Ewopeyèn  
responsab

17%

emisyon CO<sub>2</sub>  
kimilatif



90 konpayi transnasyonal, pi fò ladan yo ki gen baz yo nan peyi Nò yo, responsab 63% emisyon endistriyèl soti nan 1751 rive nan 2010.

## C. Chemen pou Vanse pi Devan

Ayiti merite reparasyon, e chak nan jisitifikasyon jiridik nou prezante pi wo a kapab kore demann nan. Chak jisitifikasyon gen feblès jiridik pa l tou, epi kèk ladan yo souliyen inekite dwa entènasyonal ap ranfòse. Pou yon demann jiridik pou reparasyon reyisi, sa gendwa egzije pa sèlman aplike dwa entènasyonal kreyativman, men pou refòme dwa entènasyonal depi nan baz. Jan ansyen Rapòtè Espesyal sou Rasis nan Nasyonzi te deklare:

“

**Opwen pou prensip jiridik entènasyonal kontaporen prezante obstak pou responsablite istorik pou chanjman klimatik, fòk peyi ki manm Nasyonzi dekolonize oswa transfòme dwa sa a nan fason ki fè li kapab garanti egalite ak otodetèminasyon tout bon vre pou tout pèp. Reparasyon, ki egzije kad ekonomik, politik, ak jiridik entènasyonal ki ekkitab, se yon kondisyon preyalab pou reyoryante lòd mondyal la pou evite kriz ekolojik.”<sup>117</sup>**

Chak jisitifikasyon nou prezante nan chapit sa a souliyen pa sèlman yon agiman jiridik men tou yon agiman moral pou reparasyon pou Ayiti, pou reponn ak enjistis klimatik ki makonnen fondalnatalman avèk enjistis rasyal. Jan nou te di nan debi chapit sa a, reparasyon plis pase yon demann jiridik. Reparasyon bay yon “kad primòdyal pou yon etik, ansanm avèk mezi pratik” pou reponn ak enjistis klimatik.<sup>118</sup> Pou Ayiti gen plis chans pou l jwenn reparasyon, li pwobab defansè pral bezwen vanse yon valè kad ak agiman, epi souliyen ijans ak nesosite pou reponn ak epi repare enjistis klimatik. Fòk defansè, militan, ak alye ankouraje rechèch, pwopozisyon politik, negosyasyon politik, ak litij. Militan ak òganizasyon Ayisyen ki angaje nan jefò pou vanse reparasyon deja ap panse konsa, epi y ap travay pou bati rezo avèk avoka, mouvman jistis rasyal, moun save, ak defansè alawònnbadè.

Jan nou di nan chapit sa a, li klè tou ke reparasyon siyifikatif dwe transfòme estrikti jiridik, ekonomik, ak politik rasis ki kreye dezòd klimatik epi ki enfliyansè jan Ayisyen viv domaj klimatik. Transfòmasyon sa a pral ale pi lwen pase rekou jiridik tradisyonèl pou ranmase yon vizyon ki pi laj epi, pou site Táíwò, pi konstriktif sou kisa reparasyon ka ye.

Fok se pèp Ayisyen kap dirije jefò pou devlope yon ajannda konkrè pou reparasyon epi detèmine pwosesis enklizif ki nesèsè pou vanse demann pou reparasyon. Pèspektif ki nan chapit sa a ap eseye bay kèk pwen depa ki itil pou panse seryèzman ak kreyativman sou enpòtans, epi agiman pou, reparasyon pou Ayiti. Aktè ki deyò Ayiti kapab, epi yo dwe, pote solidarite, men se pa pou yo dirije ni taktik yo ni kwonoloji a. Reparasyon pa sèlman yon rezilta, se yon pwosesis li ye. Devlope epi vanse yon ajannda pou reparasyon pral mande patisipasyon, deba, ak mobilizasyon manch long. Pwogrè enklizif se kle. Reparasyon gendwa yon opòtinite pou bay moun ki pi sibi efè enjistis klimatik ak rasyal — sa vle di, moun yo mete sou kote nan pran desizyon sou reyalyte politik ak ekonomik mondyal, kidonk reyalyte klimatik la — pou yo patisipe nan yon pwojè pou chanjman ki konstriktif. Anfen, se pèp Ayisyen ki pral detèmine kisa reparasyon dwe ye konkrèman, idantifye taktik ki apwopriye, epi pran devan nan vanse demann pou reparasyon.



Soley kouche, Nòdwès, Ayiti. Kredi foto: Ellie Happel

## D. Konklizyon

Enjistis klimatik pèp Ayisyen ap sibi estrèm, epi jefò pou fè fas ak li ijan. Jan nou afime nan rapò sa a, fè fas ak enjistis klimatik—ki gen ladan l vilnerabilite klimatik Ayiti a, vyolasyon dwa moun Ayisyen sibi ki soti nan dezòd klimatik, ak reyalyte dezòd klimatik li menm—mande pou nou fè fas ak rasis ki nan nannan kesyon an.

Reponn ak reyalyte sa a avèk efikasite ap egzije jefò ki angaje, pèsistan, ak kreyativ onivo lokal, nasyonal, ak transnasyonal. Kominote, mouvman sosyal, ak òganizasyon an Ayiti gentan kòmanse travay sa a: fè eksperyans avèk taktik pou viv avèk epi adapte ak dezòd klimatik; mande chanjman sistemik pou vanse otodetèminasyon avèk jistis anviwònmantal ak ekonomik; epi, deplizanpli, mobilize pou reparasyon. Rapò sa a gen objektif pou li bay enfòmasyon ki ka itil pou travay yap fè a, epi nan menm tan ankouraje aktè ki pa an Ayiti, ki gen ladan yo chèchè k ap travay sou kesyon klima, militan, ak bayè de fon, pou yo priyore epi kore jefò kominotè pou defini epi chèche jistis klimatik. Fòk mouvman Ayisyen enfòme epi gide sa ki, nesèsèman, se yon jefò mondyal. Jan rapò sa a souliyen, aktè ki pi responsab epi ki gen plis kapasite pou yo repare enjistis klimatik pa an Ayiti.

Sa k enpòtan anpil: rapò sa a eseye antame yon deba sou, epi kore agiman pou, reparasyon pou Ayiti. Li souliyen Ayiti se yon ka egzemplè, epi vanse reparasyon pou Ayiti kapab ranfòse, epi akselere, jefò k ap devlope atravè lemonn pou jistis klimatik ak reparasyon nan tout Karayib la ak peyi Sid yo an jeneral. Se yon premye etap pou kolaborasyon ak aksyon ki pi pwofon, toujou an solidarite avèk kominote ak òganizasyon an Ayiti ki dwe pran devan nan batay la.

# Sitasyon

---

- 1 OLÚFÉMI O. TÁÍWÒ, RECONSIDERING REPARATIONS 147 (2022).
- 2 Marlene Daut, *When France extorted Haiti—the greatest heist in history*, THE CONVERSATION (June 30, 2020, 8:18 AM), <https://theconversation.com/when-france-extorted-haiti-the-greatest-heist-in-history-137949>.
- 3 See OLÚFÉMI O. TÁÍWÒ, RECONSIDERING REPARATIONS 147 (2022). Deplizanpli, lidè politik ap bay agiman sa a; aparaman, Kominote Karayibeyen (KARIKOM) pral chèche pale kesyon reparasyon avèk peyi Ewòp yo lane sa a. Premye minis peyi Babad, Mia Mottley, ki dirije Sou-komite premye minis yo sou kesyon reparasyon nan KARIKOM, deklare byen klè ki wòl esklavaj ak kolonizasyon jwe nan kreye dezòd klimatik k ap menase rejyon an jounen jodiya. See Janell Ross, *Inside Barbados’ Historic Push for Slavery Reparations*, TIME MAG. (July 6, 2023, 7:00 AM), <https://time.com/6290949/barbados-reparations/>.
- 4 *What are Reparations*, MOVEMENT FOR BLACK LIVES, (Nov. 2020), <https://m4bl.org/wp-content/uploads/2020/11/defining-reparations.pdf>.
- 5 Jan nou te eksplike nan Chapit III, Akò Pari a se yon trete entènasyonal ki obligatwa jiridikman. Pati nan CCNUCC yo te adopte l nan Konferans Pati yo (KOP) nan lane 2015. Objektif prensipal li se limite ogmantasyon tanperati mondyal. See Paris Agreement to the UNFCCC, Dec. 12, 2015, TIAS No. 16-1104.
**Ligue Alternative Justice:** Ligue Alternative Justice (LAJ) se yon òganizasyon sosyete sivil k ap travay sou kesyon dwa moun, ki mete aksan patikilyèman sou anviwònman an ak ekonomi solidè a. Yo te fonde LAJ nan lane 2020. Entèvansyon estratejik li yo gen ladan yo fòmasyon ak akonpayman teknik pou òganizasyon kapab ranfòse kapasite yo, epi patisipe nan aktivite èd mityèl (pote kole lè youn ap ede lòt) ak solidarite.

**Lite pou Demen Nou:** Lite pou Demen Nou (LIDE-N) se yon òganizasyon jèn k ap travay pou otodetèminasyon kominote riral yo. Atravè patenarya avèk òganizasyon jèn ak òganizasyon fanm, epi avèk “Anviwònman, Agrikilti, ak Lasante” kòm youn nan zo bwado li yo, LIDE-N pwomouvwa yon modèl agrikilti ki pwoteje biyodivèsite ak renouvèlman resous natirèl ki jwenn enspirasyon nan vizyon ekonomi sosyal ak solidè. Modèl agrikilti sa a gen kòm objektif tou pou li redui konsekans dezòd klimatik, epi ede moun adapte anfas dezòd klimatik. Nan kontèks sa a, yo mete aksan sou rekòt ki gen valè nitritif, ki kore biyodivèsite, epi ki apwopriye pou agrikilti Ayiti a.

**Mouvman Peyizan Akil di Nò:** Mouvman Peyizan Akil di Nò (MPA) ap travay avèk peyizan nan komin Akil di Nò depi lane 1984. Nan lane 1992 MPA te kreye yon mouvman fanm pou defann dwa fanm nan kontèks vyolasyon dwa ak aksè inekitab ak resous natirèl, epi nan lane 1993 li te kreye yon mouvman jèn pou defann dwa jèn. Ansanm, twa mouvman sa yo se MPA. MPA se yon manm fondatè Mouvman Peyizan Nasyonal Kongre Papay (MPNKP), epi, atravè MPNKP, li se yon manm mouvman mondyal Via Campesina.

**Sektè Fanm, Mouvman Peyizan Papay:** Sektè Fanm, Mouvman Peyizan Papay (MPP) ap lite pou ini peyizan Ayisyen nan aksyon kolektif pou souverènte alimantè, jistis klimatik, ak egalite ant sèks yo pou prèske 50 lane. MPP bay fòmasyon pou peyizan – fanm ak gason – aprann epi itilize metòd agwo-ekolojik, swen sante kominote natirèl, epi bay yo kapasite pou yo adapte anfas dezòd klimatik epi nan lidèchip kominote.<sup>7</sup>

**Solidarite Fanm Ayisyèn:** Solidarite Fanm Ayisyèn (SOFA) se yon òganizasyon feminis Ayisyen ki gen apeprè 10.000 manm nan tout peyi a; 80% ladan yo se fanm peyizan. Pou 38 lane, SOFA ap reponn ak vyolans ki baze sou sèks moun, patisipasyon fanm nan pran desizyon, dwa pou fanm gen lasante, epi lite kont sa k rele “feminizasyon povrete” (kote fanm yo reprezante yon pwopòsyon demezire moun pòv yo) atravè otonomizasyon. Sa gen ladan l kesyon anviwònman, opwendvi egalite ak pwoteksyon ak respè pou dwa fanm.<sup>8</sup>

**Sosyete Kiltirèl Jèn Ayisyen:** Sosyete Kiltirèl Jèn Ayisyen (SOKIJA) pwomouvwa enpòtans kilti Ayisyen. SOKIJA gen ladan li mizisyen, komedyen, ak lòt atis ki itilize kreyasyon atistik ak pèfòmans pou chanjman sosyal. SOKIJA kreye materyo pou edikasyon popilè miltimedya sou enpak endistri minye ak dezòd klimatik, epi sou enpòtans souverènte alimantè.<sup>9</sup>

**Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen:** Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen oswa Tèt Kole tou senp (TK) se yon mouvman peyizan nasyonal ki prezan nan tout peyi Dayiti, prensipalman nan zòn rural yo. TK pwomouvwa agrikilti dirab, dwa pou moun gen tè, epi otodetèminasyon peyizan yo. Yo te fonde TK nan lane 1986.

**Union des Jeunes pour le Développement Social en Mission:** Union des Jeunes pour le Développement Social en Mission (UJDS-EM) pwomouvwa dwa timoun ak dwa jèn nan komin Site Solèy, atravè edikasyon, sansibilizasyon, ak pledwaye avèk otorite lokal yo. Travay UJDS-EM nan mete aksan sou sante seksyèl, vyolans ki baze sou sèks moun, aksè ak dlo, epi koze anviwònman.

# Sitasyon

---

- 1 *Action pour la Reforestation et la Défense de l'Environnement (AREDE)*, NAMATI, <https://namati.org/network/organization/action-pour-la-reforestation-et-la-defense-de-lenvironnement-arede/> (last visited Dec. 2, 2024); see also Glob. Just. Clinic et al., *Collaborative Submission to the UN Special Rapporteur on Contemporary Forms of Racism*, CEN. FOR HUM. RTS. & GLOB. JUST., NYU LAW (June 20, 2022), <https://drive.google.com/file/d/1k5qZTY5HMPkuopTSGOhHZP-GUK3ZdNClw/view> [hereinafter Glob. Just. Clinic, *Submission to the Special Rapporteur on Racism*].
- 2 JUSTICE ET PAIX, <http://www.justicepaixhaiti.org.ht/> (last visited Jan. 20, 2023); see also Glob. Just. Clinic, *Submission to the Special Rapporteur on Racism*, 1.
- 3 *Our Partners: Social Medicine Alumni of Haiti*, EQUAL HEALTH, <https://www.equalhealth.org/our-partners> (last visited Dec. 2, 2024); see also Glob. Just. Clinic, *Submission to the Special Rapporteur on Racism*, 1.
- 4 Roots of Development Gwoup Konbit, <https://rootsofdevelopment.org/gwoup-konbit/> (last visited Dec. 2, 2024).
- 5 See also Glob. Just. Clinic, *Submission to the Special Rapporteur on Racism*, 1.
- 6 *The Kolektif Jistis Min*, HAITI MINING, <http://haitimining.weebly.com/about-kjm.html> (last visited Jan. 20, 2023); see also Glob. Just. Clinic, *Submission to the UN Special Rapporteur on Racism*, 1.
- 7 MOUVMAN PEYIZAN PAPAY, <https://www.mpphaiti.org/?lang=en> (last visited Jan. 20, 2023); see also Glob. Just. Clinic, *Submission to the UN Special Rapporteur on Racism*, 1.
- 8 SOLIDARITE FANM AYISYÈN, <https://sofahaiti.org/> (last visited Feb. 1, 2023).
- 9 See also Glob. Just. Clinic, *Submission to the UN Special Rapporteur on Racism*, 2.

# Glosè: Tèm Kle

---

**Adaptasyon:** Daprè Konvansyon Estrikti Nasyonzini sou Chanjman Klima (United Nations Framework Convention on Climate Change – nou defini l annapre), “adaptasyon vle di ajisteman nan sistèm ekolojik, sosyal oswa ekonomik an repons a estimilis klima aktyèl yo te espere yo ak efè yo oswa enpak yo.”<sup>1</sup> Egzanp solisyon adaptasyon yo gen ladan yo konstwi defans kont inondasyon, mete sou pye rekòt ki rezistan devan sechrès, epi etabli sistèm avètisman bonè pou siklò.<sup>2</sup> Kominote lokal yo souvan nan pi bon pozisyon pou konnen pwòp bezwen yo ansanm ak solisyon k ap ede yo adapte yo ak efè kriz klimatik la.<sup>3</sup>

**Agwoekoloji:** Agwoekoloji se yon apwòch altènatif nan kesyon pwodiksyon manje ki ankouraje relasyon ki an amoni ak latè atravè agrikilti dirab ki mache ak lanati ak sistèm ekonomik altènatif.<sup>4</sup> Yo defini l pafwa kòm aplikasyon syans ekoloji ak agrikilti.<sup>5</sup> Sou plan politik ak ideyolojik, apwòch agwoekolojik yo opoze ak agrikilti endistriyèl gwo-echèl epi prevwa yon lidèchip kiltivatè yo mennen.<sup>6</sup> Agwoekoloji antanke “yon syans, se yon seri pratik ak yon mouvman sosyal” k ap eseye amonize entèraksyon ki genyen ant èt vivan yo epi abòde enpòtans sistèm manje nan fason ki ekitab ki bay priyorite ak bon jan kalite ak chwa sou pwodiksyon ak konsomasyon.<sup>7</sup> Kriz klimatik mondyal la ak ensekirite alimantè k ap grandi te renouvle konsantrasyon sou agwoekoloji kòm yon solisyon.<sup>8</sup>

**Akò Pari a:** Akò Pari a te soti nan Konferans Pati 2015 lan (nou defini l anba a), ki te fèt dapre Konvansyon Estrikti Nasyonzini sou Chanjman Klima (nou te defini l anba a).<sup>9</sup> Se yon trete entènasyonal ki gen obligasyon jiridik, objektif prensipal li se kenbe chofaj la “anba de degre Sèlisyis pi wo pase nivo pre-endistriyèl yo.”<sup>10</sup> Malgre Akò Pari a manke yon mekanis ranfòsman, sa vle di pa gen okenn konsekans si w pa konfòme w, peyi ki siyen yo rankontre regilyèman epi soumèt rapò (Kontribisyon ki Detèmine nan nivo Nasyonal, nou defini l anba a) sou plan yo pou diminye emisyon gaz efèsè epi adapte yo ak enpak dezòd klimatik.<sup>11</sup>

**Bank Mondyal:** Menm jan ak Fon Monetè Entènasyonal (nou defini l anba a), Bank mondyal la se yon enstitisyon entènasyonal yo te kreye apre Dezyèm Gè mondyal nan objektif pou estabilize sistèm ekonomik mondyal la. Li travay nan direksyon misyon deklare li pou “mete fen nan lamizè ekstrèm ak ranfòse pwosperite pataje”<sup>12</sup> nan prete lajan, ki gen ladan dirèkteman sipòte pwojè devlopman; bay gouvènman yo bidjè sipò; garanti lòt prè devlopman; ak bay gouvènman yo konsèy.<sup>13</sup> Bank Mondyal te resevwa kritik enpòtan, ki gen ladan li pa respekte prè dwa moun nan pwojè ki te gen konsekans negatif sou anviwònman ak sosyal (pa egzanp, gwo baraj idwojèn ki te lakòz depasman enpòtan nan popilasyon lokal yo), epi li pa pran responsablite pou konsekans sa yo, li pa reprezante Sid Mondyal la nan gouvènans li, ak pouse politik ekonomik neyoliberal (nou defini l anba a) sou peyi ki prete yo.<sup>14</sup>

**COP:** Konferans Pati yo (Conference of the Parties, COP): COP se reyinyon anyèl ansanm ak enstans pou pran desizyon final pou pati yo nan Konvansyon Estrikti Nasyonzini sou Chanjman Klima (United Nations Framework Convention on Climate Change – nou defini l annapre a).<sup>15</sup> Nan COP, peyi yo evalye aplikasyon mezi yo epi adopte desizyon “nesesè pou ankouraje aplikasyon efikas Konvansyon an.”<sup>16</sup>

**Dèt nasyonal:** Dèt nasyonal refere ak kantite lajan gouvènman yon peyi dwe lòt peyi, bank, kòporasyon ak enstitisyon finansye entènasyonal yo.<sup>17</sup> Ayiti se youn pami anpil peyi Sid Mondyal ki fè fas ak dèt ak kriz klimatik

**Dezòd klimatik:** *Climate disorder* se tradiksyon anglè dezòd klimatik an kreyòl Ayisyen. Yon lòt tradiksyon se briganday klimatik. Dezòd klimatik ak briganday klimatik mete aksan sou dezòd ak domaj chanjman klimatik ap lakòz.

**Edikasyon Popilè:** Edikasyon popilè se yon konsèp ak pratik yo souvan atribiye ak ekriven ak edikatè brezilyen Paulo Freire.<sup>18</sup> Li konsène ansèyman ak aprantisaj atravè eksperyans lokal ak vènakilè, ajoute konesans nan sa moun deja genyen.

**Ekonomi Politik:** An jeneral, ekonomi politik dekri relasyon ant ekonomi ak politik, menm si definisyon li vin ap evolye ak tan an epi selon disiplin nan.<sup>19</sup> Ou ka konprann ekonomi politik tankou "fè investigasyon sou relasyon ant politik ak ekonomi yo, konprann ekonomi toujou gen yon aspè politik nan orijin li yo ak konsekans li yo," epi enterese ak "fason pouwa ekonomik ak politik makonnen ansanm ak inegalite rasyal ak sèks ansanm ak sibòdinasyon."<sup>20</sup>

**Ekstraktivis:** Ekstraktivis "nòmalmalman enplike retire matyè premyè nan teritwa yo te gentan kolonize yo, ak pwosesis, vant ak konsomasyon materyèl sa yo nan yon ekonomi mondyal ki benefisyè nasyon, kòporasyon transnasyonal ak konsomatè yo nan Nò Mondyal la oswa sa yo rele mond devlope a."<sup>21</sup> Anpil mouvman sosyal an Ayiti tou defini fabrikasyon salè ki ba ak "zòn ekonomik espesyal" kòm fòm ekstraksyon, akòz enpak yo sou anviwònman an ak kominote yo ansanm ak sikilasyon pwofi ki soti nan endistri sa yo nan Nò Mondyal la.

**Fon Monetè Entènasyonal (FMI):** Alòske yo te etabli l nan lane 1944, Fon Monetè Entènasyonal se yon enstitisyon entènasyonal ki gen misyon pou sipòte "politik ekonomik ki ankouraje estabilite finansye ak kowoperasyon monetè" epi pou "estabilize sistèm monetè entènasyonal la", ki gen ladan prete peyi manm yo lajan.<sup>22</sup> FMI te resevwa anpil kritik, ki gen ladan bay prè ki chita sou politik ekonomik ki ka fè kriz ekonomik vin pi mal ak lakòz gwo soufrans lèzòm, enpoze politik ki manke transparans ak konsiltasyon ak peyi ki afekte yo, ak reprezantasyon fèb Sid Mondyal la nan gouvènans li.<sup>23</sup>

**Jistis klimatik:** Jistis klimatik se yon konsèp ak mouvman sosyal ki rekonèt kominote ki santi pi move konsekans dezòd klimatik la se yo menm ki, souvan ak istwa kolonizasyon ak lòt fòm opresyon, mwens responsab nan lakòz kriz klimatik la.<sup>24</sup> Jistis klimatik ap chèche responsablite nan men nasyon ak konpayi ki pi responsab pou dezòd klimatik epi li gen pou objektif pou transfòm nan yon fason radikal sistèm kontanporen yo ki pèmèt kriz ekolojik mondyal la epi "distribye soufrans ki asosye ak kriz sa a sou yon baz diskriminasyon rasyal."<sup>25</sup>

**Kapitalis dezaz:** Se yon tèm aktivis ak otè Naomi Klein te envante pou refere a efò gouvènman ak aktè prive yo fè pou pase privatizasyon ak lòt politik ki an favè kòporasyon nan moman katastwòf. Klein dekri kijan aktè pisan yo pran avantaj gwo soufrans piblik ak chòk piblik yo pandan ak apre yon kriz pou pouse nan mezi privatizasyon radikal ak pou privatize repons dezaz la menm (pa egzanp, èd lè gen katastwòf).<sup>26</sup>

**Kapitalis Rasyal:** Kapitalis rasyal dekri kijan ras ak rasis konekte ak kapitalis ak enstitisyon li yo.<sup>27</sup> La a, ras pa sèlman fè referans ak idantite, men tou, li vle di pouvwa.<sup>28</sup> Cedric Robinson, ki te envante tèm kapitalis rasyal la, te bati sou travay entelektiyèl ak militan tankou WEB DuBois ak CLR. James, ki te etabli kolonizasyon ak esklavaj kòm fondasyon kapitalis, montre ki jan pouvwa Ewopeyen yo te itilize rasis pou jistifye eksplwatasyon, ekstraksyon ak dominasyon. Robinson te mete aksan sou rasis ki te deja anvayi sosyete ewopeyen an. Tèm sa a reflekte kijan "kapitalis soti nan yon lòd feyodal byen melanje ak yerachi rasyal, epi answit, evolye nan yon sistèm mondyal ki transfòm dife diferans rejyonal ak kiltirèl nan fòm rasyal nan dominasyon, ki gen ladan esklavaj, enperyalis ak jenosid."<sup>29</sup>

**Kontribisyon yo Detèmine nan nivo Nasyonal (Nationally Determined Contributions, NDC):**

NDC yo se plan aksyon nasyonal peyi yo, ki tabli aksyon peyi a pral pran pou diminye emisyon gaz efèsè ak adapte yo ak dezòd klimatik la. Akò Pari a (nou te defini l anwo a) mande pou tout peyi manm yo soumèt NDC yo chak senk ane.<sup>30</sup>

**Konvansyon Estrikti Nasyonzini sou Chanjman Klimatik (United Nations Framework**

Convention on Climate Change, **UNFCCC**): UNFCCC a se yon trete anviwònman multilateral.<sup>31</sup> Se premye trete entènasyonal eta manm Nasyonzini yo devlope pou reponn ak dezòd klimatik. Apre yo te fin siyen l nan Konferans Nasyonzini sou Anviwònman ak Devlopman 1992 la, nan Rio de Janeiro, yo te mete trete a an aplikasyon an 1994 e yo te prèske ratifye l nan fason inivèsèl jodi a, sa vle di prèske tout peyi nan mond lan te dakò pou yo respekte l. Peyi ki ratifye l yo, yo rele yo pati nan konvansyon an, ale nan yon Konferans Pati yo chak ane (nou te defini l anwo a) pou fè negosyasyon yo. UNFCCC gen pou objektif pou konbat emisyon gaz efèsè yo nan objektif pou kenbe konsantrasyon atmosferik yo "nan yon nivo ki ta anpeche entèferans danjere antwopojèn [moun fè] nan sistèm klimatik la."<sup>32</sup> Sa ki enpòtan, UNFCCC mete responsablite a sou peyi "endistriyalize" (nou rele yo "peyi Anèks I") pou fè pi plis pou koupe emisyon yo, paske yo se sous prensipal nivo danjere gaz ki lakòz efè tèmik yo.<sup>33</sup>

**Mitigasyon:** Mitigasyon se efò pou diminye oswa anpeche emisyon gaz efèsè ki chofe planèt la. Alòske adaptasyon mande pou chanje konpòtman nou yo ansanm ak sistèm ki pi byen adapte pou kanpe devan dezòd klimatik, mitigasyon li menm li mande pou diminye volim bri emisyon gaz efèsè.<sup>34</sup> Efò mitigasyon yo genyen ladan yo etap pou dekouraje aktivite entansif ki lache gaz efèsè, tankou eksplwatasyon minyè chabon ak boule konbistib fosil, epi pou ankouraje enèji pwòp,<sup>35</sup> atravè sibvansyon pou enèji solè, pa egzanp. Mitigasyon tou anglobe efò pou ankouraje ekspansyon "pi rediksyon" kabòn yo, tankou forè, k ap retire gaz ki lakòz efèsè nan atmosfè a.<sup>36</sup>

**Neokolonyalis:** Neokolonyalis se yon tèm teyoris politik ak politisyen Gana Kwame Nkrumah te envante an premye "pou dekri sa li te wè kòm relasyon ekonomik eksplwatasyon kontinyèl ant peyi devlope yo ak peyi mwens devlope yo menm aprè yo fin reyalize endepandans politik."<sup>37</sup> Li dekri kijan ansyen pouvwa kolonyal yo oswa peyi nan Nò Mondyal la kontinye egzèsè enflyans ekonomik, politik, ak kiltirèl sou ansyen koloni ak peyi nan Sid Mondyal la, malgre fen fòmèl kolonyalis la. Yo egzèsè pouvwa sa a nan pwolonjman oswa renouvèlman enstitisyon ak estrikti ki anrasinen nan kolonyalis, tankou "lwa entènasyonal, dwa pwopriyete antrepriz ak pouvwa gwo bank komèsyal yo," ak kòporasyon transnasyonal yo pami "ajan prensipal neokolonyalis kontanporen yo."<sup>38</sup> Nan kontèks Ayiti, entèferans entènasyonal nan gouvènans nasyonal ak pwosesis demokratik Ayiti se yon lòt fòm neokolonyalis yo souvan site.<sup>39</sup>

**Neyoliberalis:** Neyoliberalis se yon tèm yo itilize pou dekri yon seri politik ekonomik ki favorize kapitalis mache lib ak globalizasyon ekonomik. "Politik ekonomik mache liberal" sa yo gen ladan "privatizasyon ak derègleman; liberalizasyon komès ak finansye; diminye wòl eta a; [ak] ankouraje envestisman etranje dirèk."<sup>40</sup> Yo gen ladan tou "pwogram ajisteman estriktirèl" enstitisyon tankou Bank Mondyal, Fon Monetè Entènasyonal, ak Òganizasyon Komès Mondyal te ankouraje atravè Sid Mondyal la.<sup>41</sup> Pou prete lajan atravè pwogram ajisteman estriktirèl yo, peyi nan Sid Mondyal la te oblije dakò ak kondisyon dèt ki ankouraje pi piti gouvènman, mwens règleman gouvènman ansanm ak lòt politik ekonomik neyoliberal.<sup>42</sup> Pwogram sa yo te pwodui kwasans ekonomik nan peyi Mondyal Sid yo men, an menm tan, ogmante inegalite ak lamizè, ak benefis akimile sitou nan elit yo.<sup>43</sup> Kritik yo bay agiman pou di politik neyoliberal yo se yon echèk, yo remake kwasans ekonomik la ralanti epi kriz klimatik la akselere.<sup>44</sup>

**Nò ak Sid Mondyal:** Nò ak Sid Mondyal dekri "pouvwa relatif ak richès peyi yo nan diferan pati nan mond lan."<sup>45</sup> An jeneral, peyi ki pi rich yo twouve yo nan Emisfè Nò a.<sup>46</sup> Yo souvan itilize Sid Mondyal la pou fè referans ak peyi ki gen revni ki ba ak revni mwayen, anpil nan yo twouve yo nan Emisfè Sid la. Gwoupman sa a gen ladan peyi ki se ansyen koloni nan Afrik, Amerik Latin, Karayib la, Mwayen Oryan, ak Azi ki toujou fè eksperyans "konsekans kolonyalis" apre endepandans.<sup>47</sup> Yo te kritike estrikti Nò Mondyal-Sid Mondyal la paske li twò jeneral pou l te itil epi li bay konfizyon, paske kèk peyi ki pi rich yo tankou Singapou, Japon, Kore di Sid, Ostrali ak Nouvèl Zeland, yo nan Emisfè Sid la, tandiske kèk peyi pòv tankou Ayiti nan Emisfè Nò a.<sup>48</sup> Rapò sa a sèvi ak tèm Nò Mondyal ak Sid Mondyal pou dekri separasyon kontinyèl ak relasyon eksplwatasyon ant peyi ki pi rich ak peyi yo te kolonize yo.<sup>49</sup>

**Panèl Entègouvènmantral sou Chanjman Klimatik (Intergovernmental Panel on Climate Change, IPCC):** Se yon pati nan Nasyonzini, IPCC responsab pou evalye syans ki gen rapò ak dezòd klimatik.<sup>50</sup> IPCC prepare plizyè rapò, sa ki pi enpòtan ladan yo se Rapò Evalyasyon konplè ki detaye "eta konesans syantifik, teknik ansanm ak sosyal ak ekonomik sou chanjman klimatik, enpak li ak ris nan lavni, ansanm ak opsyon pou diminye vitès chanjman klimatik ap fèt la."<sup>51</sup>

**Peyizan:** Yon peyizan se yon moun ki gen yon relasyon espesyal ak depandans sou tè a akòz travay tè a, kiltive pwodui agrikòl (egzanp, manje, pwodui atizan konn fè), ak pran swen sistèm agwoekolojik epi ki depann anpil sou fwaye, fanmi, oswa lòt fòm travay ti echèl.<sup>52</sup> Yo pwoteje Dwa peyizan nan Deklarasyon Nasyonzini sou Dwa Peyizan yo ak Lòt Moun k ap Travay nan Zòn Riral yo. Tèm peyizan an ka gen ladan moun endijèn k ap travay sou tè a ansanm ak moun ki pa gen tè.<sup>53</sup>

**Pèt ak domaj:** Nan kontèks klimatik la, "pèt ak domaj" refere ak konsekans negatif dezòd klimatik ki rive lè pa gen efò epi/oswa malgre gen efò pou adapte yo ak dezòd klimatik. Epi tou, pèt ak domaj fè referans ak domaj ekonomik, tankou pèt rekòt ak domaj ki pa ekonomik tankou pèt eritaj kiltirèl.<sup>54</sup> Akò Pari a rekonèt nesite pou "evite, minimize ak adrese pèt ak domaj."<sup>55</sup> Nan mwa novanm 2022, peyi yo te dakò pou etabli yon Etablisman Finansman pou Pèt ak Domaj dapre Konvansyon Estrikti Nasyonzini sou Chanjman Klima.<sup>56</sup>

**Peyizan:** Peyizan, yo tradui l nan lang anglè san pèfeksyon "*peasant*," se yon tèm ki espesifik pou Ayiti ki gen yon idantite kiltirèl ak politik. Apre esklav yo te fin revòlte avèk siksè epi te kreye Ayiti, premye repiblik moun nwa a, majorite moun ki fèk libere yo te vin peyizan. Swa yo te posede ti lo tè oubyen yo pa t posede okenn tè ditou. Istori Jean Casimir detaye kijan klas peyizan an te parèt an opozisyon ak ti oligachi k ap dirije a ki te kontwole peyi a epi ki te monopolize pouvwa politik la, sa ki te kreye yon estrikti sosyal andeyò eta a.<sup>57</sup>

**Reparasyon:** Tèm reparasyon fè referans ak zak oswa pwosesis pou bay reparasyon pou moun ki te sibi domaj, epi, konsa sa konsène alafwa tan pase ak prezan an.<sup>58</sup> Reparasyon yo ka rekou endepandan oswa yon pati nan yon seri rekou konplè epi yo ka, dapre Prensip Debaz Nasyonzini sou Dwa pou yon Remèd ak Reparasyon, pran fòm restitasyon, konpansasyon, reyabilitasyon, satisfaksyon, ak/oswa garanti sa pa p refèt ankò.<sup>59</sup> Restitasyon vle di retabli yon viktim nan sitiyasyon orijinal yo oswa kondisyon anvan yo te vyole dwa moun yo<sup>60</sup>; retabli dwa kle yo oswa remèt pwopriyete ak rezidans ka tonbe anba restitasyon.<sup>61</sup> Konpansasyon pou domaj se jeneralman monetè epi yo dwe apwopriye ak pwopòsyonèl nan limit domaj la ak vyolasyon an.<sup>62</sup> Reyabilitasyon jeneralman vle di pwosesis ak sèvis pou pèmèt moun rekonstwi lavi yo apre yo fin fè eksperyans domaj<sup>63</sup>; founi sèvis medikal, sikolojik, jiridik, ak sosyal tout enplike reyabilitasyon.<sup>64</sup> Satisfaksyon ak garanti pou pa gen repetisyon pi laj. Viktim yon vyolasyon dwa moun ka santi l satisfè si gen divilgasyon piblik sou verite a, yon eskiz piblik, desizyon jidisyè oswa deklarasyon ki sanksyone agresè yo oswa retabli repitasyon viktim nan, oswa mezi efikas pou sispann vyolasyon yo.<sup>65</sup> Garanti sa p ap janm fèt ankò konsantre sou asire yo konsantre sou asire menm domaj oswa vyolasyon an pa repete alavni, ki souvan enplike fè chanjman estriktirèl - pa egzanp, refòme lwa oswa enstitisyon yo.<sup>66</sup> Byenke, tradisyonèlman yo konsidere reparasyon yo kòm gade dèyè-konsantre sou *repare* oswa *retabli* moun ki domaje nan sitiyasyon an anvan aksyon danjere yo-anpil prezante agiman reparasyon yo ta dwe gade pou pi devan tou epi vize transfòme kondisyon ki pèmèt oswa mennen nan domaj y ap pale de li a.

**Rezistans klimatik:** Nan mete sou pye politik klimatik, yo defini rezistans klimatik kòm “kapasite pou prepare, reponn epi rekipere kont” evènman klimatik danjere “pandan y ap lakoz mwens domaj posib sou byennèt sosyete a, ekonomi an ak anviwònman an.”<sup>67</sup>

**Sekirite alimantè:** Sekirite alimantè vle di “moun ki gen aksè fizik ak ekonomik ak ase manje nourisan, san danje ki satisfè bezwen alimantè ak preferans manje pou gen yon lavi aktif epi ki an sante.”<sup>68</sup>

**SIDS** (Eta Ti Zile Ki an Devlopman (Small Island Developing States): SIDS refere ak 39 Eta ak 18 Manm Asosye nan Komisyon Rejyonal Nasyonzini yo, ki chita nan Karayib, Pasifik ansanm ak Atlantik, Oseyan Endyen, ak Rejyon lanmè Sid Lachin.<sup>69</sup> Popilasyon konbine SIDS la mwens pase 1 pou san nan popilasyon mondyal la. Nan Konferans Nasyonzini 1992 sou Anviwònman ak Devlopman, nan Rio de Janeiro, yo te rekonèt SIDS kòm yon ka espesyal akòz vilnerabilite sosyal, ekonomik ak anviwònman yo fè fas inikman akòz faktè ki gen ladan jewografi elwaye yo. Vilnerabilite jeyografik yo nan dezòd klimatik “miltipliye ak kapasite enstitisyonèl limite, resous finansye ra ak yon gwo degre vilnerabilite nan chòk sistemik.”<sup>70</sup>

**Souverènte alimantè:** Souverènte alimantè ranmase dwa pou “gen yon alimantasyon ki sen epi adekwa dapre kilti w, yo pwodui dapre metòd ekolojik ki sen epi dirab” epi, sitou, dwa moun ki pwodui, distribye epi konsome manje pou “defini pwòp manje yo ak sistèm agrikòl yo.”<sup>71</sup> Souverènte alimantè mete aksan sou valè founisè manje yo, lokalize sistèm manje ak kontwòl sou yo, bati konesans ak ladrès ant jenerasyon, epi travay ak lanati.<sup>72</sup> Mouvmman pou souverènte alimantè reziste kont dominasyon antrepriz sistèm manje mondyal yo.<sup>73</sup>



**Vilnerablite klimatik:** Vilnerabilite klimatik evalye ki kominote k ap fè fas ak pi gwo ris ki soti nan enpak dezòd klimatik. Dapre Panèl Entègouvènmanal sou Chanjman Klimatik (Intergovernmental Panel on Climate Change – nou te defini l anwo a), vilnerabilite klimatik se “degre kote yon sistèm vilnerab, oswa pa kapab fè fas ak efè negatif nan chanjman klimatik, ki gen ladan varyasyon klimatik ak klima ekstrèm.”<sup>74</sup>

**Zòn Sakrifis Rasyal:** Zòn sakrifis rasyal yo se rejyon yo te vin fè danjere oswa menm kote moun pa ka rete akòz degradasyon anviwònman an ak enpak klima. Rejyon sa yo sitou nan Sid Mondyal la epi “gen ladan peyi zansèt pèp endijèn yo, teritwa ti eta zile k ap devlope yo, katye ki poutèt rezon rasyal yo separe nan Nò mondyal la ak teritwa okipe ki fè fas a sechrès ak devastasyon anviwònman an.”<sup>75</sup>

# Sitasyon

---

- 1 *Introduction–Adaptation and Resilience*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/topics/adaptation-and-resilience/the-big-picture/what-do-adaptation-to-climate-change-and-climate-resilience-mean> (dènye vizit 20 sept. 2024).
- 2 *Id.*
- 3 See e.g., *Principles for Locally Led Adaptation*, WORLD RES. INS., <https://www.wri.org/initiatives/locally-led-adaptation/principles-locally-led-adaptation> (dènye vizit 20 sept. 2024).
- 4 *What is agroecology?*, SOIL ASS'N, <https://www.soilassociation.org/causes-campaigns/a-ten-year-transition-to-agroecology/what-is-agroecology/> (dènye vizit 7 okt. 2024); European Coordination Via Campesina, *Peasant Agroecology According to ECVC*, 2, [https://www.eurovia.org/wp-content/uploads/2022/04/Agroecology\\_EN.pdf](https://www.eurovia.org/wp-content/uploads/2022/04/Agroecology_EN.pdf) (dènye vizit fwa 7 Okt. 2024).
- 5 Olivier de Schutter (Rapòtè Espesyal sou Dwa Manje), *Commentary VI Agroecology: A Solution to the Crises of Food Systems and Climate Change*, in TRADE & ENV'T REV 2013, at 35, UN Doc. UNCTAD/DITC/TED/2012/3 (18 sept. 2013), [https://unctad.org/system/files/official-document/ditcted2012d3\\_en.pdf](https://unctad.org/system/files/official-document/ditcted2012d3_en.pdf).
- 6 *Declaration at the II International Symposium on Agroecology*, LA VIA CAMPESINA (18 avr. 2018), <https://viacampesina.org/en/declaration-at-the-ii-international-symposium-on-agroecology/>.
- 7 *Agroecology Knowledge Hub*, FOOD & AGRIC. ORG. OF THE UN, <https://www.fao.org/agroecology/overview/en/> (dènye vizit 7 Okt. 2024).
- 8 *Agroecology–A Contribution to Food Security?*, UN ENV'T PROGRAM (15 okt. 2020), <https://www.unep.org/news-and-stories/story/agroecology-contribution-food-security>.
- 9 *The Paris Agreement*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/process-and-meetings/the-paris-agreement> (last visited Sept. 24, 2024).
- 10 Paris Agreement to the United Nations Framework Convention on Climate Change, Art. 2 ¶ 1(a), Dec. 12, 2015, TIAS No. 16–1104.
- 11 Kathryn Tso, *How are countries held accountable under the Paris Agreement*, CLIMATE PORTAL (Mar. 8, 2021), <https://climate.mit.edu/ask-mit/how-are-countries-held-accountable-under-paris-agreement>.
- 12 *Who We Are*, WORLD BANK GROUP, <https://www.worldbank.org/en/who-we-are#:~:text=Our%20mission%20is%20to%20end,threatened%20by%20multiple%2C%20intertwined%20crises> (last visited Sept. 25, 2024).
- 13 *What are the main criticisms of the World Bank and the IMF*, BRETTON WOODS PROJECT (June 04, 2019), <https://www.brettonwoodsproject.org/2019/06/what-are-the-main-criticisms-of-the-world-bank-and-the-imf/>.
- 14 *Id.*
- 15 Fiona Harvey, *What is Cop26 and why does it matter? The complete guide*, THE GUARDIAN (11 okt. 2021), <https://www.theguardian.com/environment/2021/oct/11/what-is-cop26-and-why-does-it-matter-the-complete-guide>.
- 16 *Bodies–Conference of the Parties (COP)*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/process/bodies/supreme-bodies/conference-of-the-parties-cop> (dènye vizit 21 sept. 2024).
- 17 *National Debt*, MERRIAM-WEBSTER, <https://www.merriam-webster.com/dictionary/national%20debt> (dènye vizit 24 2024).
- 18 PAULO FREIRE, *PEDAGOGY OF THE OPPRESSED* 71–87 (Myra Bergman Ramos trans., Continuum, 2000).
- 19 Gregory Hooks & Andrew Crookston, *Political Economy*, OXFORD BIBLIOGRAPHIES (26 out 2013), <https://www.oxford-bibliographies.com/display/document/obo-9780199756384/obo-9780199756384-0103.xml>; Britton-Purdy Jedediah, et al., *Building a law-and-political economy framework: Beyond the twentieth-century synthesis*, 129 YALE L.J. 6, 1784, 1792 (2020).
- 20 Britton-Purdy Jedediah, et al., *Building a law-and-political economy framework: Beyond the twentieth-century synthesis*, 129 YALE L.J. 6, 1784, 1792 (2020).
- 21 E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism), *Global Extractivism and racial equality*, ¶ 7, UN Doc. A/HRC/41/54 (14 me 2019).

- 22 *The World Bank Group and the International Monetary Fund (IMF)*, WORLD BANK GROUP, <https://www.worldbank.org/en/about/history/the-world-bank-group-and-the-imf> (last visited Sept. 23, 2024); *About the IMF, IMF*, <https://www.imf.org/en/About> (dènye vizit 23 sept. 2024).
- 23 *Criticisms of IMF*, ECONOMICS HELP, <https://www.economicshelp.org/blog/glossary/imf-criticism/#:~:text=Over%20time%2C%20the%20IMF%20has,with%20bad%20human%20rights%20records> (last visited Sept. 23, 2024); *What are the main criticisms of the World Bank and the IMF*, BRETTON WOODS PROJECT (4 jen 2019), <https://www.bretton-woodsproject.org/2019/06/what-are-the-main-criticisms-of-the-world-bank-and-the-imf/>.
- 24 E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism, racial discrimination, xenophobia and related intolerance), *Ecological crisis, climate justice and racial justice*, ¶ 4, UN Doc. A/77/549 (25 okt. 2022).
- 25 E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism, racial discrimination, xenophobia and related intolerance), *Ecological crisis, climate justice and racial justice*, ¶ 4, UN Doc. A/77/549 (25 okt. 2022).
- 26 NAOMI KLEIN, *THE SHOCK DOCTRINE: THE RISE OF DISASTER CAPITALISM* 6 (Metropolitan Books, 2007).
- 27 Carmen G. Gonzalez, *Racial capitalism, climate justice, and climate displacement*, 11 OÑATI SOCIO-LEGAL SERIES, 108, 117–19 (2021); Robin D. G. Kelley, *What Did Cedric Robinson Mean by Racial Capitalism?*, Bos. Rev. (12 jan. 2017), <https://bostonreview.net/race/robin-d-g-kelley-what-did-cedric-robinson-mean-racial-capitalism> [<https://perma.cc/J8EZ-VUS7>]; CEDRIC J ROBINSON, *BLACK MARXISM: THE MAKING OF THE BLACK RADICAL TRADITION* 2 (3rd ed., 1983).
- 28 Robin D. G. Kelley, *What Did Cedric Robinson Mean by Racial Capitalism?*, Bos. Rev. (12 jan. 2017), <https://bostonreview.net/race/robin-d-g-kelley-what-did-cedric-robinson-mean-racial-capitalism> [<https://perma.cc/J8EZ-VUS7>]; Simpson Center, *Robin D. G. Kelley: What is Racial Capitalism and Why Does It Matter?*, YOUTUBE (16 nov. 2017), [https://www.youtube.com/watch?v=REo\\_gHlpvJc](https://www.youtube.com/watch?v=REo_gHlpvJc).
- 29 Carmen G. Gonzalez, *Racial capitalism, climate justice, and climate displacement*, 11 OÑATI SOCIO-LEGAL SERIES, 108, 114 (2021).
- 30 *Nationally Determined Contributions–The Paris Agreement and NDCs*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/process-and-meetings/the-paris-agreement/nationally-determined-contributions-ndcs> (dènye vizit 24 sept. 2024).
- 31 *What is the United Nations Framework Convention on Climate Change*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/process-and-meetings/what-is-the-united-nations-framework-convention-on-climate-change> (last visited Sept 25, 2024).
- 32 UNFCCC, Art. 2, 9 me 1992, S. Treaty Doc. Nimewo 102–38, 1771 UNTS 107.
- 33 *What is the United Nations Framework Convention on Climate Change*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/process-and-meetings/what-is-the-united-nations-framework-convention-on-climate-change> (last visited Sept 25, 2024); UNFCCC, Art. 2, May 9, 1992, S. Treaty Doc. Nimewo 102–38, 1771 UNTS 107.
- 34 *What's the Difference Between Climate Change Mitigation and Adaptation?*, WORLD WILDLIFE FUND, <https://www.worldwildlife.org/stories/what-s-the-difference-between-climate-change-mitigation-and-adaptation> (dènye vizit 24 sept. 2024).
- 35 *Introduction to Mitigation*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/topics/introduction-to-mitigation> (dènye vizit 24 sept. 2024).
- 36 *Id.*
- 37 William Brown, *Neo-colonialism*, in *A CONCISE OXFORD DICTIONARY OF POLITICS AND INTERNATIONAL RELATIONS* (Garret W. Brown, Iain McLean & Alistair McMillan eds., 4th ed. 2018), <https://www.oxfordreference.com/search/search?-source=%2F10.1093%2Facref%2F9780199670840.001.0001%2F9780199670840&q=neo-colonialism>.
- 38 John Scott, *Neo-colonialism*, in *A DICTIONARY OF SOCIOLOGY* (4th ed. 2014) (Oxford Univ. Press, 2015), <https://www.oxfordreference.com/display/10.1093/acref/9780199683581.001.0001/acref-9780199683581-e-1534?rsk=rfMdcI&result=1>; Ian Buchanan, *Neo-colonialism*, in *A DICTIONARY OF CRITICAL THEORY* 326 (Oxford Univ. Press, 2018), <https://www.oxfordreference.com/display/10.1093/acref/9780199532919.001.0001/acref-9780199532919-e-472?rsk=zy7XX-o&result=1>.
- 39 Benjamin Hebblethwaite, *How Haiti Became an Aid State*, FOREIGN POLICY (24 fev 2024), <https://foreignpolicy.com/2024/02/24/aid-state-johnston-book-review-haiti-usaid-corruption/>.
- 40 *Neoliberalism*, DICTIONARY OF THE SOCIAL SCIENCES, (Craig Calhoun ed., Oxford Univ. Press 2002), <https://www.oxfordreference.com/display/10.1093/acref/9780195123715.001.0001/acref-9780195123715-e-1156?rsk=intWQb&result=1>.
- 41 *Id.*
- 42 *Id.*

- 43 *Id.*; Jonathan D. Ostry, Prakash Loungani, & Davide Furceri, *Neoliberalism: Oversold?* 53 *FIN. & DEV.* 2, at 38, 39 (2016); Daniel DiSalvo, *Neoliberalism*, *THE OXFORD ENCYCLOPEDIA OF AMERICAN POLITICAL AND LEGAL HISTORY* (Donald T. Critchlow & Philip R. VanderMeer eds., 2012), <https://www.oxfordreference.com/display/10.1093/acref/9780199754618.001.0001/acref-9780199754618-e-0369?rskey=KURa4N&result=1>.
- 44 Robert Kuttner, *Neoliberalism: Political Success, Economic Failure*, *AM. PROSPECT* (June 25, 2019), <https://prospect.org/economy/neoliberalism-political-success-economic-failure/>; Samuel Amer, *Neoliberalism: An LPE Reading List and Introduction*, *LPE PROJECT* (Aug 10, 2020), <https://lpeproject.org/primers/neoliberalism-an-lpe-reading-list-and-introduction/>.
- 45 Lara Braff ak Katie Nelson, *The Global North: Introducing the Region*, in *GENDERED LIVES* (Nadine T. Fernandez et al. eds., 2022).
- 46 *Id.*
- 47 *Id.*
- 48 Marc Silver, *If You Shouldn't Call It The Third World, What Should You Call It?*, *NPR* (Jan. 04, 2015), <https://www.npr.org/sections/goatsandsoda/2015/01/04/372684438/if-you-shouldnt-call-it-the-third-world-what-should-you-call-it>; Stewart Patrick and Alexandria Huggins, *The Term "Global South" Is Surging. It Should Be Retired*, *CARNEGIE ENDOWMENT FOR INT'L PEACE* (15 out 2023), <https://carnegieendowment.org/posts/2023/08/the-term-global-south-is-surging-it-should-be-retired?lang=en>.
- 49 Ant 1990 ak 2015, Nò Mondyal te vide plis pase \$ 242 trilyon (Dola Ameriken konstan 2010) nan resous ki soti nan Sid Mondyal. An 2015 sèlman, transfè eksplwatasyon richès sa a te gen ladan 12 milya tòn matyè premyè ekivalan, 822 milyon ekta tè, 21 egzajoul enèji, ak 188 milyon ane travay, ki vo \$ 10.8 milya nan pri Nò Mondyal a-ase pou mete fen nan lamizè ekstrèm 70 fwa. Gade Jason Hickel et al., *Imperialist appropriation in the world economy: Drain from the global South through unequal exchange, 1990–2015*, 73 *GLOB. ENVTL. CHANGE* 1–2 (2022).
- 50 *The Intergovernmental Panel on Climate Change*, <https://www.ipcc.ch/> (last visited Sept. 23, 2024).
- 51 *Id.*
- 52 UN HUMAN RIGHTS COUNCIL, Declaration on the Rights of Peasants and Other People Working in Rural Areas, UN Doc. A/HRC/WG.15/1/2, Art. 1 (20 jèn 2013), [https://www.ohchr.org/sites/default/files/Documents/HRBodies/HRCouncil/WG-Pleasants/A-HRC-WG-15-1-2\\_En.pdf](https://www.ohchr.org/sites/default/files/Documents/HRBodies/HRCouncil/WG-Pleasants/A-HRC-WG-15-1-2_En.pdf).
- 53 *Id.*
- 54 Preeti Bhandari et al., *What Is 'Loss and Damage' from Climate Change? 8 Key Questions, Answered*, *WORLD RES. INS.* (26 feb, 2024), <https://www.wri.org/insights/loss-damage-climate-change>; *Introduction–Loss and Damage*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/topics/adaptation-and-resilience/the-big-picture/what-do-adaptation-to-climate-change-and-climate-resilience-mean> (dènye vizit 24 sept. 2023).
- 55 *Introduction–Loss and Damage*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/topics/adaptation-and-resilience/the-big-picture/what-do-adaptation-to-climate-change-and-climate-resilience-mean> (dènye vizit 24 sept. 2023).
- 56 *UN Climate Press Release: COP27 Reaches Breakthrough Agreement on New "Loss and Damage" Fund for Vulnerable Countries*, UN CLIMATE CHANGE, <https://unfccc.int/news/cop27-reaches-breakthrough-agreement-on-new-loss-and-damage-fund-for-vulnerable-countries> (dènye vizit 29 okt. 2024)
- 57 JEAN CASIMIR, *THE HAITIANS: A DECOLONIAL HISTORY* 102, 120, 126, 398 (Laurent Dubois trans., Univ. of North Carolina Press, 2020); Franklin Midy, *The peasants: "everything is moun"*, *RELATIONS* (Feb. 2, 2011), <https://cjf.qc.ca/revue-relations/publication/article/les-paysans-tout-moun-se-moun/>.
- 58 E. Tendayi Achime (Special Rapporteur on contemporary forms of racism), ¶ 8, UN Doc. A/74/321 (25 okt. 2022).
- 59 UNGA Res. 60/147, ¶ 18, UN Doc. A/RES/60/147 (Mar. 21, 2006).
- 60 *Id.*
- 61 *Id.*
- 62 *Id.*
- 63 Clara Sandoval Villalba, *Rehabilitation as a Form of Reparation Under International Law*, *REDRESS* 4 (2009), <https://www.refworld.org/pd/4c46c5972.pdf>.
- 64 *Id.* 18.
- 65 UNGA Res. 60/147, ¶ 22, UN Doc. A/RES/60/147 (21 mas 2006).

- 66 Clara Sandoval Villalba, *Rehabilitation as a Form of Reparation Under International Law*, REDRESS 26 (2009), <https://www.refworld.org/pdfid/4c46c5972.pdf>.
- Importantly, the *Durban Declaration and Programme of Action* (2001)—a product of transnational racial justice movement organizing—further energized the movement for reparations for transatlantic slavery, colonialism, and racism, and it centers reparations within the international human rights framework: E. Tendayi Achiume (Special Rapporteur on contemporary forms of racism.), ¶ 27, UN Doc. A/76/434 (2021).
- 67 Sara Mehryar, *What is the difference between climate change adaptation and resilience?*, LSE GANTHAM RES. INST. ON CLIMATE CHANGE & ENV'T (12 sept. 2022), <https://www.lse.ac.uk/granthaminstitute/explainers/what-is-the-difference-between-climate-change-adaptation-and-resilience/#:~:text=At%20its%20most%20basic%2C%20adaptation,a%20time-ly%20and%20efficient%20manner>.
- 68 *What is Food Security?* WORLD BANK GROUP, <https://www.worldbank.org/en/topic/agriculture/brief/food-security-update/what-is-food-security> (dènye vizit 22 sept 2024).
- 69 *About Small Island Developing States*, UN OFFICE OF THE HIGH REPRESENTATIVE FOR THE LEAST DEVELOPED COUNTRIES, LANDLOCKED DEVELOPING COUNTRIES AND SMALL ISLAND DEVELOPING STATES, <https://www.un.org/ohrls/content/about-small-island-developing-states> (dènye vizit 25 sept. 2024).
- 70 *Id.*
- 71 *What is Food Sovereignty?*, LA VIA CAMPESINA, <https://viacampesina.org/en/what-is-food-sovereignty/> (dènye vizit 22 sept. 2024).
- 72 *Food Sovereignty*, US FOOD SOVEREIGNTY ALLIANCE, <https://usfoodsovereigntyalliance.org/what-is-food-sovereignty/> (dènye vizit 22 sept. 2024).
- 73 DECLARATION OF NYÉLÉNI, Nyéléni Village, Sélingué, Mali (27 fev. 2007), <https://nyeleni.org/IMG/pdf/DeclNyeleni-en.pdf>.
- 74 Paul Kay, *Climate Vulnerability*, in *Encyclopedia of World Climatology* 266-270 (John E. Oliver ed., 2005).
- 75 Simpson Center, Robin D. G. Kelley: *What is Racial Capitalism and Why Does It Matter?*, YouTube (16 nov, 2017), [https://www.youtube.com/watch?v=REo\\_gHlpvJc](https://www.youtube.com/watch?v=REo_gHlpvJc).





**Global Justice Clinic (Klinik Jistis Mondyal)**

New York University School of Law

245 Sullivan Street, 5th Floor, New York, NY 10012

---



**UCLA** School of Law  
**The Promise Institute  
for Human Rights**